# Ийманан арканаш

**Гочдархо:**

**Адама Султана Олхазар**

Пайхамаран шахьар – Мединат

1424 хI – 2003 м шш.

# Чулацам


Дешхьалхе…………………………………………………………………….. 5

Ийманан арканаш…………………………………………………………... 7

**Хьалхара рукн: Сийлахь Лекхачу АллахIах тешар…………………………….. 10**

АллахIах тешар кхочушхилар…………………………………………….. 11

Дела цхьаъ вар кхочуш дар……………………………………………….. 17

Делаца накъост вар кхаа тайпана ду……………………………………… 18

Iибадатан маьIна…………………………………………………………… 19

Вай Делан лайш хилар кхочуш хиларан ши беххкам…………………….. 20

Дела цхьаъ хиларан баххаш а, тешаллаш а……………………………….. 20

**ШолгIа рукн: Малийкех тешар………………………………………………… 23**

Малийкех тешар довзийтар……………………………………………….. 24

Малийкех тешаран хьукм………………………………………………….. 24

Малийкех тешаран дакъош а, уьш довзийтар а………………………….. 25

Малийкаш стенах кхоьллина ду хаар……………………………………... 26

Малийкийн дуккхалла……………………………………………………… 26

Малийкин цIерш…………………………………………………………… 27

Малийкин сифаташ………………………………………………………… 27

Малийкин Iамалш………………………………………………………….. 28

Адамаша лар дан дезаш долу малийкин хьакъ……………………………. 29

Малийкех тешарх хуьлуш болу пайда…………………………………….. 29

**КхоалгIа рукн: Жайнех тешар…………………………………………………. 31**

Жайнех тешар бохучун маьIна…………………………………………….. 32

Жайнех тешаран хьукма…………………………………………………… 33

Нахана жайнаш оьшуш хилар, уьш диссоран пайда……………………… 33

Муха хила деза жайнех тешар?..................................................................... 34

Къуръан шел хьалха хиллачу жайнех къастаран башхаллаш…………… 34

Къуръанал хьалха хилла жайнин хабарш къобул дар…………………… 35

Къуръан чохь а, Суннатехь а хьахийна долу стиглара диссийна жайнаш……… 36

**ДоьалгIа рукн: Элчанех тешар………………………………………………… 39**

Элчанех тешар довзийтар…………………………………………………. 40

Пайхамараллин маьIна а, цуьнан дух а……………………………………. 41

Пайхамарш бахкийтаран пайда а, бахьана а……………………………... 41

Элчанийн белхаш…………………………………………………………... 42

Ислам – массо пайхамарийн дин ду………………………………………. 43

Элчанаш а, пайхамарш а адамаш хилар, царна къайлах дерг хууш ца хилар…….. 44
Пайхамарш гал бовлуш ца хилар………………………………………………………. 44
Пайхамарийн а, элчанийн а дукхалла, царах уггар безнаш……………………... 45
Пайхамарийн билгалонаш а, Іаламаташ а……………………………………….... 47
Вайн Пайхамаран Мухьаммадан пайхамараллех тешар………………………… 48
**ПхоьалгІа рукн: ТІаьххьарчу (Къемат) дийнах тешар………………………** 54
Къемат дийнах тешар довзийтар……………………………………………….. 55
Къемат дийнан цІерш……………………………………………………………… 56
Къемат дийнах тешаран сифат……………………………………………………. 58
Каш чохь адамаш зуьйр хилар…………………………………………………….. 58
Каш чохь Іазап хилар а, ниІмат хилар а……………………………………………... 58
«Сур» чу мох тохар………………………………………………………………… 59
Адамаш дендина хьалагІовттор…………………………………………………… 59
Адамаш гул дар а, хьесап дар а, бекхам бар а……………………………………. 61
«Хьавд»…………………………………………………………………………….... 62
ШафаІат дар………………………………………………………………………… 62
Терза……………………………………………………………………………….... 64
«АссиротІ» - ТІай…………………………………………………………………... 65
«КъантІарахІ»……………………………………………………………………… 67
Ялсамане…………………………………………………………………………… 67
Жоьжахате………………………………………………………………………….... 68
Къемат дийнах тешаран пайданаш……………………………………………….... 68
**ЯлхолгІа рукн:  Къадрах тешар……………………………………………………** 69
Къадр довзийтар а, цунах тешар маьІне хилар а…………………………………. 70
Къадран даржаш……………………………………………………………………. 70
Къадран дакъош……………………………………………………………………. 71
Асхьабийн а, табиІунийн а, хьалха хиллачу Іеламнехан а къадрах тешар………... 72
Делан лайша (адамаша) еш йолу Іамалш…………………………………………. 73
Дала хІума кхоллар а, адамо Іамал яр а цхьаьнадар……………………………... 74
Къадран хьокъехь адамашна тІехь долу важиб………………………………. 74
Къадрана реза хилар………………………………………………………………... 75
Адамаш нисдар шина декъе декъадалар…………………………………………... 75
Делан лаам шина декъе бекъабалар………………………………………………. 76
Къадр духатухуш долу бахьанаш   ……………………………………………….. 77
Къадр Делан къайле ю, адамашна евзаш а яц……………………………………… 77

Къадрах бехказло а, бахьана а дар…………………………………………………… 77
Бахьанаш лело дезар……………………………………………………………….. 78
Къадр духатоьхначун хьукма…………………………………………………………… 79
Къадрах тешаран пайданаш а, кхачонаш а………………………………………….. 79

# Дешхьалхе

АллахIана хастам бу, Iаламийн Эла волчу. Салават а, салам а хуьлда шел тIаьхьа кхин пайхамар воцчу, вайн пахамарна IабдуллахIа воIана Мухьаммадна.

Цул тIаьхьа: баккъалла а, бусалба динан Iилманаш даржор доккха маьIна долуш ду бусалба дин довзайтарехь а, цуьнан баххаш чIагIдарехь а, вайн уммат дендаларехь а, иза кхиарехь а.

И Iалашо ю Ислам Iаморан университето шена хьалха хIоттийнарг, бусалба дине нах кхайкхарца а, иза хьехарца а.

И Iалашо кхочуш ярехь дакъа лоцуш, университетехь йолчу Iилман талламан администрацин ойла хилира Iилманан белхаш бан. Оцу белхашна юкъа богIу – Исламах а, цуьнан дикаллех а, хазаллех а лаьцна Iилманан талламан белхаш бар, уьш даржор, нийсачу хаамашкара вайн умматана довзуьйтуш, бусалба дин а, цуьнан кхетамаш а, хьукманаш а.

Ткъа хIара жайна - (**Ийманан арканаш**) – администрацин белхех цхьа болх бу. Университетера хьехархошка яздайтира хIара жайна, тIаккха администрацехь йолчу Iилманан талламан комиссига таллайтира, тIаккха тIетоха дезарг тIе а тоьхна, аьтто болчу куьцахь арахийцира.

ХIокху тайпана белхаш дарехь администрацин Iалашо бусалба нах шайна пайдехь долчу Iилманна тIекхиабар ю, цундела, дуьненахь лелаш долчу меттанашка гочдина хIара жайнаш, цул тIаьхьа зорба тоьхна арахецна, иштта, дуьненаюкъара хаамийн зIена (Интернет) чохь йолчу сайта тIе а дехкина.

АллахIе доьху хIара болх пайдане бар, биссина болу белхаш арахеца тавфикъ далар, вайна массарна Шена дезаш долу, Ша реза волу гIуллакх дарехь тавфикъ далар, вай массо нийсонна тIекхойкхуш болчарах а, нийсонна гIодеш болчарах а дар.

Делера салават а, салам а хуьлда Цуьнан лай а, Элча а волчу вайн Пайхамарна Мухьаммадна, цуьнан охIлунна, цуьнан асхьабашна, массарна.

Iилманан талламан куьйгалхо:

Профессор Мухьаммад ХалифахI Аттамими.

بسم الله الرحمن الرحيم

# Къинхетаме а, Къинхетам беш а волчу АллахIан цIарца!

# Ийманан арканаш.

Ийманан арканаш хIорш ду: АллахIах тешар, Цуьнан малийкех тешар, Цуьнан жайнех тешар, Цуьнан элчанех тешар, Къемат дийнах тешар, Къадрах (Кхелах) тешар – вон делахь а, дика делахь а – и дерриг Делера хиларх. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿وَلَٰكِنَّ ٱلۡبِرَّ مَنۡ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ وَٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ وَٱلۡكِتَٰبِ وَٱلنَّبِيِّـۧنَ﴾ [سورة البقرة: الآية ١٧٧].

➤ Муххале а, дикалла (суьпалла) ю – АллахIах а, къемат дийнах а, малийкех а, жайнех а, элчанех а тешар➤ [Сурат «Албакъарат» 177 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу АллахIа:

﴿ءَامَنَ ٱلرَّسُولُ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡهِ مِن رَّبِّهِۦ وَٱلۡمُؤۡمِنُونَۚ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ لَا نُفَرِّقُ بَيۡنَ أَحَدٖ مِّن رُّسُلِهِۦۚ ...﴾ [سورة البقرة: الآية ٢٨٥].

➤Элча тешна шена шен Делера доссийначух, иштта Ийман диллинарш а, массо а уьш тешна АллахIах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а; (цара олу) оха къестам ца бо Цуьнан цхьа а элчанашна юккъахь, (кхин а) аьлла цара: тхуна хаза а хезна, тхо муьтIахь а (ду) хилла; хIай тхан Дела, Хьан гечдар доьху оха, дерзар Хьоьга а ду тхан➤ [Сурат «Албакъарат» 285 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу АллахIа:

﴿إِنَّا كُلَّ شَيۡءٍ خَلَقۡنَٰهُ بِقَدَرٖ ٤٩﴾ [سورة القمر: الآية ٤٩].

➤Баккъалла а, Оха массо хIума кхоьллина шен кхелаца (къадраца)➤ [Сурат «Алкъамар» 49 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"الإيمان أن تؤمن بالله، وملائكته، وكتبه، ورسله، واليوم الآخر، وتؤمن بالقدر خيره وشره". [ رواه مسلم ].

«Ийман бохург – иза хьо тешар ду АллахIах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а, къемат дийнах а, иштта хьо къадрах (кхелах) тешар а – дика делахь а, вон делахь а». [Муслим][1]

Ийман – иза маттаца олу дош ду, дагца тешар а ду, дегIан меженашца Iамал яр а ду; Далла муьтIахь хиларца сов а долу и, Цунна Iеса хиларца гIел луш, лах а ло. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿إِنَّمَا ٱلۡمُؤۡمِنُونَ ٱلَّذِينَ إِذَا ذُكِرَ ٱللَّهُ وَجِلَتۡ قُلُوبُهُمۡ وَإِذَا تُلِيَتۡ عَلَيۡهِمۡ ءَايَٰتُهُۥ زَادَتۡهُمۡ إِيمَٰنٗا وَعَلَىٰ رَبِّهِمۡ يَتَوَكَّلُونَ ٢ ٱلَّذِينَ يُقِيمُونَ ٱلصَّلَوٰةَ وَمِمَّا رَزَقۡنَٰهُمۡ يُنفِقُونَ ٣ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُؤۡمِنُونَ حَقّٗاۚ لَّهُمۡ دَرَجَٰتٌ عِندَ رَبِّهِمۡ وَمَغۡفِرَةٞ وَرِزۡقٞ كَرِيمٞ ٤﴾ [سورة الأنفال: الآية ٢-٤].

➤Бакъдолуш Делах тешаш берш (бакъ болу муъминунаш) АллахI хьахийча шайн дегнаш кхералуш берш бу, шайна Цуьнан аяташ дешча Ийман (тешар) сов долу церан, шайн болх Далла тIе а буьллу цара. Цара ламазаш а до, Оха шайна деллачу рицкъанах сагIа а ло. Уьш

[1] Хьадис чекхдаьлчи ялош йолу цIе и хьадис дийцина волчун цIе ю, вуьшта аьлча, и хьадис цуьнан жайни чохь ду бохург ду иза. (Гочдархо)

бу уьш, боккъул Делах тешаш берш. Царна даржаш ду церан Делехь, гечдар а, тоьлларг рицкъ а ду➢ [Сурат «Алъанфал» 2-4 аяташ].

Кхин а аьлла Лекхачу АллахIа:

﴿ وَمَن يَكۡفُرۡ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ فَقَدۡ ضَلَّ ضَلَٰلَۢا بَعِيدًا ﴾ [سورة النساء: الآية ١٣٦].

⮜Ткъа цатешнарг АллахIах, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элча нех а, къемат дийнах а, (иза) тилла гена даьллачу тиларца➢ [Сурат «Аннисаъ» 136 аят].

Ийман – Делах тешар – маттаца а хуьлу, зикр дар а, доIа дар а, диканиг де алар а, вониг ма де алар а, Къуръан дешар а, иштта кхидерш а санна. Ийман дагца а хуьлу, Дела Шен элаллехь а, Дела хиларехь а, Шен цIерашкахь а, сифаташкахь а цхьаъ ву аьлла тешна хилар санна, Цунна Iибадат дарехь Цуьнца накъост а ца веш Цунна Iибадат дан дезаш хиларх тешна хилар санна, Iибадат дечу хенахь адамо деш долу ниййат санна.

Иштта, Ийман бохучунна юкъа йогIу деган Iамал: АллахI везар, Цунах кхерар, дохко ваьлла Цуьнга верзар, Цунна тIе болх биллар, иштта кхин йолу деган Iамал а.

Кхин а Иманна юкъа йогIу дегIан меженийн Iамалш: ламаз дар, марха кхабар, закат далар, хьадж дар, Делан доьхьа гIазот дар, Делан доьхьа Iилма Iамор, иштта кхин йолу Iамалш а. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿ وَإِذَا تُلِيَتۡ عَلَيۡهِمۡ ءَايَٰتُهُۥ زَادَتۡهُمۡ إِيمَٰنٗا ﴾ [سورة الأنفال: الآية ٢]. ⮜Шайна Цуьнан аяташ дешча Ийман (Делах тешар) сов долу церан➢ [Сурат «Алъанфал» 2 аят]

Кхин а аьлла Лекхачу АллахIа:

﴿ هُوَ ٱلَّذِيٓ أَنزَلَ ٱلسَّكِينَةَ فِي قُلُوبِ ٱلۡمُؤۡمِنِينَ لِيَزۡدَادُوٓاْ إِيمَٰنٗا مَّعَ إِيمَٰنِهِمۡۗ ﴾ [سورة الفتح: الآية ٤].

⮜Иза (АллахI) ву синпаргIато йоссийнарг (Шех) тешаш болчеран дегнаш чу, шайн долуш долчу Иманна тIе уьш Иманаца сов бовлийта➢ [Сурат «Альфатхь» 4 аят].

Оцу аяташа вайна хоуьйту, дика Iамал ярца Ийман совдолуш хилар, дика Iамал яр дитарца иза лахлуш хилар а, къинош летийча Ийманна царах Iаткъам хуьлуш хилар а. Нагахь санна и къа доккха куфр, йа доккха ширк хилахь цо Ийман дохадой дIадоккху, ткъа нагахь санна и къа и шиъ санна ца хилахь Иманан кхачамалла жим йо цо, цуьнан серлалла яржайо, иза гIел а до. Лекхачу АллахIа аьлла Сийлахьчу Къуръан чохь:

﴿ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَغۡفِرُ أَن يُشۡرَكَ بِهِۦ وَيَغۡفِرُ مَا دُونَ ذَٰلِكَ لِمَن يَشَآءُۚ ﴾ [سورة النساء: الآية ٤٨].

⮜Баккъалла а, АллахIа геч ца до Шеца накъост варна, (амма) Цо геч до иза доцург Шена луучунна➢ [Сурат «Аннисаъ» 48 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу АллахIа:

﴿ يَحۡلِفُونَ بِٱللَّهِ مَا قَالُواْ وَلَقَدۡ قَالُواْ كَلِمَةَ ٱلۡكُفۡرِ وَكَفَرُواْ بَعۡدَ إِسۡلَٰمِهِمۡ ﴾ [سورة التوبة: الآية ٧٤].

⮜Цара АллахIаца дуйнаш буъу шаьш аьлла дац бохуш, куфраллин (Делах тешар дохош долу) дош аьлла ду цара, куфр ди цара шаьш бусалба хиллачул тIаьхьа➢ [Сурат «Аттавбат» 74 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"لا يزني الزاني حين يزني وهو مؤمن، ولا يسرق السارق حين يسرق وهو مؤمن، ولا يشرب الخمر حين يشربها وهو مؤمن". [ متفق عليه ].

«Зина дечо зина дийр дац ша Делах тешаш а волуш (шен Ийман дуьззина кхочуш а долуш), хIума лачкъочо иза лачкъор а яц ша Делах тешаш а волуш (шен Ийман дуьззина кхочуш а долуш), къаьркъа молчо иза а мер дац ша Делах тешаш а волуш (шен Ийман дуьззина кхочуш а долуш)[1]». [Бухари, Муслим].

●●●

[1] ХIокху хьадисо гойтуш дерг и къинош латош волу стаг бусалба волчара волу, йа Исламера а, миллатера а ара волу, йа иза керста хуьлу бохург дац. Оцу хьадисан маьIна и къинош латош волчуьнан Иййман – Делах тешар – кхочуш долчара долу, цуьнан Делах тешар лах луш гIел ло бохург ду. Нохчийчохь цхьацца кегийрхошна юккъехь лелаш харц кхетам бу хIокху хьадисах а, и санна долчу аятех а. Ткъа аяташ а, хьадисаш а шаьш ма кхеттара церан маьIнаш дан мегаш дац. Аятан а, хьадисан а маьIна дуьйцуш волчо цкъа доьххьара Iеламнаха оцу аятан, йа хьадисан муха маьIна дина хьажа веза, тIаккха цара ма дарра маьIна деш кхета веза цунах. (Гочдархо)

## Хьалхара рукн: Сийлахь Лекхачу АллахIах тешар

**1 – АллахIах тешар кхочушхилар**

**2 – Дела цхьаъ вар кхочуш дар**

**3 – Iибадатан маьIна**

**4 – Дела цхьаъ хиларан а, Иза цхьаъ ван везаран а баххаш а, тешаллаш а**

## 1 – АллахIах тешар кхочушхилар.

АллахIах тешар кхочуш хуьлу кху лахахь вай дуьйцур долчу хIумнашца:

1 – Вай тешна хила деза хIокху Iаламан цхьа Дела хиларх, Цо цхьамма хIара Iалам кхоьллина хиларх. ХIара Iалам Цуьнан долахь ду, Цо лелош а ду. ХIокху Iаламан массо гIуллакхаш – рицкъ далар а, ницкъ балар а, са кхоллар а, са дIаэцар а, дика хилийтар а, зенаш а, вонаш а хилийтар а – и массо хIума цхьана Делан керахь а ду, Цо лелош а ду. Шена луург дан а до Цо, Шена луъучу хьукманца кхел а йо Цо, Шена луург нуьцкъала а во Цо, Шена луург сийсаз вой гIел а во Цо. Цуьнан керахь ду стигланийн а, латтанийн а паччахьалла. Массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш а ву Иза. Массо хIума хууш а ву Иза. Шел совнаха долу хIума ца хилча а мегаш а ву Иза. Ша мел болу болх Цуьнан керахь бу, дерриг дика а Цуьнан керахь ду. Шен балхехь цхьа а накъост вац Цуьнца, Цуьнан кхелана дуьхьал толам болуш цхьа а вац. Муххале а, дерриг халкъ – малийкаш а, адамаш а, жинаш а – Цуьнан лайш ду, Цуьнан паччахьаллера а, Цуьнан ницкъана кIелхьара а, Цуьнан лаамера а арадовлуш а дац. Цуьнан гIуллакхийн а, Цуьнан белхан а цхьа а доза дац, йа дагар далур долуш а дац уьш.

И дерриге сифаташ цхьа АллахIана бен хила хьакъ доцуш ду. Цхьа а вац Цуьнца оцу сифаташкахь цхьаьна вогIуш. И сифаташ цхьа АллахI воцучунна дала мегар долуш дац, йа и хIумнаш АллахI воцучуьнга кхечуьнга дан ло ала мегар а дац. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿يَـٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ ٱعْبُدُوا۟ رَبَّكُمُ ٱلَّذِى خَلَقَكُمْ وَٱلَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ ۝ ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُمُ ٱلْأَرْضَ فِرَٰشًا وَٱلسَّمَآءَ بِنَآءً وَأَنزَلَ مِنَ ٱلسَّمَآءِ مَآءً فَأَخْرَجَ بِهِۦ مِنَ ٱلثَّمَرَٰتِ رِزْقًا لَّكُمْ﴾ [سورة البقرة: الآيتان ٢١، ٢٢].

⮜ХIай адамаш! Iибадат де шайн Далла, шу кхоьллина волчу, шул хьалхарниш а кхоьллина волчу, шу хила мега тIаккха (Делах) кхоьруш. (Аш Iибадат де АллахIана), дина волчунна латта куз санна (даржийна), стигал а гIишло (санна); стиглара хи а доссийначу, цуьнца стоьмаш а кхиийначу, шуна рицкъанна➤ [Сурат «Албакъарат» 21-22 аяташ].

Кхин а аьлла Лекхачу АллахIа:

﴿قُلِ ٱللَّهُمَّ مَـٰلِكَ ٱلْمُلْكِ تُؤْتِى ٱلْمُلْكَ مَن تَشَآءُ وَتَنزِعُ ٱلْمُلْكَ مِمَّن تَشَآءُ وَتُعِزُّ مَن تَشَآءُ وَتُذِلُّ مَن تَشَآءُ بِيَدِكَ ٱلْخَيْرُ إِنَّكَ عَلَىٰ كُلِّ شَىْءٍ قَدِيرٌ ۝﴾ [سورة آل عمران، الآية: ٢٦].

⮜Ахь ала: йа АллахI! (ХIай) паччахьаллин Паччахь, Ахь паччахьалла ло Хьайна луучунна, Ахь паччахьалла дIадоккху Хьайна луучуьнгара, Хьайна лууш верг нуьцкъала во Ахь, Хьайна лууш верг сийсаз вой гIел а во Ахь, Хьан керахь ду (дерриге) дика, баккъалла а массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш ву Хьо➤ [Сурат «Ал-Iимран» 26 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу АллахIа:

﴿وَمَا مِن دَآبَّةٍ فِى ٱلْأَرْضِ إِلَّا عَلَى ٱللَّهِ رِزْقُهَا وَيَعْلَمُ مُسْتَقَرَّهَا وَمُسْتَوْدَعَهَا ۚ كُلٌّ فِى كِتَـٰبٍ مُّبِينٍ﴾ [سورة هود، الآية: ٦].

⮜Лаьтта тIехь цхьа а дийна хIума дац шен рицкъа АллахIехь долуш бен, Цунна хаьа оцу дийначу хIуманан еха меттиг (иза стенгахь хуьлу) а, иза соцу меттиг а; и дерриг а билгалдолчу жайни чохь (Лавхьул Махьфуз чохь дIаяздина) ду➤ [Сурат «ХIуд» 6 аят].

Кхин а аьлла Лекха хин волчу АллахIа:

﴿ أَلَا لَهُ ٱلۡخَلۡقُ وَٱلۡأَمۡرُۗ تَبَارَكَ ٱللَّهُ رَبُّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ﴿٥٤﴾ ﴾ [سورة الأعراف، الآية: ٥٤].

➤Цуьнан (керахь) дац ткъа - кхоллар а, болх а; сийлахь-беркате хили АллахI, Iаламийн Эла➤ [Сурат «АлъаIраф» 54 аят].

2 – АллахIах тешар шайца кхочуш хуьлуш долчу хIумнех шолгIаниг ду: вай тешна хилар, АллахIан цIераш а, кхачамаллин сифаташ а хила тарлучех, угаре хазаниш ю аьлла. Оцу цIерех а, сифатех а цхьаерш Дала Шен лайшна йовзийтина Къуръан чохь а, пайхамарийн а, элчанийн а мохIур долчу Мухьаммадан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Суннатехь а.

ЦIена а, Лекха а волчу АллахIа аьлла Шен Сийлахьчу Къуръан чохь:

﴿ وَلِلَّهِ ٱلۡأَسۡمَآءُ ٱلۡحُسۡنَىٰ فَٱدۡعُوهُ بِهَاۖ وَذَرُواْ ٱلَّذِينَ يُلۡحِدُونَ فِيٓ أَسۡمَٰٓئِهِۦۚ سَيُجۡزَوۡنَ مَا كَانُواْ يَعۡمَلُونَ ﴿١٨٠﴾ ﴾ [سورة الأعراف، الآية: ١٨٠].

➤АллахIан хаза цIерш ю, ткъа аш кхайкха Цуьнга цаьрца, Цуьнан цIерш хуьйцуш берш Iадда а бита аш, царна бекхам хир бу цара деш хиллачунна➤ [Сурат «АлъаIраф» 180 аят].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"إن لله تسعة وتسعين اسماً، من أحصاها دخل الجنة، وهو وتر يحب الوتر". [متفق عليه].

«Баккъалла а, АллахIан йезткъе ткъаесна цIе ю, уьш Iамийнарг ялсамане гIур волуш, ткъа Иза (АллахI) цхьаъ ву, шалза хIума дезаш а ву» [Бухари, Муслим].

АллахIан хаза цIераш ю аьлла тешна хилар шина хIуманна тIедоьгIна ду:

1 – АллахIан хаза цIерш а, лекха сифаташ а хиларх тешар, Цуьнан кхачамалла гойтуш йолу, цхьане а кепара шайца эшам а боцуш йолу. Оцу цIерашкахь а, сифаташкахь а АллахIах тера хила йиш яц цхьа а Цуьнан халкъ (кхоллар). Цуьнан цIерашна а, сифаташна а юккъехь а, Цуьнан халкъан (кхолларийн) сифаташна юккъехь а вовшашца тера цхьа а хIума дац. Масала АллахIан цIерех цхьа цIе ю «Дийна верг» аьлла, цунах схьадаьлла сифат а ду «Дийна хилар». И шиъ ший а АллахIана хила хьакъ долчу кепара цIе а сифат а ю аьлла тешна хила везаш ву. Ткъа Иза дийна хиларан сифат даим кхачамаллин маьIна долуш сифат ду. Оцу сифат чохь гулбелла массо кепара болу кхачамаллаш – Iилма (хууш хилар) а, ницкъ а, иштта кхин дерш а. И сифат АллахIан даим хилла ду, и сифат доцуш АллахI цкъа а хилла а вац, йа и сифат Цуьнгара дIадер долуш а дац, пана хир долуш а дац. Цундела АллахI даим дийна хилла а ву, хир волуш а ву. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ ٱللَّهُ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡحَيُّ ٱلۡقَيُّومُۚ لَا تَأۡخُذُهُۥ سِنَةٞ وَلَا نَوۡمٞۚ ﴾ [سورة البقرة، الآية: ٢٥٥].

➤АллахI – Иза воцург кхин Дела вац, Дийна верг ву Иза, даим волуш а ву Иза, наб озор а ца хуьлу Цуьнан, наб кхета а ца кхета Цунна (набаран тар тосуш а вац Иза, вац йа хьашт долуш а набаран)➤ [Сурат «Албакъарат» 255 аят].

2 – Лекха волу АллахI массо эшаме долчу сифатех цIена хиларх тешар, наб яр санна долу, йа цахаар санна, йа зулам дар, йа гIорасиз хилар а санна долу. Иза цIена ву Цуьнан халкъ Цунах тера хиларх. Цундела вайна тIехь ду АллахIа а, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – юхатоьхна долу сифаташ духатохар, цаьршимма юхатоьхна йолчу эшаме сифаташна доьхьал йолу кхачамаллин сифаташ АллахIан хиларх тешар а.

Масала, вай набаран а, наб озоран а сифат духатоьхчи, вай тIечIагIдо АллахIан кхачамаллин сифат «Даим сема хилар» аьлла долу. Оцу кепара, хIора эшаме сифат

духатохарехь цунна доьхьал долу кхачаме сифат тIечIагIдар ду. ХIунда аьлча, цхьа АллахI бен воцу дела, массо агIор кхачамалла йолуш верг а, ерриг кхачамалла Шеца йолуш верг а. Ткъа кхин берш массо а шайца эшам болуш бу. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ لَيۡسَ كَمِثۡلِهِۦ شَيۡءٞۖ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلۡبَصِيرُ ﴾ [سورة الشورى، الآية: ١١].

➤Дац Цунах тера цхьа а хIума, Иза Хезаш а, Гуш а ву➤ [Сурат «Ашшура» 11 аят].

Кхин а аьлла Везачу АллахIа:

﴿ وَمَا رَبُّكَ بِظَلَّٰمٖ لِّلۡعَبِيدِ ٤٦ ﴾ [سورة فصلت، الآية: ٤٦].

➤Хьан Дела (Шен) лайшца зуламе вац➤ [Сурат «Фуссилат» 46 аят].

Кхин а аьлла Сийлахьчу Дала:

﴿ وَمَا كَانَ ٱللَّهُ لِيُعۡجِزَهُۥ مِن شَيۡءٖ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَلَا فِي ٱلۡأَرۡضِۚ ﴾ [سورة فاطر، الآية: ٤٤].

➤АллахI вацара (вац) стигланашкахь а, йа лаьтта тIехь а долчу цхьана а хIумано Шен гIора гIелдийр долуш➤[1] [Сурат «ФатIир» 44 аят].

Кхин а аьлла лекха хин волчу Дала:

﴿ ... وَمَا كَانَ رَبُّكَ نَسِيّٗا ٦٤ ﴾ [سورة مريم، الآية: ٦٤].

➤Хилла вац Хьан Дела вицвелла➤ [Сурат «Марйам» 64 аят].

АллахIан цIерех а, сифатех а, Цуьнан балхах а тешар – иза бу цхьаъ бен боцу АллахI вовзуьйту некъ а, Цунна Iибадат дар довзуьйту некъ а, хIунда аьлча, Дала Шен халкъана Ша хIокху дуьненахь гайтар дихкина, амма Цо царна хIара Iилманан неI йиллина, оцу чухула халкъана шаьш Iибадат деш волу шайн Эла вовзийта, цаьрга нийса Iибадат а дайта хIокху нийсачу цIеначу хаамашца.

Iибадат деш волчунна ша и Iибадат деш волчуьнан сифаташ доьвзаш хилча, шена мила ву хуучунна бен деш ца хуьлу шен Iибадат. Ткъа АллахIан цIерш хуьйцуш болчара доцуш долчу хIуманна Iибадат до, АллахI Шен халкъах (кхолларх) тарвеш болчара цIуна Iибадат до, хIунда аьлча цара шайн Дела Цуьнан халкъах (кхолларх) тар во дела. Амма бакъ волчу бусалба стага Цхьаъ волчу АллахIана до ша деш долу Iибадат, Ша массарна хьашт волчу АллахIана йо ша еш йолу Iамал а. Бусалба стага шен Iамал цхьа АллахIа доьхьа йо, цхьа а Ша вина а воцчу АллахIан доьхьа, Ша цхьамма а вина а воцчу АллахIа доьхьа, Шех тера цхьа а хилла а воцчу Дела доьхьа…

АллахIан хаза цIерш тIечIагIйарехь а, церан маьIнех кхетарехь а лардан дезаш ду вай лахахь далон долу хIумнаш:

1 – Къуръан чохь а, Суннатехь а хьахийна йолу массо АллахIан цIерех теша дезаш ду вай, царна хIумма а тIе а ца тухуш, йа тIера дIа а ца доккхуш. Лекха хин волчу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿ هُوَ ٱللَّهُ ٱلَّذِي لَآ إِلَٰهَ إِلَّا هُوَ ٱلۡمَلِكُ ٱلۡقُدُّوسُ ٱلسَّلَٰمُ ٱلۡمُؤۡمِنُ ٱلۡمُهَيۡمِنُ ٱلۡعَزِيزُ ٱلۡجَبَّارُ ٱلۡمُتَكَبِّرُۚ سُبۡحَٰنَ ٱللَّهِ عَمَّا يُشۡرِكُونَ ﴾ [سورة الحشر، الآية: ٢٣].

[1] АллахIан ницкъ кхочур боцуш хIумма а дац бохург ду оцу аятан маьIна.

⮘Иза АллахI ву, вац кхин Дела Иза воцург, Паччахь ву Иза, Сийлахь цIена ву Иза, берриге эшамех ЦIена верг ву Иза, Тешаме ву Иза, Шен лайшна тIехь теш ву Иза, Шеца хила хьакъ доцчу кхачамбацарех веза верг ву Иза, цIена ву АллахI цара (Цуьнца) накъост вархⲴ [Сурат «Алхьашр» 23 аят].

Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Суннатехь а деана ду хьадис:

أن النبي ﷺ سمع رجلا يقول: "اللهم إني أسألك بأن لك الحمد، لا إله إلا أنت، المنان، بديع السموات والأرض، يا ذا الجلال والإكرام، يا الحي يا القيوم". فقال النبي ﷺ : "تدرون بما دعا الله ؟ قالوا: الله ورسوله أعلم. قال: والذي نفسي بيده لقد دعا الله باسمه الأعظم الذي إذا دُعي به أجاب، وإذا سُئل به أعطى". [ رواه أبو داود وأحمد ].

«Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хезира цхьана стага олуш: “Йа АллахI! Ас Хьоьга доьху Хьуна хастам хиларца, Хьо воцург кхин Дела вац, Хьо ву Къинхетаме верг, стигланаш а, латтанаш а кхоьллина верг. ХIай Сийлахь верг, Комаьрша верг, хIай Даим Дийна верг, хIай Даим Волуш верг…” ТIаккха Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира: “Цо стенца дийхира хаьий шуна?” Асхьабаша элира: “Дела а, Цуьнан Элча а ву дика хууш верг ”. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тIаккха элира: “Сайн са Шен керахь долчуьнца (АллахIаца) дуй буу ас, АллахIан уггар йоккхачу цIарца деха а ма дийхира цо, цуьнца доIа динчунна (Дала) жоп лур долуш а, цуьнца дехначунна дехнарг (Дала) лур долуш а йолчу». [Абу Давуд, Ахьмад].

2 – АллахIа Шена Шен цIерш Ша техкина хиларх теша дезаш ду вай. Цуьнан халкъан бакъо яц Цунна цIе йала, йа Цо Ша Шен яьккхина йоцу цIе Цуьнан ю ала а. Иза ву Ша хастийнарг оцу Шен цIерашца, Сийлахь а Нуьцкъала а ву Иза.

3 – АллахIан хазчу цIерша вайна довзуьйтуш ду уггар йоккха кхачамалла йолуш долу маьIнаш а, оцу маьIнашкахь цхьана а тайпана кхачамбацар цахилар а. Цундела, оцу маьIнех теша дезаш ду вай, и маьIнаш схьадоьвлла йолчу цIерех тешаре терра.

4 – Оцу АллахIан хазчу цIерех довлуш долчу маьIнийн ларам бан безаш ду вай, уьш цхьана а агIор йа хийца а, йа галдаха а бакъо а яц вайн.

5 – АллахIан хIора цIарах долуш долчу хьукманах теша дезаш ду вай, оцу хьукманашца Iамал ян дезаш а ду вай.

ХIокху пхеа хIумнах дикка вай кхетийта цхьа масала далор ду вай, АллахIан “Хезаш верг” аьлла йолчу цIарца. Оцу цIарехь вай лар дан дезаш долу пхи хIума иштта хир ду:

- “Хезаш верг” аьлла йолу цIе АллахIан цIерех цхьа цIе ю аьлла тешар, иза Къуръан чохь а, Суннатехь а хьахийна йолу дела;

- И цIе Шена яккхинарг а, тиллинарг а АллахI ву аьлла тешар. Цо и цIе Шена яьккхина хиларх а, Сийлахьчу Къуръан чохь йоссийна хиларх а тешар;

- Оцу цIарна чохь хезаш хиларан маьIна хиларх тешар, Хезаш хилар АллахIан сифатех цхьа сифат хиларх тешар;

- Хезаш хиларан сифатан ларам бан безаш хилар, иза хийца а, йа цуьнан маьIна галдаьккхина, цуьнан маьIна кхин ду алар а мегаш цахилар;

- АллахI массо хIума хезаш хиларх тешар, Цуьнан хазаро дерриге аьзнаш чулоцуш хиларх тешар. Оцу цIарах схьадолучу хьукманца Iамал яр: АллахI вайна тIехула вай хезаш вуй а хууш, Цунах кхерар, АллахIана гергахь мел къайлах долу хIума а къайла гIур доций хууш, цунах лаьцна кIорггера кхетам хилар а.

ХIинццалц схьа вай дийцинарг АллахIан цIерех тешарехь лардан дезаш долу хIумнаш дара, ткъа хIинца вай довзуьйтур ду АллахIан сифатех тешарехь лардан дезаш долу хIумнаш:

1 – Къуръан чохь а, Суннатехь а даьхкина долу дерриге сифаташ къобул дар, уьш тIечIагIдар, хийца а ца хуьцуш, гал а ца дохуш.

2 – КIорггера тешар хилар а, хууш хилар а, АллахIан сифаташ кхачамаллин сифаташ ду аьлла, массо эшамаллех а, кхачамбацарех а цIена а долуш.

3 – АллахIан сифаташ а, Цуьнан халкъан сифаташ а цхьатера доций хаар, йа уьш цхьатера хила йиш йолуш доций а хаар. ХIунда аьлча АллахIах тера цхьа а хIума дац, йа Цуьнан сифаташкахь а, йа Цуьнан балхаца а, гIуллакхца а. Лекха хин волчу Дала аьлла Шен Сийлахьчу Къуръан чохь:

﴿ لَيْسَ كَمِثْلِهِۦ شَيْءٌ ۖ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْبَصِيرُ ﴾ [سورة الشورى، الآية: ١١].

➤Дац Цунах (АллахIах) тера цхьа а хIума, Иза Хезаш а, Гуш а ву➤ [Сурат «Ашшура» 11 аят].

4 – АллахIан сифаташ муха ю шена хуур ца хиларх кхетар, уьш муха ду аьлла царна тIаьхьа ша кхиалур цахилар хаар. ХIунда аьлча, АллахIана Шена бен ца хаьа иза, ткъа Цо кхоьллинчу халкъана иза хаа цхьа а некъ бац. [1]

5 – Оцу сифатех схьадовлуш долчу хьукманех а, тIаьхьенах а тешар, хIунда аьлча хIора сифато гойтуш йолу дела, цхьацца тайпанара Iибадаташ дан дезаран агIонаш.

И пхи хIума гIоли довзийта масала далор ду вай «АллахI Шен Iаршана тIехулахь хиларан» сифатца. ХIокху сифатехь лар дан деза хIара пхи маьIна:

- Къуръан чохь а, Суннатехь а и сифат деана долу дела иза тIечIагIдан дезаш ду, и сифат хиларх теша везаш а ву. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ ٱلرَّحْمَٰنُ عَلَى ٱلْعَرْشِ ٱسْتَوَىٰ ﴾ [سورة طه، الآية: ٥].

➤Къинхетаме верг, Iарш тIехулахь лакхаваьлла Иза➤ [Сурат «ТIахIа» 5 аят].

- И сифат тIечIагIдан дезаш ду АллахIан хила хьакъ долчу кепара, Цуьнан Сийлахьаллийца йогIуш йолчу агIор. Ткъа оцу сифатан маьIна иштта ду: Шен Сийлахьаллийца догIуш ма-дарра АллахI Шен Iарша тIехулахь лекха ваьлла ву, Иза массо хIумнал Лекха ву, дерриге Iаламна тIехулахь а ву. Вуьшта аьлча, АллахIан лекхалла гойтуш ду и сифат.

- Кхоллархо волу АллахI Шен Iарш тIехь лекха валар тера дац Цо кхоьллина долчу Цуьнан халкъах цхьа адам Iарш тIехь нисдаларх а, йа иза Iарш тIе охьахааарх а. АллахI Iарш оьшуш вац, и Iарш ца хилча а волуш а ву, хир волуш а ву. Ткъа адамаш Iарш тIе ховшуш хилар церан эшамалла гойтуш ду, церан кхачамбацар гойтуш а ду. Оцу кепара, АллахI Iарш тIехулахь хилар тера дац адам Iарш тIехь хиларх, хIунда аьлча Лекха хин волчу АллахIа Ша аьлла дела:

﴿ لَيْسَ كَمِثْلِهِۦ شَيْءٌ ۖ وَهُوَ ٱلسَّمِيعُ ٱلْبَصِيرُ ﴾ [سورة الشورى، الآية: ١١].

➤Дац Цунах (АллахIах) тера цхьа а хIума, Иза Хезаш а, Гуш а ву➤ [Сурат «Ашшура» 11 аят].

- АллахI Iарш тIехь муха ву хаа гIертар мегаш дац, йа иштта хаттар шен дагчу даийта мегаш а дац, хIунда аьлча иза АллахIан къайле йолу дела, цхьана АллахIана бен хууш йоцу.

- Оцу сифатах схьадовлуш долчу хьукманех а, тIаьхьенах а теша деза вай, АллахI Веза хилар санна долу, Цуьнан Сийлахьалла а, Возалла а санна долу.

[1] АллахIан хьокъехь долчу маьIнашкахь «муха» боху хаттар даийта мегар дац шен коьрта чу, хIунда аьлча адамийн хьекъал барам болуш ду, массо хIуманна тIаьхьа кхиалуш а дац. Ткъа нагахь санна иштта хаттар шена дагадагIахь «АIузу биллахIи мина-шшайтIонирроджийм» аьлла Деле шайтIанах лар вар деха деза.

ХІокху маьІнаша вайна хоуьйту, Дела дерриг халкъана тІехулахь, лекххахь хилар. Иза кхин а вайна хаало вай дегнаш Иза волчахьа хьаладерзарца, вай Цуьнга кхойкхучу хенахь, Цуьнгара вай доьхучу хенахь, вай Цуьнга доІа дечу хенахь. И маьІна долуш ду вай сужуде дахча олуш долу зикр: «Субхьана роббийал АІла» - «ЦІена ву сан Лекха Дела».

**3** – Делах тешар шайца кхочуш хуьлуш долчу хІуманех кхоал- гІаниг ду вай тешар, дерриг Іибадат – гуш дерг а, къайлах дерг а – Шена дан хьакъ долуш верг Цхьаъ волу, Бакъ волу цхьа АллахІ бен вац аьлла, Шеца цхьа а накъост а воцуш. Лекха хин волчу Дала аьлла Шен Сийлахьчу Къуръан чохь:

﴿ وَلَقَدۡ بَعَثۡنَا فِي كُلِّ أُمَّةٖ رَّسُولًا أَنِ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ وَٱجۡتَنِبُواْ ٱلطَّٰغُوتَۖ ﴾ [سورة النحل، الآية: ٣٦].

⮜Бакъдолуш, Оха хІора умматана Элча вахийтина, АллахІана Іибадат а де, тІагІутах лар а ло аьлла (оцу нахе)⮞ [Сурат «Аннахьл» 36 аят].

Иштта массо элчанаша аьлла ду шайн умматашка:

﴿ ... ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ مَا لَكُم مِّنۡ إِلَٰهٍ غَيۡرُهُۥٓ ... ﴾ [سورة الأعراف، الآية: ٥٩].

⮜Іибадат де АллахІана, кхин Дела вац шуна Иза воцург⮞ [Сурат «АлъаІроф» 59 аят].

Кхин а аьлла Сийлахьчу Дала:

﴿ وَمَآ أُمِرُوٓاْ إِلَّا لِيَعۡبُدُواْ ٱللَّهَ مُخۡلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ حُنَفَآءَ ﴾ [سورة البينة، الآية: ٥].

⮜Царна омру дина дац АллахІана Іибадат де аьлла бен, динлелор цІенчу даггара Цуьнан доьхьа долуш, хьанифаша (динлелор) санна⮞ [Сурат «Албаййинат» 5 аят].

Шина Шейха – Бухарис а, Муслима а – шаьшшинан «Сахьихь» цІе йолчу шина жайни чохь дийцина ду хьадис, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – МуІаз цІе йолчу шен асхьабе элира аьлла:

"أتدري ما حق الله على العباد، وما حق العباد على الله؟". قلت: الله ورسوله أعلم. قال: "حق الله على العباد أن يعبدوه ولا يشركوا به شيئاً، وحق العباد على الله ألا يعذب من لا يشرك به شيئاً".

«Лайшна тІехь долу Делан хьакъ а, Далла тІехь долу лайн хьакъ а хІу ду хаьий хьуна хІай МуІаз? Ас (МуІаза) элира: "Дела а, Цуьнан Элча а ву дика хууш верг". Цо (Элчано) элира: "Лайшна тІехь долу Делан хьакъ цара Цунна Іибадат дар ду хьуна, Цуьнца цхьа а накъост ца вар а ду хьуна. Ткъа Далла тІехь долу церан хьакъ, Іибадат дарехь Шеца цхьа а накъост ца винчунна Іазап цадар ду хьуна».

Бакъ волу Дела Иза Шега дегнаш доьрзуш волу Дела ву, Иза дукха везарна дегнаш дузуш, кхечуьнга цхьа а безам ца буьсуш волу Дела ву, Шега дог дахаро кхечуьнга дог дахарх тоъам хуьлуьйтуш верг ву, Цуьнгара гІо лехча кхечуьнгара гІо леха ца оьшуш волу Дела ву, Цунах кхийрича кхечуьнах кхерам даг чу цабогІуш волу Дела ву. Лекха хин волчу вайн Дала АллахІа аьлла:

﴿ ذَٰلِكَ بِأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلۡحَقُّ وَأَنَّ مَا يَدۡعُونَ مِن دُونِهِۦ هُوَ ٱلۡبَٰطِلُ وَأَنَّ ٱللَّهَ هُوَ ٱلۡعَلِيُّ ٱلۡكَبِيرُ ٦٢ ﴾

[سورة الحج، الآية: ٦٢].

⮜Иза (толам) цундела бу – АллахІ волу дела Бакъ верг, АллахІе а ца кхойкхуш уьш кхойкхуш болу кхин берш харц болу дела, АллахІ Лекха а, Воккха а волу дела⮞ [Сурат «Алхьадж» 62 аят].

Оцу аято вайна гойтуш долу маьIна ду, лайша шайн Iамалца Дела цхьаъ вар бохург.

Ткъа Дела цхьаъ вар – тавхьид – боккха ларам болуш ду. Иза лараме хилар вайна гойтуш долчу хIуманех цхьадерш дуьйцур ду вай:

1 - Дела цхьаъ вар Бусалба динан юьхь ю. Дела цхьаъ вар Исламан Iалашо ю, цуьнан чаккхе а ю, цуьнан гуче а ю, цуьнан къайле а ю. Дела цхьаъ вар массо элчанийн кхайкхам а бу – Делера салам хуьлда царна.

2 - Дела цхьаъ варан доьхьа кхоьллина ду хIара дерриг Iалам – стигланаш а, латтанаш а, царна чохь дерг а, малийкаш а, адамаш а, жинаш а. И дерриге халкъ-Iалам кхолларан бахьана ду Дела цхьаъ вайтар. Цуьнан доьхьа баххкийтина Дала массо элчанаш. И кхочуш дархьама диссийна жайнаш. И бахьана долуш декъа делла а ду халкъаш бусалбанаш а, керстанаш а хилла, ирс долуш берш а, ирс доцуш берш а хилла.

3 – Дела цхьаъ вар адамашна тIехь долу доьххьара парз (важиб) ду. Стаг доьххьара бусалба хилар Дела цхьаъ варца хуьлуш ду. Дуьненчура иза ара волуш тIаьххьара оцу тIехь иза ара вала везаш дерг а ду.

## 2 – Дела цхьаъ вар кхочуш дар.

Дела цхьаъ вар кхочуш дар бохург – иза Делаца накъост варх а, Пайхамара а – Делера салават а, салам а хуьлда цунна –, цуьнан асхьабаша а лелийна доцучу, бусалба динан баххашна тIедоьгIна доцучу юкъадаьхначу хIумнех а, Iесаллех а, шен Iибадат цIандар ду, оцу хIумнех цунах эделларг дIадаккхар а ду.

Дела цхьаъ вар шина декъе декъалуш ду: важиб дерг а, мандуб (суннат) дерг а. Ткъа важиб дерг кхаа хIуманца кхочуш хуьлу:

1 – Дела цхьаъ варна нисса доьхьал долчу Делаца накъост варха шен Iибадат дIацIандар.

2 – Дела цхьаъ варан баххашца а, иза кхочуш хиларца а цхьаьна догIуш доцучу, стаг керста веш долчу, Бусалба динна юкъадаьхначу хIумнех шен Iибадат а, шен Дела цхьаъ вар а дIацIандар.

3 – Дела цхьаъ варан мел кIеззиг беш йолчу, цунна тIехь чIогIа Iаткъам беш йолчу Iесаллех ларвалар.

Ткъа мандуб долу Дела цхьаъ вар кхочуш дар иза - дича дика ду аьлла омру динарг дар ду. Цуьнан масалш ду:

1 – Ихьсанан лаккхара дарж кхочуш дар.

2 – КIорггера Делах тешаран лаккхара дарж кхочуш дар.

3 – Хазчу собаран лаккхара дарж кхочуш дар, АллахI воцучуьнга латкъам ца бар.

4 – АллахIе дехарца тоъам хуьлуш долу дарже кхача хьажар, Иза воцучуьнгара, Цуьнан халкъе дехарш ца дан хьажар.

5 – Цхьадолу магийна долу цамгарийн дарбанаш Iад дитарца, массо агIор АллахIана тIе таваккул дар, дегайовхо Цуьнца хилар, болх Цуьнан кера дIабалар, болх Цунна цхьанна тIебиллар кхочуш дар.[1]

[1] АллахI воцчунна тIе болх биллар, Цуьнца кхечуьна кера болх балар а мегаш дац, иза даккхийчу къинойх лоруш ду Бусалба динехь. Массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш волчу, дерриг Iалам цхьана хенахь гуш а, хезаш а волчу, Шена луург Шена луъучу хенахь хилийта йиш йолуш волчу АллахIан кера дIабала беза болх, таваккул

6 – Суннат долчу Iибадаташца – къаьсттина ламазаш дарца – АллахI везаран а, Цунна ша везийтаран а дарже кхачар кхочуш дар.

Вай лекхахь ма дийццара, Дела цхьаъ вар кхочуш а дина, Делаца накъост варха цIена хилларг паргIат ву даиманна жоьжахати чувахарха. Жима а, доккха а долчу Делаца накъост варх цIена волчунна а, даккхийчу къинойх а, Iесаллех а ларвеллачунна а маршо ю дуьненахь а, эхартахь а. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَغۡفِرُ أَن يُشۡرَكَ بِهِۦ وَيَغۡفِرُ مَا دُونَ ذَٰلِكَ لِمَن يَشَآءُۚ﴾ [سورة النساء، الآية: ٤٨].

⮜Баккъалла а, АллахIа геч ца до Шеца накъост варна, (амма) Цо геч до иза доцург Шена луучунна➢ [Сурат «Аннисаъ» 48 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу Дала:

﴿ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ وَلَمۡ يَلۡبِسُوٓاْ إِيمَٰنَهُم بِظُلۡمٍ أُوْلَٰٓئِكَ لَهُمُ ٱلۡأَمۡنُ وَهُم مُّهۡتَدُونَ﴾ [سورة الأنعام، الآية: ٨٢].

⮜Ийман а диллина (Делах теша а тешна), шайн Ийман зуламца э ца динарш – царна ю маршо, уьш нисбелларш а бу➢ [Сурат «АльанIам» 82 аят].

Дела цхьаъ варна нисса бIостанехьа доьхьал ду Делаца накъост вар.

Делаца накъост вар кхаа тайпана ду:

1 – Доккха Делаца накъост вар. Доккха Делаца накъост вар Дела цхьаъ варан бухана доьхьал ду. Иза чIогIа доккха къа ду, Дала гечдеш къа а дац иза, тоба дича бен.ХIокхунна тIехь велларг даиманна жоьжахати чувоьдуш ву. Доккха Делаца накъост вар иза Iибадат дарехь Делаца накъост вар ду, Деле санна цуьнга деха а доьхуш, Дела везар санна иза веза а везаш, цунна тIе болх а буьллуш, цуьнга дог а дохуш, Делах кхераре терра цунах кхера а кхоьруш. Лекха хин волчу Сийлахь ЦIенчу Дала аьлла:

﴿إِنَّهُۥ مَن يُشۡرِكۡ بِٱللَّهِ فَقَدۡ حَرَّمَ ٱللَّهُ عَلَيۡهِ ٱلۡجَنَّةَ وَمَأۡوَىٰهُ ٱلنَّارُۖ وَمَا لِلظَّٰلِمِينَ مِنۡ أَنصَارٖ ٧٢﴾ [سورة المائدة، الآية: ٧٢].

⮜Баккъалла а, АллахIаца накъост винарг – АллахIа хьарам йина цунна ялсамане, иза воьрзур волу меттиг (жоьжахатин) цIе ю, зулам-нахана цхьа а гIоьнчаш а (хир) бац➢ [Сурат «Алмаидат» 72 аят].

2 – Жима долу накъост вар. Иза Дела цхьаъ варан кхачамаллийна дуьхьал дерг ду. Жима Делаца накъост вар – иза доккхачу Делаца накъост варна тIевуьгуш мел болу некъ а бу, бахьана а ду. Цуьнан масала ду кIеззиг долу рияъ (шен цIе яккхийта гIерташ, нахана ша гайта гIерташ Iамала яр) а, Дела воцучуьнца дуй баар а.

3 – Къайлах долу, гуш доцу Делаца накъост вар. ХIара дакъа лаамашца а, ниййаташца а доьзна ду. Амма хIокху тайпанара долу Делаца накъост вар цкъацкъа йа доккханиг, йа жиманиг санна а хуьлу, лекхахь вай ма дийццара. Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – асхьаба Лубайда кIанта Махьмуда – Дела реза хуьлда цунна – дийцина:

"إن أخوف ما أخاف عليكم الشرك الأصغر، قالوا وما الشرك الأصغر يا رسول الله ؟ قال: الرياء". [ رواه الإمام أحمد ].

«Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – элира: “Уггар чIогIа со шуна кхоьруш верг жима Делаца накъост вар ду”. Асхьабаша элира: “ХIун ду и жима Делаца накъост вар хIай Делан Элча? ” Цо элира: “Рияъ ду”». [Ахьмад].

---

Цунна тIе дан а деза. Вай иза муха дийр дац, Шена тIе болх биллинчунна Ша тоьаш ву шуна бохуш, Дала Ша вайга бохуш хилча.

### 3 – Іибадатан маьІна.

Іибадат – иза АллахІана дезаш долу, Иза реза волу массо хІума вовшах тухуш йолу цІе ю. Цунна юкъа богІу кхетамаш а, деган Іамалш а, дегІан меженийн Іамалш а, массо АллахІана герга мел вуьгуш йолу Іамалш а, вон хІума Іад дитар а.

Иштта цунна юкъа догІу Дала Шен Къуръан чохь а, йа Шен Элчанан Мухьаммадан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Суннатехь а дийцина массо хІума. Цундела Іибадаташ тайп-тайпана ду. Іибадатах ду – дагца деш долу Іибадат: Иманан ялх арканаш а, кхерар а, догдахар а, таваккул а, безам а, цабезам а, иштта кхиндерш а. Иштта Іибадатех ду – гучахь деш долу Іибадаташ: ламаз а, закат а, марха кхабар а, хьадж дар а санна долу.

Іибадат нийса хиларан ши бехкам бу:

1 – Иза цІенчу даггара Делан доьхьа дар, Цуьнца накъост а ца веш. «ЛаилахІа иллаллахІ – Кхин Дела вац АллахІ воцург» аьлла тешалла даран маьІна ду хІокху бехкамца долу маьІна. Лекхачу АллахІа аьлла:

﴿أَلَا لِلَّهِ ٱلدِّينُ ٱلْخَالِصُ ۚ وَٱلَّذِينَ ٱتَّخَذُوا۟ مِن دُونِهِۦٓ أَوْلِيَآءَ مَا نَعْبُدُهُمْ إِلَّا لِيُقَرِّبُونَآ إِلَى ٱللَّهِ زُلْفَىٰٓ إِنَّ ٱللَّهَ يَحْكُمُ بَيْنَهُمْ فِى مَا هُمْ فِيهِ يَخْتَلِفُونَ ۗ إِنَّ ٱللَّهَ لَا يَهْدِى مَنْ هُوَ كَـٰذِبٌ كَفَّارٌ﴾ [سورة الزمر، الآية:3].

⮜ХІаъ! АллахІан ду цІена дин, ткъа АллахІ а воцуш кхинберш шайна накъостий лийцинарш – (цара олу) оха царна Іибадат ца до цаьрга тхо АллахІана герга дигийта бен. Баккъалла а, АллахІа хьукма дийр ду царна юккъахь уьш дІасакъаьстинчу хІуманна тІехь. Баккъалла а, АллахІа ца нисво харц луьш верг, керста верг➢ [Сурат «Аззумар» 3 аят].

Кхин а аьлла Лекха хин волчу Дала:

﴿وَمَآ أُمِرُوٓا۟ إِلَّا لِيَعْبُدُوا۟ ٱللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ ٱلدِّينَ حُنَفَآءَ﴾ [سورة البينة، الآية:5].

⮜Царна омру дина дац АллахІана Іибадат де аьлла бен, динлелор цІенчу даггара Цуьнан доьхьа долуш, хьанифаша (динлелор) санна➢ [Сурат «Албайййинат» 5 аят].

2 – Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Суннат тІехь вазар, Іибадат цо ма-дарра дар, хІумма а тІе а ца тухуш, йа эша а ца деш. «Мухьаммад Делан элча ву» аьлла тешалла даран маьІна ду хІокху бехкамца дерг. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿قُلْ إِن كُنتُمْ تُحِبُّونَ ٱللَّهَ فَٱتَّبِعُونِى يُحْبِبْكُمُ ٱللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ ۗ﴾ [سورة آل عمران، الآية:31].

⮜Ахь ала: нагахь санна шу Дела везаш делахь суна тІаьхьа хІитта, Далла дезар а ду шу (тІаккха), къиношна геч а дийр ду Цо шун➢ [Сурат «Ал-Іимран» 31 аят].

Кхин а аьлла Сийлахь волчу АллахІа:

﴿وَمَآ ءَاتَىٰكُمُ ٱلرَّسُولُ فَخُذُوهُ وَمَا نَهَىٰكُمْ عَنْهُ فَٱنتَهُوا۟ ۚ﴾ [سورة الحشر، الآية:7].

⮜Шайна Пайхамара деанарг – схьаэца иза, цо шайна ца магийнарг – Іадда дита иза➢ [Сурат «Алхьашр» 7 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу Дала Къуръан чохь:

﴿فَلَا وَرَبِّكَ لَا يُؤْمِنُونَ حَتَّىٰ يُحَكِّمُوكَ فِيمَا شَجَرَ بَيْنَهُمْ ثُمَّ لَا يَجِدُوا۟ فِىٓ أَنفُسِهِمْ حَرَجًا مِّمَّا قَضَيْتَ وَيُسَلِّمُوا۟ تَسْلِيمًا﴾ [سورة النساء، الآية:65].

➢ХIан-хIа! Хьан Делор, уьш Делах тешаш хир ма бац цара хьоьга хьукма дайтталц, шайна юккъахь хиллачу къовсамна, тIаккха ахь динчу хьукманна шайн (дегнаш чохь) гатто а ца кара йойтуш, (хьан хьукманна) уьш муьтIахь а хиллалц➢ [Сурат «Аннисаъ» 65 аят].

Вай Делан лайш хилар шина бехкамца бен кхочуш ца хуьлу:

1 – Дела везар кхочушдар. Дела везар кхочуш хуьлу нагахь санна вай Дела везар а, Цунна дезаш долу хIума дезар а дерриг кхиндолчу хIумнал хьалхадаккхьахь.

2 – Далла муьтIахь хилар кхочуш дар, Цо де аьлларг дан а деш, ма де аьлларг Iадда а дуьтуш.

Ткъа Делан лайш хилар бохург ду: Дела кхоччуш везар а, Цунна кхачам боллуш муьтIахь хилар а, Цунах кхерар а, Цуьнга догдохуш хилар а. Иштта кхочуш хуьлу вай Делан лайш хилар. И кхочуш дарца Дела реза варе а, Цуьнан безаме а кхочу стаг, хIунда аьлча Далла Шен лай Ша тIедеххкина долчу парзашца шена герга вар деза дела. Ткъа стага суннат долу Iибадаташ дукха мел до, Сийлахь-Лекхачу Далла герга хиларехь сов волу иза, Далла гергахь даржехь лекха волу иза, иштта цо и Iибадаташ дар бахьана хуьлу цунна Делан къинхетамца а, комаьршаллийца а ялсамане ваха. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ٱدۡعُواْ رَبَّكُمۡ تَضَرُّعٗا وَخُفۡيَةًۚ إِنَّهُۥ لَا يُحِبُّ ٱلۡمُعۡتَدِينَ ٥٥﴾ [سورة الأعراف، الآية:55].

➢Деха шайн Деле, (шаьш) эсала а, муьтIахь а долуш, къайлах а (деха Цуьнга). Баккъалла а, Цунна ца беза тIехбовлуш берш (доIа деш аьзнаш ийдеш)➢ [Сурат «АлъаIроф» 55 аят].

**4 – Дела цхьаъ хиларан а, Иза цхьаъ ван везаран а баххаш а, тешаллаш а.**

Баккъалла а чIогIа дукха ду Дела цхьаъ хиларан тешаллаш а, баххаш а. Царна тIехь ойла йинчуьнан Дела цхьаъ хиларан хаам а сов бер бу, кхетам а чIагI лур бу. Царна тIехь ойла йинчунна гIоли хуур ду Дела Шен гIуллакхашкахь а, цIерашкахь а, сифаташкахь а цхьаъ хилар, Шех тера кхин цхьа а хIума доцуш.

Оцу тешаллех цхьадерш дуьйцур ду вай, ткъа дерриг дийцина вер а вац.

1 – ХIара Iалам кхолларан доккхалла а, цуьнан нийсалла а, цунна чохь долу халкъ тайп-тайпана хилар а, хIара Iалам лелош долу нийсса низам а. ХIокху хIуманна тIехь ойла йинарг, шен хьекъале оцу тIехь ойла яйтинарг билггал тешар ву Дела цхьаъ хиларх. Стигланаш а, латтанаш а кхолларан ойла йича, малх а, бутт а, адам а, дийнат а кхолларан ойла йича, ораматаш а, чохь са доцу хIумнаш а кхолларна тIехь а ойла йича стагана хаьа оцу массо хIуманан Кхоллархо хилар, Шен цIерашкахь а, сифаташкахь а, Ша Дела хиларехь а Шеца кхачамалла йолуш волу. ТIаккха стагана хаьа, цхьаъ волу и Кхоллархо бен Iибадат дан хьакъ долуш кхин цхьа а ца хилар. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿وَجَعَلۡنَا فِي ٱلۡأَرۡضِ رَوَٰسِيَ أَن تَمِيدَ بِهِمۡ وَجَعَلۡنَا فِيهَا فِجَاجٗا سُبُلٗا لَّعَلَّهُمۡ يَهۡتَدُونَ ٣١ وَجَعَلۡنَا ٱلسَّمَآءَ سَقۡفٗا مَّحۡفُوظٗاۖ وَهُمۡ عَنۡ ءَايَٰتِهَا مُعۡرِضُونَ ٣٢﴾ [سورة الأنبياء، الآيات:31-32].

➢Оха чIогIа лаьтташ долу лаьмнаш дира латта тIехь, иза меттах ца дилийта цаьрца, оцу лаьмнашкахь чIожнаш а, некъаш а дира Оха, уьш нийсачу некъа тIе нисбалийта. Стигал а йира Оха тхов санна, (ша) ларъеш йолу (охьайожарха); ткъа уьш (Делах ца тешаш берш) юха буьйлуш бу Тхан аятех (царна тIехь ойла ца еш)➢ [Сурат «Альанбияъ» 31-33 аяташ].

Кхин а аьлла Сийлахьчу АллахIа:

﴿ وَمِنْ ءَايَٰتِهِۦ خَلْقُ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ وَٱخْتِلَٰفُ أَلْسِنَتِكُمْ وَأَلْوَٰنِكُمْ ۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَٰتٍ لِّلْعَٰلِمِينَ ﴿٢٢﴾ ﴾

[سورة الروم، الآية:٢٢].

⮜Цуьнан (АллахӀан) аятех (билгалонех) ду стигланаш а, латта а кхоллар а, шун меттанаш а, бесаш а тайп-тайпана хилар а. Баккъалла а оцу хӀуманашкахь аяташ (билгалонаш) ма ю хууш болчарна➤ [Сурат «Аррум» 22 аят].

2 – Дала Шен элчанашка делла долу шарӀаш а, Цо царна делла долу тешаллаш а, муӀжизаташ а Дела цхьаъ хилар гойтуш ду, Ӏибадат дан хьакъ долуш Иза цхьаъ бен ца хилар гойтуш а ду. Дала Ша кхоьллинчу Шен халкъана делла долчу шариӀатехь сирла тешалла ду, Хьекъале волчу, Ша кхоьллинарг доьвзаш волчу, оцу халкъана пайде дерг доьвзаш волчу Делера бен и ШариӀат хилалург ца хиларна. Сийлахьчу Дала аьлла:

﴿ لَقَدْ أَرْسَلْنَا رُسُلَنَا بِٱلْبَيِّنَٰتِ وَأَنزَلْنَا مَعَهُمُ ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْمِيزَانَ لِيَقُومَ ٱلنَّاسُ بِٱلْقِسْطِ ۖ ﴾ [سورة الحديد، الآية:٢٥].

⮜Оха бахийтира Тхайн геланчаш кхетаме сирлачу тешаллашца, цаьрца доссийра Оха жайна а, терза (нийсо) а, адамаш нийсонна тӀехь латтийта➤ [Сурат «Алхьадид» 25 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу АллахӀа:

﴿ قُل لَّئِنِ ٱجْتَمَعَتِ ٱلْإِنسُ وَٱلْجِنُّ عَلَىٰٓ أَن يَأْتُوا۟ بِمِثْلِ هَٰذَا ٱلْقُرْءَانِ لَا يَأْتُونَ بِمِثْلِهِۦ وَلَوْ كَانَ بَعْضُهُمْ لِبَعْضٍ ظَهِيرًا ﴿٨٨﴾ ﴾ [سورة الإسراء، الآية:٨٨].

⮜Ахь ала: адамаш а, жинаш а вовшахкхетча, хӀара Къуръан санна жайна дархьама – цаьрга далур дац и саннарг, уьш вовшийн гӀоьнчий хилчи а➤ [Сурат «Алъисраъ» 88 аят].

3 – Вай дуьненчу довлучу хенахь дуьйна схьа Дала вайн дегнаш чу биллина болчу дегахаамо а, синхаамо а, тӀечӀагӀдо Дела цхьаъ хилар. Ткъа и синхаам вай дегнашкахь чӀагӀбелла бу, цундела адамана зен хилар гуча доллушшехь оцу синхаамо вай Деле дерза до. Ткъа адаман хьекъал шеконех а, харц лаамех а цӀена хилахь, цуьнан кхин дан хӀума хир дац Дела цхьаъ хиларна мукӀарло дар бен, шен даг чохь цунна карор дац Дела Шен цӀерашца а, сифаташца а цхьаъ хилар бен, Цунах тера кхин цхьа а хӀума дац аьлла болчу кхетамна тӀетар бен, Цо Шен элчанашка – Делера салават а, салам а хуьлда царна – даийтина долчу шарӀана муьтӀахь хилар а бен. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ فَأَقِمْ وَجْهَكَ لِلدِّينِ حَنِيفًا ۚ فِطْرَتَ ٱللَّهِ ٱلَّتِى فَطَرَ ٱلنَّاسَ عَلَيْهَا ۚ لَا تَبْدِيلَ لِخَلْقِ ٱللَّهِ ۚ ذَٰلِكَ ٱلدِّينُ ٱلْقَيِّمُ وَلَٰكِنَّ أَكْثَرَ ٱلنَّاسِ لَا يَعْلَمُونَ ﴿٣٠﴾ مُنِيبِينَ إِلَيْهِ وَٱتَّقُوهُ وَأَقِيمُوا۟ ٱلصَّلَوٰةَ وَلَا تَكُونُوا۟ مِنَ ٱلْمُشْرِكِينَ ﴿٣١﴾ ﴾

[سورة الروم، الآيتان:٣٠، ٣١].

⮜Ткъа ахь латта е хьайн юхь дин тӀехь (хьайн дин Дела дуьхьа хилийта), цунна тӀетовш, (хьо латта) Дала адамашкахь кхоьллина болчу синхаамна тӀехь (Бусалба дин тӀехь); бац цхьа а хийцам Делан кхоллараллийна (Цуьнан дин кхечу динца хийцар мегар дац); иза (Дела цхьаъ вар) ду нийса дин, амма дукхах болчу нахана хаам ца хаьа. (Шу хила) Цуьнга доьрзуш, Цунах кхера а кхера, ламаз а де, Делаца накъост веш болчерах а ма хила➤ [Сурат «Аррум» 30-31 аяташ].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"كل مولد يولد على الفطرة، فأبواه يهودانه أو ينصرانه أو يمجسانه، كما تنتج البهيمة بهيمة جمعاء، هل تحسون فيها من جدعاء. ثم قرأ ﴿ فِطْرَتَ ٱللَّهِ ٱلَّتِى فَطَرَ ٱلنَّاسَ عَلَيْهَا ۚ ﴾"[ رواه البخاري ].

«Дерриг деш долу бер (доьххьара дуьненчу долучу хенахь) “фитӀрат” долуш дуьненчу долуш ду, амма цуьнан дас-нанас до и бер йа жуьгтийн динехь, йа керста динехь, йа цӀарна Ӏибадат деш болчеран динехь. (Цуьнан масала ду) дийнато деш долу дийнат, шеца цхьа а эшам боцуш хуьлу иза. Шуна гой и (хӀинца дуьненчу даьлла долу дийнат) лерг хадийна долуш? (цуьнца цхьане кепара эшам гой шуна? – аьлла хьаьттина цо шен асхьабашка). ТӀаккха цо дийшира Къуръан чура аят: ➤Дала адамашкахь кхоьллина долу фитӀрат (синхаам)➤» [1] [Бухари].

●●●

[1] Дела цхьаъ варна тӀехь хуьлу ша долу бераш доьххьара дуьненчу довлучу хенахь бохург ду хьадисан маьӀна.

## ШолгIа рукн: Малийкех тешар

**1 – Малийкех тешар довзийтар**

**2 – Малийкех тешаран хьукма а, бусалба динехь йолу цуьнан меттиг а**

**3 – Малийкех тешаран дакъош а, уьш довзийтар а**

**4 – Адамаша лардан дезаш долу малийкин хьакъ**

**5 – Малийкех тешарх хуьлуш болу пайда**

**1 – Малийкех тешар довзийтар.**

Малийкех тешар бохург – иза Дала нуьрах кхоьллина малийкаш боккъул хиларх тешар ду. Малийкаш Дала нуьрах кхоьллина ду. Уьш массо а муьтӀахь ду АллахӀана. Шайна Дала динчу омрунна Ӏеса ца хуьлу уьш цкъа а, Дала шайга де аьлларг а до цара. Цкъа а кӀад ца луш Далла тасбихь деш ду уьш дийнахь а, буса а. Ткъа церан дукхалла Далла бен хууш яц. Дала тайп-тайпана белхаш а, гӀуллакхаш а дехкина царна тӀе. Лекхачу АллахӀа аьлла:

﴿وَلَٰكِنَّ ٱلۡبِرَّ مَنۡ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ وَٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ وَٱلۡكِتَٰبِ وَٱلنَّبِيِّـۧنَ﴾ [سورة البقرة: الآية ١٧٧].

⮜Муххале а, дикалла (суьпалла) ю – АллахӀах а, къемат дийнах а, малийкех а, жайнех а, элчанех а тешар➢ [Сурат «Албакъарат» 177 аят].

Кхин а аьлла Лекха хин волчу Дала:

﴿ءَامَنَ ٱلرَّسُولُ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡهِ مِن رَّبِّهِۦ وَٱلۡمُؤۡمِنُونَۚ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ لَا نُفَرِّقُ بَيۡنَ أَحَدٖ مِّن رُّسُلِهِۦۚ﴾ [سورة البقرة: الآية ٢٨٥].

⮜Элча тешна шена шен Делера доссийначух, иштта Ийман диллинарш а, массо уьш тешна АллахӀах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а; (цара олу) оха къестам ца бо Цуьнан цхьа а элчанашна юккъахь, (кхин а) аьлла цара: тхуна хаза а хезна, тхо муьтӀахь а хилла; хӀай тхан Дела, Хьан гечдар доьху оха, дерзар Хьоьга а ду тхан➢ [Сурат «Албакъарат» 285 аят].

Жабраил-малийкан хьадисехь деана ду: Жабраила Пайхамаре – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хьаттинчу хенахь: “Иманах лаьцна дийцахь суна” – аьлла, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – жоп делла цунна:

" أن تؤمن بالله، وملائكته، وكتبه، ورسله، واليوم الآخر، وأن تؤمن بالقدر خيره وشره."

«Ийман бохург – иза хьо тешар ду АллахӀах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а, къемат дийнах а, иштта хьо къадрах (билгалдаккххарх) тешар а – дика делахь а, вон делахь а». [Муслим].

**2 – Малийкех тешаран хьукма а, бусалба динехь йолу цуьнан меттиг а.**

Малийкех тешар – иза Ийманан ялх арканех (бӀогӀамех) цхьа рукн (бӀогӀам) ду, оцу массо арканех тешна хилча бен Ийман къобул хуьлуш а дац, нийса хуьлуш а дац.

Берриг бусалба нехан цхьа барт болуш хӀума ду малийкех тешар важиб (парз) хилар. Ткъа малийкаш дац бохуш верг, йа Дала хьахийна долу цхьадолу малийкаш дац бохуш верг куфр (керстаналла) деш ву, Къуръанна а, Суннатна а, бусалба нехан бартана а дуьхьалваьлла а ву. Лекха хин волчу АллахӀа аьлла Къуръан чохь:

﴿وَمَن يَكۡفُرۡ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ وَٱلۡيَوۡمِ ٱلۡأٓخِرِ فَقَدۡ ضَلَّ ضَلَٰلَۢا بَعِيدًا﴾ [سورة النساء: الآية ١٣٦].

⮜Ткъа цатешнарг АллахӀах, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а, къемат дийнах а, иза тилла, гена даьллачу тиларца(иза ву шен тиларехь генаваьлла)➢ [Сурат «Аннисаъ» 136 аят].

**3 – Малийкех тешаран дакъош а, уьш довзийтар а.**

Малийкех тешар шина кепара ду:

1 – Массо агӀо хьахош йоцуш, амма массо агӀо шена чулоцуш долу юкъара доцца долу тешар;

2 – Массо агӀо хьахош долу духхенгара тешар.

Юкъара доцца долчу тешарна юкъадогӀуш масех хӀума ду, оцу хӀуманашна тӀедоьгӀна а ду иза. Уьш кху лахахь дерш ду:

1 - Малийкаш хиларца мукӀарло дар, уьш Делан халкъах цхьа халкъ ду аьлла тешар. Малийкаш Дала Шена Ӏибадат дайта кхоьллина ду. Малийкаш хилар цхьа а шеко йоцуш бакъ ду. Вайна уьш гуш цахиларо ца гойту уьш цахилар, хӀунда аьлча мел дукха хӀумнаш ю Дала хӀокху Ӏалам чохь кхоьллина, вайна гуш а йоцуш, бакъъалла а ян а йолуш. Ткъа вайн Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Жабраил-малийк шен суьртехь ша ма-дарра шозза гина. Иштта цхьаболчу асхьабашна а – Дела реза хуьлда царна – цхьадолу малийкаш гина адамийн куьцехь. Имам Ахьмада дийцина «Алмуснад» цӀе йолчу шен жайни чохь, МасӀуда кӀанта ӀабдуллахӀа элира аьлла:

"رأى رسول الله ﷺ جبريل في صورته وله ستمائة جناح، وكل جناح منها قد سدّ الأفق".

«Делан Элчанна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Жабраил гина ша ма-дарра, шен бакъдолчу суьртехь, цуьнан ялх бӀе тӀам а бу, хӀора тӀемо анайист дӀа а лоцур йолуш».

Муслима дийцинчу Жабраил-малийкан хьадисехь ду: Жабраил – Делера салам маршалла хуьлда цунна – Пайхамарна тӀедеара стеган куьцахь, тӀедуьйхина шарула кӀай духар а долуш, кӀарула Ӏаьржа месаш а йолуш, шена тӀехь цхьа а некъан лар а йоцуш гуш, асхьабашна цхьанненна а воьвзаш воцучу стеган куьцехь…

2 – Дала царна елла йолчу меттигал уьш дозаллехь сов цадахар.

Малийкаш Делан лайш ду, Шена лиъначу хенахь Дала царна омру деш а ду. Дала уьш даздина ду, Шена герга дигна а ду. Царна юккъехь Делан геланчаш а ду, вахьйунца а, иштта кхечу гӀуллакхашца а Дала дуьнентӀе доххкуьйтуш долу. Амма церан ницкъ бац Дала царна белларг бен, Цо дайтинарг бен хӀумма а дан луш а дац цаьрга. Уьш Далла гергахь иштта деза доллушехь, йа шайна а, йа кхечарна а дан дика а, вон а дац церан, Далла лиънарг бен. Цундела, АллахӀана дан дезаш долчу Ӏибадатах цхьа а дакъа царна дан мегаш дац. Керстанаша малийкашна Делан сифаташ делла, Жабраил-малийках цара Дела ву алар санна. Лекхачу Дала аьлла:

﴿ وَقَالُواْ ٱتَّخَذَ ٱلرَّحۡمَٰنُ وَلَدٗاۗ سُبۡحَٰنَهُۥۚ بَلۡ عِبَادٞ مُّكۡرَمُونَ ﴿٢٦﴾ لَا يَسۡبِقُونَهُۥ بِٱلۡقَوۡلِ وَهُم بِأَمۡرِهِۦ يَعۡمَلُونَ ﴿٢٧﴾ ﴾ [سورة الأنبياء، الآيتان: ٢٦، ٢٧].

➤Цара аьлла: Къинхетаме волчо (Дала) Шена бер эцна. ЦӀена ву Иза (оцуьнах)! Муххале а, уьш (малийкаш) Цуьнан сийлахь лайш ду. Цуьнан дашал хьалха ца довлу уьш (Цул хьалха дош ца олу цара), Цуьнан омрунца Ӏамал еш а ду уьш➤ [Сурат «Алъанбияъ» 26-27 аяташ].

Кхин а бах Дала Къуръан чохь:

﴿ ... لَّا يَعۡصُونَ ٱللَّهَ مَآ أَمَرَهُمۡ وَيَفۡعَلُونَ مَا يُؤۡمَرُونَ ﴿٦﴾ ﴾ [سورة التحريم، الآية: ٦].

➤Уьш (малийкаш) Далла Ӏеса ца хуьлу Цо шайна деш долчу омрунна, шайга де аьлларг дан а до цара➤ [Сурат «Аттахьрим» 6 аят].

ХIокху кепара малийкех тешар хIора бусалба стагна а, зудчунна а тIехь важиб (парз) ду. Иза Iамо дезаш а ду, цунах теша дезаш а ду, иза ца хууш верг ца хаьара аьлла кIелхьара а ца волу.

Массо агIо йовзуьйтуш долчу Иманна юкъа догIуш долу хIумнаш хIорш ду:

*1 – Малийкаш стенах кхоьллина ду хаар.*

Лекхачу Дала малийкаш нуьрах кхоьллина, жинаш цIерах кхоьллина, адамаш латтанах кхоьллина. Малийкин кхоллар Адам-пайхамар – Делера салам хуьлда цунна – кхоллале хьалха хилла. Хьадисехь деана ду:

"خلقت الملائكة من نور، وخلق الجان من مارج من نار، وخلق آدم مما وصف لكم" [رواه مسلم ].

«Малийкаш нуьрах кхоьллина ду, жинаш цIерах кхоьллина ду, Адам шуна довзийтинчух (латтанах) кхоьллина ву». [Муслим].

*2 – Малийкин дукхалла.*

Малийкаш Делан халкъах цхьа халкъ ду. Амма уьш дукха хиларна, уьш мел ду дагар далур долуш дац. Церан дукхалла Далла бен хууш а яц. Стигланашкахь биъ пIелг биллал меттиг яц шена тIехь йа сужуд деш, йа (тасбихь деш) лаьтташ малийк доцуш. ВорхIалгIачу стиглахь долчу ЦIа чу хIора дийнахь кхузткъе итт эзар малийк доьду, тIаккха цкъа цу чудахнарг шолгIа юха цу чу кхача а ца ло, уьш дукха хиларна. Къемат дийнахь жоьжахате схьаялор ю, цуьнан кхузткъе итт эзар урх хир ю, хIора урх лаьцна кхузткъе итт эзар малийк а хир ду, иза схьатекхош догIуш.

Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴾ ... وَمَا يَعۡلَمُ جُنُودَ رَبِّكَ إِلَّا هُوَۚ.... ﴿ [سورة المدثر، الآية:٣١].

⮜Цхьанна а ца девза хьан Делан эскарш, Цунна Шена бен⮞ [Сурат «Алмуддассир» 31 аят].

Хьадисехь деана ду, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна - элира аьлла:

"أطَّت السماء وحق أن تَئِطَّ، ما فيها موضع قدم إلا وفيه ملك ساجد وراكع".

«Шена тIехь болу мохь базбеллачу стиглано «ахI» дира, цуьнан бакъо а яра иза дан – ког биллал меттиг яц оцу стиглахь шена тIехь сужуд деш, йа рукуI деш малийк долуш бен».

Стиглахь долу, шена зиярат деш долчу цIийнах лаьцна аьлла Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна-:

"يدخله في كل يوم سبعون ألف ملك لا يعودون إليه". [رواه البخاري ومسلم].

«ХIора дийнахь кхузткъе итт эзар малийк доьду цу чу, цкъа цу чу дахнарш юха а ца доьрзу цу чу». [Бухари, Муслим].

Кхин а аьлла Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна –:

"يؤتي بجهنم يومئذٍ لها سبعون ألف زمام، مع كل زمام سبعون ألف ملك" [ رواه مسلم ].

«Оцу дийнахь жоьжахате схьаялор ю, цуьнан кхузткъе итт эзар урх а хир ю, хIора урх лаьцна кхузткъе итт эзар малийк а хир ду». [Муслим].

Иштта хаьа вайна малийкин дукха хилар. ХIара, жоьжахати ялош догIур ду бохуш вай дийцинарш диъ эзар исс бIе миллион (4 900 000 000) малийк хуьлу, ткъа вайна ца хууш мел хир ду уьш?! Сийлахь ЦIена ву-кх уьш кхоьллина верг, уьш дIасадаржийна верг, церан дукхалла хууш верг.

*3 – Малийкин цIерш.*

Дала вайна Шен Къуръан чохь яьхна йолчу а, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – яьхна йолчу а малийкин цIерех тешар тIехь ду вайна. Малийкашна юккъахь уггар дезнаш хIара кхоъ ду:

- Жибрил. Жабраил оле цIе а йоккху цуьнан цкъацкъа. Жабраилна тIедиллина хилла вайн Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шеца дегнийн дахар долу “вахьйу” тIедоссор.

- Мийкаийл. Мийкал а олу цунах цкъацкъа. Дала шега омру динчу метте, латта дендеш долу догIа дайитарна тIехIоттийна ду иза.

- Исрафил. Дуьненан дахар чекхдаьлла хилар хоуьйтуш, шена чохь догIмаш даим дийна лаьттар долуш долу эхартан дахар дола деллий хоуьйтуш зурман чу мох хIуп алар тIедиллина ду цунна.

*4 – Малийкийн сифаташ.*

Малийкаш баккъалла а долуш долу Делан халкъах цхьа халкъ ду. Церан баккъалла а долу догIмаш ду. Церан, уьш кхуллучу дийнахь дуьйна схьа долу сифаташ а, амалшца доьзна долу сифаташ а ду. Оцу сифатех цхьадерш довзуьйтур ду вай:

● Малийкаш даккхий догIмаш долуш ду. Дала уьш даккхий кхоьллина, дуьненахь а, стигланашкахь а Ша царна тIедехкинчу белхашка хьаьжжина;

● Церан тIемаш ду. Дала уьш тIемаш долуш кхоьллина, цхьадерш шишша тIам болуш, вуьйжаш кхоккха тIам болуш, вуьйжаш биъ-биъ тIам болуш а. Кхин а дукха тIемаш дерш а ду царна юккъехь. Масала, Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ша мадарра гина долчу Жабраил-малийкан ялх бIе тIам бу, анайист дIа а лоцу цо шен тIемашца. Лекхачу АллахIа аьлла Къуръан чохь:

﴿ ٱلۡحَمۡدُ لِلَّهِ فَاطِرِ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلۡأَرۡضِ جَاعِلِ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلًا أُوْلِيٓ أَجۡنِحَةٖ مَّثۡنَىٰ وَثُلَٰثَ وَرُبَٰعَۚ يَزِيدُ فِي ٱلۡخَلۡقِ مَا يَشَآءُۚ ... ﴾ [سورة فاطر، الآية:1].

⋖Хастам бу АллахIана, стигланаш а, латта а кхоьллина волчу, малийкаш геланчаш а дина волчу, шишша а, кхоккха а, биъ-биъ а тIемаш долуш долу. Шена лиъча кхин совнаха а кхуллу Цо⋗[1] [Сурат «ФатIир» 1 аят].

● Малийкашна яъа а, мала а хIумма а оьшуш яц. Дала уьш кхоьллина даар а, малар а царна оьшуш доцуш. Церан йа бераш а ца хуьлу, йа маре а ца до цара;

● Малийкаш хьекъал долуш а ду, дегнаш долуш а ду. Уьш Деле дист а хуьлу, Дела цаьрга а вист хуьлу. Адам-пайхамаре а, иштта кхин болчу пайхамаршка а дист хилла уьш;

● Малийкаш кхечу куьца довлало. Дала царна ницкъ белла божарийн куьца довла, вуьшта аьлча, божарийн суьртехь нахана гуча довла. ХIокхо вайна гойту цIуна Iибадат дечара малийкаш Делан йоьIарий бу алар харц хилар. Ткъа муха довлу и малийкаш адамийн куьце? Иза вайна хууш дац, амма уьш адамех чIогIа терчу куьце довлуш хилар бакъ ду, царна а, адамашна а юккъахь къастам балур боцуш;

● Малийкаш лийр долуш ду. Дерриг малийкаш ду лийр долуш Къемат дийнахь, са оьцу малийк а цхьаьна. ТIаккха юха хьлагIовттор долуш а ду уьш, Дала тIедехкина белхаш дайта.

● Малийкаша Iибадат до. Уьш Далла – ЦIена а, Лекха а ву Иза – Iибадат деш ду, ламаз а, доIа а, тасбихь а, рукуI а, сужуд а, кхерар а, Иза везар а, иштта кхин долу Iибадаташ а санна. Церан Iибадатан сифаташ ду хIорш:

---

[1] Шена лаъучу агIор, кхин а совнаха тIемаш долуш кхуллу Дала малийкаш Шена лиъча – бохург ду аятан маьIна.

- КӀад ца луш, гӀел ца луш, даим ду Далла цара Ӏибадат дар…

- Ихлас (цӀенчу даггара цхьаьна Делан доьхьа) долуш ду церан Ӏибадат…

- Уьш даим Далла муьтӀахь ду, цкъа а Цунна Ӏеса хуьлуш а дац, хӀунда аьлча уьш Дала кхоьллина, цаьргара гӀалат далийтур доцуш, цара цкъа а къа а латор доцуш…

- Далла хьастаделла, эсала, муьтӀахь ду уьш, дукха Ӏибадат деш а ду уьш. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ يُسَبِّحُونَ ٱلَّيْلَ وَٱلنَّهَارَ لَا يَفْتُرُونَ ۝٢٠ ﴾ [سورة الأنبياء، الآية:20].

≺Тасбихь деш ду уьш буьйсанна а, дийнахь а, кӀад (гӀел) а ца луш➢ [Сурат «Алъанбияъ» 20 аят].

*5 – Малийкийн Ӏамалш.*

Малийкаша Дала шайна тӀеехкина йолу сий долу Ӏамалш йо. Цара еш йолу Ӏамалш а, церан цхьаболу болх а буьйцур бу вай:

1 – Уьш Ӏаршан киранхой ду (Къемат дийнахь Делан Ӏарш лелор дерш малийкаш ду);

2 – Элчанашна тӀе вахьйу доссор;

3 – Ялсамане а, жоьжахате а ларъяр;

4 – Мархаш а, догӀа а, ораматаш а лелор;

5 – ЦӀузам чу мох тохар а ду царах цхьанна тӀедиллина;

6 – Адамийн Ӏамалш дӀаязъяр;

7 – Адамаш лар дар. Малийкаша адамаш лар деш ду, амма Дала яздинарг тӀедеъча цара адам Ӏад дуьту, иштта, язделларг хуьлу;

8 – Адам дикане кхойкхуш, даим адамашца ду уьш;

9 – Адам ненан кийрахь кхоллалучу хенахь, цуьнан са цунна чу даккхар, цуьнан рицкъ а, цуьнан Ӏамал а дӀаязъяр, иза дакъаза даьлла адам хир ду, йа ирс долуш адам хир ду аьлла дӀаяздар;

10 – Адамаш лечу хенахь церан синош схьаэцар;

11 – Каш чохь адамашка хаттам бар, цул тӀаьхьа царна йа Ӏазап, йа ялсаманин хазалла ялар;

12 – Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – умматера наха цуьнга салам делча иза цуьнга дӀакхачор. Цундела, нагахь санна цхьанна Пайхамаре – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – салам дала лаахь, оьшуш дац цуьнан коша тӀе ваха, муххале а, иза миччахь велахь а, цо ша волчахь Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – салават диллича, салам а делча, иза Пайхамаре – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дӀакхочур ду, иза цуьнга дӀакхачош малийкаш долу дела, Дала оцу балхана тӀехӀиттийна. Ткъа Мединате зиярате вогӀуш верг Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – маьждиге зиярат дан ва веза, цу чохь ламаз дан ниййат а дина.

Малийкин кхин а дуккха ю Ӏамалш, хӀара вай йийцинарш царах уггар дукха евзаш ерш бен яц. Цунна тешалла ду Лекхачу АллахӀан дешнаш:

﴿ ٱلَّذِينَ يَحْمِلُونَ ٱلْعَرْشَ وَمَنْ حَوْلَهُۥ يُسَبِّحُونَ بِحَمْدِ رَبِّهِمْ وَيُؤْمِنُونَ بِهِۦ وَيَسْتَغْفِرُونَ لِلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ ... ﴾ [سورة غافر، الآية:7].

∢Iарш лелош долу малийкаш а, цунна гонаха долу малийкаш а тасбихь деш ду шайн Далла хастам барца,[1] Цунах тешаш а ду,[2] Ийман диллинчу (Делах тешаш болчу) нахана гечдар доьхуш а ду➢ [Сурат «ГIафир» 7 аят].

﴿ قُلْ مَن كَانَ عَدُوًّا لِّجِبْرِيلَ فَإِنَّهُۥ نَزَّلَهُۥ عَلَىٰ قَلْبِكَ بِإِذْنِ ٱللَّهِ ﴾ [سورة البقرة، الآية:٩٧].

∢Ахь ала: Жабраил (малийкан) мостагI хилларг – (цунна хаийла) цо (Жабраила) иза (Къуръан) доссийна хилар хьан даг чу, Делан пурбанца➢ [Сурат «Албакъарат» 97 аят].

﴿ وَلَوْ تَرَىٰٓ إِذِ ٱلظَّٰلِمُونَ فِى غَمَرَٰتِ ٱلْمَوْتِ وَٱلْمَلَٰٓئِكَةُ بَاسِطُوٓا۟ أَيْدِيهِمْ أَخْرِجُوٓا۟ أَنفُسَكُمُ... ﴾ [سورة الأنعام، الآية:٩٣].

∢Хьуна гича зуламхой, (балар чу бирзина болу), балaран халонашкахь; малийкаша шайн куьйгаш дIасадаржийна (цаьрга олуш): арадаха шайн синош➢ [Сурат «АльанIам» 93 аят].

**4 – Адамаша Лар дан дезаш долу малийкин хьакъ.**

● Царах тешар;

● Уьш дезар, уьш даздар, церан дозалла дийцар;

● Вочу агIор уьш хьехор мегаш доци хаар, уьш сийсаз дар а, йа царна хIума алар а мегаш доци хаар;

● Малийкашна цадезаш долчу хIумнах генавалар, цунах ларвалар, хIунда аьлча, адамашна вон хеташ, новкъарло еш долу хIума царна а вон хета дела, царна цо новкъарло а йо дела.[1]

**5 – Малийкех тешарх хуьлуш болу пайда.**

● Ийман кхочуш дар. Малийкех тешаш хилча бен вайн Ийман кхочуш хуьлуш дац, нийса хуьлуш а дац.

● Уьш Кхоьллинчун сийлахьалла йовзар, Цуьнан паччахьалла а, Цуьнан ницкъ а бовзар. Кхоьллина йолчу хIуманан йоккхалло и хIума кхоьллинчун воккхалла гойтуш хиларе терра, малийкаш кхоьллина волчу Делан

воккхалла евза вайна царах теша а тешна, уьш доьвзича;

● Бусалба стеган Ийман совдалар, оцу малийкийн сифаташ а, церан хьелаш а, церан белхаш а довзарца;

● Дала Шех тешачарна малийкашца гIо дечу хенахь, адамашна кхерамазалла а, синпаргIато а хилар;

● Малийкаша уггар дикачу агIор деш долу Iибадат бахьана долуш уьш дезар, цара вайна – Делах тешаш болчарна – Деле гечдар доьхуш хилар хаар;

● Iесаллаш а, къинош а, вон Iамалш а цаезар;

---

[1] «СубхьаналлохIи ва бихьамдихIи» бохуш ду уьш.
[2] Иза цхьаъ хиларх тешаш ду уьш.
[1] Масала: сигарета озар, къаьркъа малар, иштта кхин долу церан маьIна долуш долу хIумнаш а.

• Дала Шен лайшна тӀехь еш йолчу тергонна Цунна шукр дар, Цунна хастам бар. Дала малийкаш хӀиттийна вай лардайта а, вайн Ӏамалш дӀаязъяйта а, иштта кхин долу вайна дика долу гӀуллакхаш дайта а, цундела, вайна иза хиъча, вай Цунна шукр а, хастам а бан беза.

●●●

## КхоалгIа рукн: Жайнех тешар

**1 – Жайнех тешар бохучун маьIна**

**2 – Жайнех тешаран хьукма**

**3 – Нахана жайнаш оьшуш хилар а, уьш диссоран пайда а, бахьана а**

**4 – Муха хила деза жайнех тешар?**

**5 – Къуръанал хьалха хиллачу жайнийн хабарш къобул дар**

**6 – Къуръан чохь а, Суннатехь а хьахийна долу стиглара диссийна жайнаш**

АллахIа Шен элчанашна – Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда царна – тIедиссийначу жайнех тешар Иманан арканех кхоалгIа рукн ду. Лекха хин волчу Дала Шен элчанаш кхетаме йолчу билгалонашца бахкийтина, царна тIе жайнаш а диссийна, Шен халкъах къинхетам беш, Шен халкъ нисдалийтархьама, цуьнан дуьненан а, эхартан а ирс кхочуш хилийтархьама. И жайнаш адамашна некъ хилийта, уьш оцу некъа дIабахийта. Нахана юккъахь къовсам а, цакхетам а хилча, иза къастош дерш Ша диссийна жайнаш хилийта. Лекха хин волчу АллахIа аьлла Къуръан чохь:

﴿ لَقَدْ أَرْسَلْنَا رُسُلَنَا بِالْبَيِّنَاتِ وَأَنزَلْنَا مَعَهُمُ الْكِتَابَ وَالْمِيزَانَ لِيَقُومَ النَّاسُ بِالْقِسْطِ ﴾ [سورة الحديد، الآية:٢٥].

➤Бакъ долуш, Оха (АллахIа) дахийтира Тхайн геланчаш (малийкаш, пайхамаршна тIе) кхетаме, сирлачу билгалонашца, Оха цаьрца жайна а,[1] терза (нийсо) а доссийра, нах нийсонна тIехь латтийта➤ [Сурат «Алхьадид» 25 аят].

﴿ كَانَ النَّاسُ أُمَّةً وَاحِدَةً فَبَعَثَ اللَّهُ النَّبِيِّينَ مُبَشِّرِينَ وَمُنذِرِينَ وَأَنزَلَ مَعَهُمُ الْكِتَابَ بِالْحَقِّ لِيَحْكُمَ بَيْنَ النَّاسِ فِيمَا اخْتَلَفُوا فِيهِ ﴾ [سورة البقرة، الآية:٢١٣].

➤Адамаш (дерриге а) цхьа уммат дара (массара а Дала бохург деш, тIаккха цхьаболчара куфр дира), тIаккха Дала бахийтира царна пайхамарш, кхаъ боккхуш а болу (ялсаманица, Делах тешачарна), кхерам луш а болу (Делах цатешачарна), цаьрца жайна а доссийра Цо бакъонца, (оцу жайнашца) нахана юккъахь кхел яйта, уьш бекъабеллачу хIуманна тIехь➤ [Сурат «Албакъарат» 213 аят].

**1 – Жайнех тешар бохучун маьIна.**

Жайнех тешар бохург – иза Делан жайнаш хилар бакъ дар ду, Цо уьш Шен элчанашна тIедиссийна хилар бакъ дар а ду. Оцу жайнаш чохь дерг Делан баккъалла а долу къамел хилар а, и жайнаш нахана нур хилар а, куьйгалла хилар а бакъ дар а ду. Оцу жайнаш чохь дерг бакъ а ду, нийса а ду, царна чохь ерг нийсо а ю, оцу нийсонна тIехь хила везаш а ву, цуьнца Iамал ян езаш а ю аьлла тешна хилар а ду.

И жайнаш мел ду цхьа Дела воцчунна хууш дац. Сийлахьчу Дала аьлла:

﴿ ...وَكَلَّمَ اللَّهُ مُوسَىٰ تَكْلِيمًا ﴿١٦٤﴾ ﴾ [سورة النساء، الآية:١٦٤].

➤Дела вист а хилира Муса-пайхамаре, къамел деш➤ [Сурат «Аннисаъ» 164 аят].

Кхин а аьлла Везачу Дала:

﴿ وَإِنْ أَحَدٌ مِّنَ الْمُشْرِكِينَ اسْتَجَارَكَ فَأَجِرْهُ حَتَّىٰ يَسْمَعَ كَلَامَ اللَّهِ ﴾ [سورة التوبة، الآية:٦].

➤Нагахь санна Делаца накъост веш болчерах цхьамма хьоьгара кIелхьаравалар (ахь ша лар вар) дехахь – тIелаца иза, Делан дешнаш цунна хазийтархьама➤ [Сурат «Аттавбат» 6 аят].

[1] Жайнаш диссийра бохург ду цуьнан маьIна.

## 2 – Жайнех тешаран хьукма

Дала Шен элчанашна тӀедиссийна долчу массо жайнех тешар важиб (парз) ду, иштта, оцу жайнаш чохь дерг Делан баккъалла а долу къамел хиларх тешар а важиб ду, цунах теша дезаш а ду вай. И массо жайнаш Делера охьадиссийна хиларх а, уьш кхоьллина цахиларх а тешар тӀехь ду вайна. Ткъа уьш духатоьхнарг, йа царах цхьадерш духатоьхнарг куфр (керстаналла) деш ву (Дала лар дойла вай цунах). Лекхачу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿ يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوٓاْ ءَامِنُواْ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ وَٱلْكِتَـٰبِ ٱلَّذِى نَزَّلَ عَلَىٰ رَسُولِهِۦ وَٱلْكِتَـٰبِ ٱلَّذِىٓ أَنزَلَ مِن قَبْلُ ۚ وَمَن يَكْفُرْ بِٱللَّهِ وَمَلَـٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ وَٱلْيَوْمِ ٱلْـَٔاخِرِ فَقَدْ ضَلَّ ضَلَـٰلًۢا بَعِيدًا ﴾ [سورة النساء، الآية:١٣٦].

➤ХӀай Ийман диллинарш! Шу теша АллахӀах, Цуьнан элчанех а, Цо Шен элчанна тӀедоссийна долчу жайнах (Къуръанах) а, Цо хьалха диссийначу жайнех а. Ткъа АллахӀах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а, ТӀаьххьарчу (Къемат) дийнах а цатешнарг – баккъалла а, иза тилла генадаьллачу тиларца ➤ [Сурат «Аннисаъ» 136 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу Дала:

﴿ وَهَـٰذَا كِتَـٰبٌ أَنزَلْنَـٰهُ مُبَارَكٌ فَٱتَّبِعُوهُ وَٱتَّقُواْ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ ﴿١٥٥﴾ ﴾ [سورة الأنعام، الآية:١٥٥].

➤ХӀара Оха доссийна беркате жайна ду, ткъа шу хила цунна тӀаьхьа доьлхуш (цуьнан куьйгаллийца лелаш), кхера а кхера (Цуьнца керстаналла дарх), шух къинхетам бан мега тӀаккха➤ [Сурат «АльанӀам» 155 аят].

## 3 – Нахана жайнаш оьшуш хилар а, уьш диссоран пайда а, бахьана а.

● Элчанна тӀедоссийна долу жайна умматана шен дин довзуьйтуш долу жайна хилийтар;

● Адамашна юккъахь хуьлуш болчу къестамашна а, бекъабаларшна а нийсонца хьукма деш дерг элчанна тӀедоссийна долу жайна хилийтар;

● Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – веллачул тӀаьхьа, мел дукха хан яларх а, мел гена меттиг хиларх а, бусалба дин оцу жайнехула лардалийта, нахана юккъера бусалба дин дӀа цадалийта;

● АллахӀана Шен халкъана тӀехь и жайнаш тоьшалла хилийта лаар, хӀунда аьлча оцу жайнаш бохучунна тӀера цера дӀасабовла меттиг йоцу дела. Лекхачу Дала аьлла:

﴿ كَانَ ٱلنَّاسُ أُمَّةً وَٰحِدَةً فَبَعَثَ ٱللَّهُ ٱلنَّبِيِّـۧنَ مُبَشِّرِينَ وَمُنذِرِينَ وَأَنزَلَ مَعَهُمُ ٱلْكِتَـٰبَ بِٱلْحَقِّ لِيَحْكُمَ بَيْنَ ٱلنَّاسِ فِيمَا ٱخْتَلَفُواْ فِيهِ ۚ ﴾ [سورة البقرة، الآية:٢١٣].

➤Адамаш (дерриге а) цхьа уммат дара (массара а Дала бохург деш, тӀаккха цхьаболчара куфр дира), тӀаккха Дала бахийтира царна пайхамарш, кхаъ боккхуш а болу (ялсаманица, Делах тешачарна), кхерам луш а болу (Делах цатешачарна), цаьрца жайна а доссийра Цо бакъонца, (оцу жайнашца) нахана юккъахь кхел йита, уьш бекъабеллачу хӀуманна тӀехь➤ [Сурат «Албакъарат» 213 аят].

### 4 – Муха хила деза жайнех тешар?

Жайнех тешар шина кепара ду:

1 – Массо агIо хьахош долу духхенгара тешар.

2 – Массо агIо чулоцуш а долуш, юкъара доцца долу тешар.

Юкъара доцца долу тешар – иза Дала Шен элчанашна тIе жайнаш диссийна хиларх тешар ду.

Ткъа массо агIо хьахош долу, духхенгара тешар – иза Дала Къуръан чохь цIе яккхина долчу жайнех тешар ду. Цо цIе яьккхина долу жайнаш хIорш ду: Къуръан, Таврат, Забур, Инжил, ИбрахIиман а, Мусанан а жайнаш. Иштта хIокху тешаран шолгIачу декъана юкъадогIуш ду, Делан, Цо цIе яккхина а доцуш, кхин жайнаш хиларх а тешар, и жайнаш Цо Шен элчанашна тIедиссийна хиларх а тешар. Ткъа Делан жайнийн дукхалла цхьа Дела воцчунна хууш яц.

Делан дерриге жайнаш Дела цхьаъ вар кхочуш хилийтархьама диссийна ду, Iибадат а, дика Iамалш а Цуьнан доьхьа хилийтархьама диссийн а ду. Делаца гIоьнчий бар а, дуьненчохь бохамаш бар а цамагош даьккхина ду уьш массо, цундела, массо пайхамарийн кхайкхам цхьаъ хилла бу, церан хьукманаш а, цхьайолу Iамалш а тайп-тайпана хиллехь а.

Жайнех тешар – иза хьалха хилла болчу элчанашна тIе уьш диссийна хиларх тешар а ду, цуьнца мукIарло дар а ду, амма Къуръанах тешар – иза Къуръан къобул дар а, цунна тIехь долчуьнца лелар а, цо бохург дар а ду. Лекхачу Дала аьлла:

﴿ ءَامَنَ ٱلرَّسُولُ بِمَآ أُنزِلَ إِلَيۡهِ مِن رَّبِّهِۦ وَٱلۡمُؤۡمِنُونَۚ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ كُلٌّ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَمَلَٰٓئِكَتِهِۦ وَكُتُبِهِۦ وَرُسُلِهِۦ لَا نُفَرِّقُ بَيۡنَ أَحَدٖ مِّن رُّسُلِهِۦۚ وَرُسُلِهِۦ ... ﴾ [سورة البقرة، الآية:٢٨٥].

➤Элча тешна шена шен Делера доссийначух, иштта Ийман диллинарш а, массо уьш тешна АллахIах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а; (цара олу) оха къестам ца бо Цуьнан цхьа а элчанашна юккъахь, (кхин а) аьлла цара: тхуна хаза а хезна, тхо муьтIахь а хилла; хIай тхан Дела, Хьан гечдар доьху оха, дерзар Хьоьга а ду тхан➤ [Сурат «Албакъарат» 285 аят].

Кхин а аьлла Сийлахьчу Дала:

﴿ ٱتَّبِعُواْ مَآ أُنزِلَ إِلَيۡكُم مِّن رَّبِّكُمۡ وَلَا تَتَّبِعُواْ مِن دُونِهِۦٓ أَوۡلِيَآءَۗ ... ﴾ [سورة الأعراف، الآية:٣].

➤Шайн Делера шайна доссийначунна тIехь хила шу, Иза (АллахI) бен шайн доладан цхьа а ма лаца аш➤ [Сурат «АлъаIраф» 3 аят].

Къуръан шел хьалха хиллачу жайнех къаьсташ ду масийтта башхаллашца, царах уггар коьртанаш хIорш ю:

● Къуръанан матте а, маьIне а, цо бийцинчу Iилманан хаамашка а цул хьалха хилла жайнаш кхачалур доцуш, Iаламат чIогIа тамашийна, башха ду Къуръан;

● Вайн Пайхамарца Мухьаммадца – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – пайхамаралла хадийна чекхдаьлла хиларе тера, Къуръан а ду жайнашна юккъахь уггар тIаьхьа доссийна жайна, шел тIаьхьа кхин жайна доссор доцуш а ду;

● Дала Шена тIелаьцна ду Къуръан лардар шена чохь хийцам хиларх а, галдаккхарх а, ткъа кхин долу Къуръанал хьалха хилла долу жайнаш наха хийцина а ду, галдаьхна а ду;

● Къуръан шел хьалха хилла жайнаш бакъ деш деана ду, царна чохь долу маьIнаш лар деш ду, церан галдахар нисдеш а ду;

● Къуръан шел хьалха долу массо стиглара доссийначу жайнийн хьукма дIадоккхуш, уьш нахана юккъахь лелар дIадоккхуш жайна ду; Лекхачу Дала аьлла:

﴿ مَا كَانَ حَدِيثًا يُفْتَرَىٰ وَلَٰكِن تَصْدِيقَ ٱلَّذِي بَيْنَ يَدَيْهِ وَتَفْصِيلَ كُلِّ شَيْءٍ وَهُدًى وَرَحْمَةً لِّقَوْمٍ يُؤْمِنُونَ ﴿١١١﴾ ... ﴾ [سورة يوسف، الآية:١١١].

◄(ХIара Къуръан) харц долу хабар хилла дац, муххале а, шел хьалха долчу (жайнашна) тIечIагIдар а, уьш бакъдар а ду, массо хIуманах кхетош а ду, куьйгалла а ду, къинхетам а бу (хIара Къуръан Делах) тешаш болчарна➢ [Сурат «Юсуф» 111 аят].

**5 – Къуръанал хьалха хиллачу жайнийн хабарш къобул дар.**

Вайна хаьа, Къуръанал хьалха хиллачу жайнаш чохь деънарг, Дала Шен элчанашна – Делера салават а, салам а хуьлда царна – тIедоссийнарг бакъ хилар цхьа а шеко йоцуш. Амма иза вайна хаар, тахана керста нахехь а, жуьгташкахь а долчу жайнаш тIехь дерг бакъ дан деза бохург дац. ХIунда аьлча, уьш хийцина а, галдаьхна а долу дела. Цундела, уьш Дала Шен элчанашна – Делера салават а, салам а хуьлда царна – тIедиссийначу кепара шайн баххаш тIехь дац. Дала вайна Къуръан чохь довзийтина оцу хьалхалерачу жайнаш тIехь долчух цхьадерг. Цо вайна довзийтинчух ду: шен боцу мохь, кхечуьнан мохь цхьаммо а хьур ца хилар, адамо динарг бен цунна эхартахь хирг цахилар, цо лелийнарг гур долуш хилар, цунна богIуш болу бекхам цунна бийр хилар. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ أَمْ لَمْ يُنَبَّأْ بِمَا فِي صُحُفِ مُوسَىٰ ﴿٣٦﴾ وَإِبْرَٰهِيمَ ٱلَّذِي وَفَّىٰٓ ﴿٣٧﴾ أَلَّا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ﴿٣٨﴾ وَأَن لَّيْسَ لِلْإِنسَٰنِ إِلَّا مَا سَعَىٰ ﴿٣٩﴾ وَأَنَّ سَعْيَهُۥ سَوْفَ يُرَىٰ ﴿٤٠﴾ ثُمَّ يُجْزَىٰهُ ٱلْجَزَآءَ ٱلْأَوْفَىٰ ﴿٤١﴾ ﴾ [سورة النجم، الآيات:٣٦-٤١].

◄Йа ца хаийтина цунна Мусанан жайнаш чохь дерг? (Тешаме хилла волчу, шена тIедиллинарг) кхочуш дина волчу ИбрахIиман (жайнаш чохь дерг) а? Кхечуьнан мохь (къинош) цхьаммо а хьур бац (аьлла дерг). Цо лелийнарг (эхартахь) гур долуш а ду (аьлла дерг). ТIаккха цунна цунах бекхам а бийр бу, кхоччуш болу бекхам (аьлла дерг)➢ [Сурат «Аннажм» 36-41 аяташ].

Кхин а аьлла Сийлахь Лекхачу АллахIа:

﴿ بَلْ تُؤْثِرُونَ ٱلْحَيَوٰةَ ٱلدُّنْيَا ﴿١٦﴾ وَٱلْءَاخِرَةُ خَيْرٌ وَأَبْقَىٰٓ ﴿١٧﴾ إِنَّ هَٰذَا لَفِي ٱلصُّحُفِ ٱلْأُولَىٰ ﴿١٨﴾ صُحُفِ إِبْرَٰهِيمَ وَمُوسَىٰ ﴿١٩﴾ ﴾ [سورة الأعلى، الآيات:١٦-١٩].

◄Муххале, дуьненан дахар гIоли хета шуна. Ткъа Эхарт дика а, дуьсур долуш а ма ду. Баккъалла а, хIара ду хьалхарчу жайнаш чохь. ИбрахIиман а, Мусанан а жайнаш чохь➢ [Сурат «АлъаIла» 16-19 аяташ].

Ткъа оцу хьалхалера жайнаш чохь долу ахькамаш (Дала де аьлла тIедеххкина долу парзаш а, ма де аьлла ца магийна хIумнаш а) схьалаьцча, вайна Iибадат хилла тIедужуш дерг Къуръан чохь дерг ду, хьалхалера жайнаш чохь дерг дац. ТIакхха вай оцу ахькамашка хьаьвсича, вайна царах вайн шариIатана доьхьал дерг кара дахь вайна цуьнца Iамал ян мегаш дац. Иза харц ду аьлла дац иза, муххале а, шен хенахь бакъ хилла ду иза, делахь а,

вайна тIехь дац цуьнца Iамал яр, вайн шариIатца цуьнан лелар дIадаькккхина долу дела. Ткъа нагахь санна царах цхьаъ вайн шариIатца догIуш делахь, иза бакъ ду, вайн шарIо иза бакъ хилар вайна хаийтина а ду.[1]

**6 – Къуръан чохь а, Суннатехь а хьахийна долу стиглара диссийна жайнаш.**

*1 – Къуръан.*

Иза Делан къамел ду, пайхамарийн а, элчанийн а мохIур долчу Мухьаммадна – Делера салават а, салам а хуьлда царна – тIедоссийна а ду. Иштта, иза стиглара диссийначу жайнех тIаьххьара жайна ду. Дала Шена тIелаьцна ду, галдакккхарх а, хийцарх а иза лар дар. Цул хьалха хиллачу жайнийн хьукма а, лелар а дIадоккхуш дайитина а ду иза Дала. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿إِنَّا نَحۡنُ نَزَّلۡنَا ٱلذِّكۡرَ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ٩﴾ [سورة الحجر، الآية:٩].

⮜Баккъалла а, Оха доссийна «зикр» (Къуръан), баккъалла а, Оха лардеш а ду иза➢ [Сурат «Алхьижр» 3 аят].

Кхин а аьлла Сийлахьчу Дала:

﴿وَأَنزَلۡنَآ إِلَيۡكَ ٱلۡكِتَٰبَ بِٱلۡحَقِّ مُصَدِّقٗا لِّمَا بَيۡنَ يَدَيۡهِ مِنَ ٱلۡكِتَٰبِ وَمُهَيۡمِنًا عَلَيۡهِۖ فَٱحۡكُم بَيۡنَهُم بِمَآ أَنزَلَ ٱللَّهُۖ...﴾ [سورة المائدة، الآية:٤٨].

⮜Оха хьуна тIедоссийна Жайна, бакъонца, шел хьалха долу жайна бакъдеш, цунна тIехь тешалла долуш, ткъа ахь хьукма де царна юккъахь Дала доссийначуьнца➢ [Сурат «Алмаидат» 48 аят].

*2 – Таврат.*

Иза Дала Мусанна – Делера салам хуьлда цунна – тIедоссийна хилла жайна ду. Цуьнца хьукма деш хилла жуьгташна бахийтинчу пайхамарша а, церан дешначу наха а. Иза царна куьйгалла а дина, нур а дина делла хилла ду. Ткъа вай шех теша дезаш долу Таврат – иза Дала Мусанна тIедоссийна хилларг ду, тахана керста нахехь а, жуьгташкахь а долу, галдаькккхина долу Таврат дац.

Лекха хин волчу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿إِنَّآ أَنزَلۡنَا ٱلتَّوۡرَىٰةَ فِيهَا هُدٗى وَنُورٞۚ يَحۡكُمُ بِهَا ٱلنَّبِيُّونَ ٱلَّذِينَ أَسۡلَمُواْ لِلَّذِينَ هَادُواْ وَٱلرَّبَّٰنِيُّونَ وَٱلۡأَحۡبَارُ بِمَا ٱسۡتُحۡفِظُواْ مِن كِتَٰبِ ٱللَّهِ...﴾ [سورة المائدة، الآية:٤٤].

⮜Баккъалла а, Оха доссийна Таврат, шена чохь куьйгалла (нийса некъ) а, нур а долуш, цуьнца жуьгташна (юккъахь) хьукма (кхел) до (дора) пайхамарша, Далла муьтIахь хилла болчу, (иштта, жуьгтийн) молланаша а, Iелам наха а (хьукма дора) шайга лар дан делла долчуьнца (Тавратаца)➢ [Сурат «Алмаидат» 44 аят].

*3 – Инжил.*

Иза Дала Iийсанна – Делера салам хуьлда цунна – тIедоссийна хилла жайна ду, шена чохь бакъо а, нийсо а йолуш, шел хьалха долу стиглара жайнаш бакъдеш а долуш. Ткъа вай шех

[1] Иза иштта делахь а, вайна церан жайнаш деша а доьшуш лело мегаш дац.

теша дезаш долу Инжил иза Дала Iийсанна – Делера салам хуьлда цунна – тIедоссийна хилла долу жайна ду, шен нийсачу баххаш тIехь долу, тахана керстанашкахь долу галдаьхна долу Инжилаш дац. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ وَقَفَّيْنَا عَلَىٰٓ ءَاثَٰرِهِم بِعِيسَى ٱبْنِ مَرْيَمَ مُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ ٱلتَّوْرَىٰةِ ۖ وَءَاتَيْنَٰهُ ٱلْإِنجِيلَ فِيهِ هُدًى وَنُورٌ وَمُصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَيْهِ مِنَ ٱلتَّوْرَىٰةِ وَهُدًى وَمَوْعِظَةً لِّلْمُتَّقِينَ ﴿٤٦﴾ ﴾ [سورة المائدة، الآية: ٤٦].

≺Церан (пайхамарийн) лорашна тIаьхьа вахийтира Оха Марйаман кIант Iийса, шел хьалха долу Таврат тIечIагIдеш, Оха цунна Инжил а делира, шена чохь куьйгалла а, нур а долуш долу, Таврат бакъдеш а долу, ша куьйгалла а, хьехам а болуш (Делах) кхоьруш болчарна➢ [Сурат «Алмаидат» 46 аят].

Таврат чохь а, Инжил чохь а хиллачу хабарех ду – вайн Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Элча вина воуьйтур ву аьлла кхаъ баккхар. Лекха хин волчу Дала аьлла Къуръан чохь Ша къинхетам хьенах бийр бу хоуьтуш:

﴿ ٱلَّذِينَ يَتَّبِعُونَ ٱلرَّسُولَ ٱلنَّبِىَّ ٱلْأُمِّىَّ ٱلَّذِى يَجِدُونَهُۥ مَكْتُوبًا عِندَهُمْ فِى ٱلتَّوْرَىٰةِ وَٱلْإِنجِيلِ يَأْمُرُهُم بِٱلْمَعْرُوفِ وَيَنْهَىٰهُمْ عَنِ ٱلْمُنكَرِ وَيُحِلُّ لَهُمُ ٱلطَّيِّبَٰتِ وَيُحَرِّمُ عَلَيْهِمُ ٱلْخَبَٰٓئِثَ وَيَضَعُ عَنْهُمْ إِصْرَهُمْ وَٱلْأَغْلَٰلَ ٱلَّتِى كَانَتْ عَلَيْهِمْ ۚ... ﴾ [سورة الأعراف، الآية: ١٥٧].

≺Элчанна, Пайхамарна тIаьхьа хIиттинчарна, язъян а, еша а ца хууш волчу, шайн Таврат чохь а, Инжил чохь а царна вуьйцуш карош волчу, цаьрга диканиг де олуш, вочу хIумнах уьш юхатухуш волчу, царна цIена хIумнаш хьанал деш, цIена доцург хьарам деш волчу, царна тIехь хилла йолу хало а, гаттонаш а дIаойъуш волчу➢[1] [Сурат «АлъаIраф» 157 аят].

*4 – Забур.*

Иза Дала Давудана – Делера салам хуьлда цунна – тIедоссийна хилла жайна ду. Ткъа вай шех теша дезаш долу Забур – иза Дала цунна тIедоссийна хилла Забур ду, жуьгташа галдаьккхина дерг дац. Забурах лаьцна Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿ ... وَءَاتَيْنَا دَاوُۥدَ زَبُورًا ﴿١٦٣﴾ ﴾ [سورة النساء، الآية: ١٦٣].

≺Давуде Забур а делира Оха➢ [Сурат «Аннисаъ» 163 аят].

*5 – ИбрахIиман а, Мусанан а жайнаш.*

Уьш Дала ИбрахIиме а, Мусага а – Делера салам хуьлда цаьршинна – делла хилла жайнаш ду. Уьш дерриг а дайна ду, царах хууш хIумма а дац, Сийлахьчу Къуръан чохь, йа Суннатехь царах лаьцна деана доцург. Церан хьокъехь Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿ أَمْ لَمْ يُنَبَّأْ بِمَا فِى صُحُفِ مُوسَىٰ ﴿٣٦﴾ وَإِبْرَٰهِيمَ ٱلَّذِى وَفَّىٰٓ ﴿٣٧﴾ أَلَّا تَزِرُ وَازِرَةٌ وِزْرَ أُخْرَىٰ ﴿٣٨﴾ وَأَن لَّيْسَ لِلْإِنسَٰنِ إِلَّا مَا سَعَىٰ ﴿٣٩﴾ وَأَنَّ سَعْيَهُۥ سَوْفَ يُرَىٰ ﴿٤٠﴾ ثُمَّ يُجْزَىٰهُ ٱلْجَزَآءَ ٱلْأَوْفَىٰ ﴿٤١﴾ ﴾ [سورة النجم، الآيات: ٣٦-٤١].

[1] Дала адамашна довзуьйтуш ду хIокху аятехь, жуьгтех а, керста нахах а Ша къинхетам муьлхачерах бийр бу. Оцу аятехь дуьйцуш долу сифаташ долуш волчу Мухьаммад Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тIаьхьа хIиттинчерах бийр бу Ша бах Дала къинхетам. Оцо вайна хоуьйту, бусалба дин лелош боцу нах – жуьгтий белахь а, керстанаш (христианаш) белахь а – уьш ялсамане гIур ца хилар, Дала церах къинхетам бийр цахилар а. Амма вайна иза хиъча а, вайн бакъо яц царна зулам дан уьш керста бара аьлла, хIунда аьлча Дела массо хIуманна тIехь нийсо езаш волу дела.

⮜Йа ца хаийтина цунна Мусанан жайнаш чохь дерг? (Тешаме хилла волчу, шена тӀедиллинарг) кхочуш дина волчу ИбрахӀиман (жайнаш чохь дерг) а? Кхечуьнан мохь (къинош) цхьаммо а хьур бац (аьлла дерг). Цо лелийнарг (эхартахь) гур долуш а ду (аьлла дерг). ТӀаккха цунна цунах бекхам а бийр бу, кхоччуш болу бекхам (аьлла дерг)⮞ [Сурат «Аннажм» 36-41 аяташ].

Кхин а аьлла Дала царах лаьцна:

﴿ بَلۡ تُؤۡثِرُونَ ٱلۡحَيَوٰةَ ٱلدُّنۡيَا ﴿١٦﴾ وَٱلۡأٓخِرَةُ خَيۡرٞ وَأَبۡقَىٰٓ ﴿١٧﴾ إِنَّ هَٰذَا لَفِي ٱلصُّحُفِ ٱلۡأُولَىٰ ﴿١٨﴾ صُحُفِ إِبۡرَٰهِيمَ وَمُوسَىٰ ﴿١٩﴾ ﴾ [سورة الأعلى، الآيات: ١٦-١٩].

⮜Муххале, дуьненан дахар гӀоли хета шуна. Ткъа Эхарт дика а, дуьсур долуш а ма ду. Баккъалла а, хӀара ду хьалхарчу жайнаш чохь. ИбрахӀиман а, Мусанан а жайнаш чохь⮞ [Сурат «АлъаӀла» 16-19 аяташ].

●●●

## ДоьалгIа рукн: Элчанех тешар

1 – Элчанех тешар довзийтар

2 – Пайхамараллин маьIна а, цуьнан дух а

3 – Пайхамарш бахкийтаран пайда а, бахьана а

4 – Элчанийн белхаш

5 – Ислам – массо пайхамарийн дин ду

6 – Элчанаш а, пайхамарш а адамаш хилар, царна къайлах дерг хууш ца хилар

7 – Пайхамарш гал бовлуш ца хилар

8 – Пайхамарийн а, элчанийн а дукхалла а, царах уггар безнаш а

9 – Пайхамарийн билгалонаш а, Iаламаташ а

10 – Вайн Пайхамаран Мухьаммадан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – пайхамараллех тешар

**1 – Элчанех тешар довзийтар.**

Элчанех тешар – Делера салам хуьлда царна – Иманан арканех цхьа рукн ду, ткъа цуьнан массо арканех тешча бен Ийман кхочуш хуьлуш дац.

Элчанех тешар – иза вай даггара тешар ду, Делан элчанаш хиларх, Шен омрунаш дІакхачо Цо къастийна болу, царна тІаьхьа хІоьттинарг нислур а волуш, царна Іеса хилларг гал ваьлла а хир волуш. Кхин а вай тешар ду иза, Дала шайна тІедоссийнарг цара кхачо ма-дезза дІакхачийна хиларх, шайна тІедиллина хилла декхар цара чекхдаьккхина хиларх а, умматана цара дерриг диканца хьехам бина хиларх а, бакъ долчу къахьегарца цара Делан некъахь къахьегна хиларх а, ГІазот дина хиларх а, цара адамашна а, жинашна а тІехь тешалла хІоттийна хиларх а, шайга дІакхачо делларг цара йа хийцина а, йа галдаьккхина а, йа къайла дахийтина а цахиларх а. Иштта кхин а вай тешар ду иза, Дала вайна цІе йоккхуш бовзийтинчу пайхамарех а, цІе ца яккхинчу пайхамарех а. Кхин а вай тешар ду иза, хІора пайхамара шел тІаьхьа хир волчу пайхамарх лаьцна кхаъ баьккхина хиларх а, тІаьхьа веанчо шел хьалха хилларш тІечІагІбеш а, уьш бакъбеш а хилла хиларх а.

Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ قُولُوٓاْ ءَامَنَّا بِٱللَّهِ وَمَآ أُنزِلَ إِلَيۡنَا وَمَآ أُنزِلَ إِلَىٰٓ إِبۡرَٰهِـۧمَ وَإِسۡمَٰعِيلَ وَإِسۡحَٰقَ وَيَعۡقُوبَ وَٱلۡأَسۡبَاطِ وَمَآ أُوتِيَ مُوسَىٰ وَعِيسَىٰ وَمَآ أُوتِيَ ٱلنَّبِيُّونَ مِن رَّبِّهِمۡ لَا نُفَرِّقُ بَيۡنَ أَحَدٖ مِّنۡهُمۡ وَنَحۡنُ لَهُۥ مُسۡلِمُونَ ﴾ [سورة البقرة، الآية:١٣٦].

≺Аш ала: тхо тешна АллахІах а, тхоьга доьссинчух а, ИбрахІиме а, ИсмаІиле а, Исхьакъе а, ЯІкъубе а, цуьнан кІенташка а доьссинчух а, Мусага а, Іийсага а деллачех а, пайхамаршка церан Делера деллачух а, (аш ала:) оха къастам ца бо царна цхьанна юккъахь, тхо Цунна (Далла) муьтІахь (бусалба) а ду➢ [Сурат «Албакъарат» 136 аят].

Пайхамаршна юкъара муьлхха а цхьа пайхамар харц винчо иза бакъ вина волу пайхамар а харц во, цхьана пайхамарна Іеса хилларг цунна муьтІахь хила аьлла омру динчунна а Іеса хуьлу. Сийлахьчу Дала аьлла:

﴿ إِنَّ ٱلَّذِينَ يَكۡفُرُونَ بِٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦ وَيُرِيدُونَ أَن يُفَرِّقُواْ بَيۡنَ ٱللَّهِ وَرُسُلِهِۦ وَيَقُولُونَ نُؤۡمِنُ بِبَعۡضٖ وَنَكۡفُرُ بِبَعۡضٖ وَيُرِيدُونَ أَن يَتَّخِذُواْ بَيۡنَ ذَٰلِكَ سَبِيلًا ﴿١٥٠﴾ أُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡكَٰفِرُونَ حَقّٗاۚ وَأَعۡتَدۡنَا لِلۡكَٰفِرِينَ عَذَابٗا مُّهِينٗا ﴾ [سورة النساء، الآيتان:١٥٠، ١٥١].

≺Баккъалла а, Делаца а, Цуьнан элчанашца а куфр деш (ца тешаш) берш, Далла а, Цуьнан элчанашна а юккъахь къастам бан лууш берш,[1] "тхо цхьадолчух теша, цхьадолчух ца теша" – бохуш берш а, оцунна (куфранна а, Иманна а) юккъера некъ лаца лууш берш а. Уьш бу кафирунаш[2] бакъ болу, Оха кафирашна (ца тешачарна) аьшне (гІелонан) Іазап а кечдина➢ [Сурат «Аннисаъ» 150-151 аяташ].

[1] Тхо Делах теша, амма элчанех ца теша тхо бохуш, царна юккъахь къастам бан лууш берш.

[2] Делах ца тешаш берш, керстанаш, Дала бохург харц дийриш.

## 2 – Пайхамараллин маьIна а, цуьнан дух а.

Пайхамаралла Кхолларxочунна а, Цо кхоьллинчунна а юккъахь йолу зIе ю. Шен лайшна юккъера Шена луучунна ло иза Дала. Шен халкъа юккъера Шена луург харжа а хоржу Цо, ткъа и харжам а, лаам а цхьа АллахI-Дела воцучуьнан кхечуьнан бан а бац. Лекхачу Дала аьлла:

﴿ٱللَّهُ يَصۡطَفِي مِنَ ٱلۡمَلَٰٓئِكَةِ رُسُلٗا وَمِنَ ٱلنَّاسِۚ إِنَّ ٱللَّهَ سَمِيعُۢ بَصِيرٞ ٧٥﴾ [سورة الحج، الآية:75].

⮜АллахIа хоржу геланчаш малийкашна юккъера, адамашна юккъера а, баккъалла, АллахI Хезаш, Гуш ву➢ [Сурат «Алхьадж» 75 аят].

Пайхамаралла Дала луш ду, адамо ша шена хуьлуьйтуш дац. Дукха Iибадат дарца а, йа дукха Далла муьтIахь хиларца а хилалуш дац пайхамаралла. Сийлахь а, Нуьцкъала а волчу Дала беш болчу харжамца а, къасторца а хуьлуш ду пайхамаралла. Сийлахь Лекхачу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿... ٱللَّهُ يَجۡتَبِيٓ إِلَيۡهِ مَن يَشَآءُ وَيَهۡدِيٓ إِلَيۡهِ مَن يُنِيبُ﴾ [سورة الشورى، الآية:13].

⮜Дала хоржу цунна (тавхьидана) Шена лууш верг (Ша цхьаъ вайта цуьнга), Цо нис а во цу тIе (шен дине, Шега) воьрзуш верг➢ [Сурат «Ашшура» 13 аят].

## 3 – Пайхамарш бахкийтаран пайда а, бахьана а.

Уьш бахкийтаран пайданаш а, бахьанаш а масийтта ду:

● Адамаш Делан лайшна Iибадат дечара, шайн Далла Iибадат даре арадахар, Дала кхоьллинчун лоллера Делан лоллин паргIатоне арадахар. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿وَمَآ أَرۡسَلۡنَٰكَ إِلَّا رَحۡمَةٗ لِّلۡعَٰلَمِينَ ١٠٧﴾ [سورة الأنبياء، الآية:107].

⮜Оха хьо вахийтина вац, (хьоьца) Iаламах къинхетам беш бен➢ [Сурат «Альанбияъ» 107 аят].

● Дала хIара халкъ-Iалам кхолларан бахьана довзийтар. Ткъа и бахьана вай цунна Iибадат дар ду, Иза цхьаъ вар а ду. И бахьана вайна довзийла яц, Дала Шен халкъа юккъера харжа а хаьржина, Iаламашна тIехь базбина болу элчанаш вайна бахкийтарца бен. Шена цхьанна бен Iибадат дан хьакъ доцчу Дала аьлла:

﴿وَلَقَدۡ بَعَثۡنَا فِي كُلِّ أُمَّةٖ رَّسُولًا أَنِ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ وَٱجۡتَنِبُواْ ٱلطَّٰغُوتَۖ﴾ [سورة النحل، الآية:36].

⮜Оха вахийтина хIора умматана пайхамар (цо цаьрга олуш): Далла Iибадат а де, тIагIутах лар а ло➢ [Сурат «Аннахьл» 36 аят].

● Пайхамарш бахийтарца адамашна тIехь тешалла хIоттор, царна тIехь Делан тешалла хилар. Лекхачу Дала аьлла:

﴿رُّسُلٗا مُّبَشِّرِينَ وَمُنذِرِينَ لِئَلَّا يَكُونَ لِلنَّاسِ عَلَى ٱللَّهِ حُجَّةُۢ بَعۡدَ ٱلرُّسُلِۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمٗا ١٦٥﴾ [سورة النساء، الآية:165].

⮜(Ас бахийтина) элчанаш, кхаъ боккхуш болу, кхерам луш а болу, нахана цахилийта элчанел тӀаьхьа Далла хьалха бахьана-бехказло, хилла а ву АллахӀ Нуьцкъала а, Хьекъале а⮞ [Сурат «Аннисаъ» 165 аят].

• Адамаш шайн хьекъалшца тӀе ца кхуьуш долу цхьадолу къайлах долу хӀумнаш царна довзийтар. Масала: Делан цӀерш а, сифаташ а, малийкаш довзар а, къемат де а, иштта кхин дерг а.

• Дала сий долу гӀиллакхаш шайна делла болу пайхамарш, дегӀан марзонех а, шеконех а ларбина болу пайхамарш вайна хаза масала хилийтар. Лекхачу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿ أُوْلَـٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ هَدَى ٱللَّهُ فَبِهُدَىٰهُمُ ٱقْتَدِهْ... ﴾ [سورة الأنعام، الآية:٩٠].

⮜Уьш бу Дала нисбинарш, хьо хила церан нийсачу некъа тӀехь⮞ [Сурат «АлъанӀам» 90 аят].

Кхин а аьлла Сийлахьчу Дала:

﴿ لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِيهِمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ... ﴾ [سورة الممتحنة، الآية:٦].

⮜Бакъдолуш, хаза масала дара (ду) шуна цаьргахь⮞ [Сурат «Алмумтахьанат» 6 аят].

• Синош тодар, нисдар, уьш цӀандар, дика хӀума дар тӀехь адамаш кхиор, уьш галдохуш долу массо хӀумнах уьш духатохар. Сийлахьчу Дала аьлла:

﴿ هُوَ ٱلَّذِى بَعَثَ فِى ٱلْأُمِّيِّـۧنَ رَسُولًا مِّنْهُمْ يَتْلُواْ عَلَيْهِمْ ءَايَـٰتِهِۦ وَيُزَكِّيهِمْ وَيُعَلِّمُهُمُ ٱلْكِتَـٰبَ وَٱلْحِكْمَةَ ﴾ [سورة الجمعة، الآية:٢].

⮜Иза (Дела) ву йоза-дешар хууш боцучарна пайхамар вахийтинарг, царна Цуьнан аяташ доьшу цо, уьш цӀан а бо цо (ширках), царна жайна а, хьекъалалла а Ӏамадо цо⮞ [Сурат «АлжумуӀат» 2 аят].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"إنما بعثت لأتمم مكارم الأخلاق." [ رواه أحمد والحاكم ].

«Хаза гӀиллакхаш кхочуш дан ваийтина ву со» [Ахьмад, Хьаким].

**4 – Элчанийн белхаш.**

Элчанийн – Делера салам-маршалла хуьлда царна – сий долу белхаш ду. Царах цхьадерш дуьйцур ду вай:

• ШариӀат дӀакхайкхор а[1], нах цхьаьна АллахӀана Ӏибадат даре кхайкхар а, кхечунна деш долу Ӏибадат Ӏад дитаре кхайкхар а. Лекха хин волчу Дала аьлла Шен Сийлахьчу Къуръан чохь:

﴿ ٱلَّذِينَ يُبَلِّغُونَ رِسَـٰلَـٰتِ ٱللَّهِ وَيَخْشَوْنَهُۥ وَلَا يَخْشَوْنَ أَحَدًا إِلَّا ٱللَّهَ ۗ وَكَفَىٰ بِٱللَّهِ حَسِيبًا ﴿٣٩﴾ ﴾ [سورة الأحزاب، الآية:٣٩].

[1] ШариӀат бохучу дешан маьӀна боккха чулацам болуш маьӀна ду, доккха маьӀна а ду. Адам ненан кийрахь кхоллалучу хенахь дуьйна схьа, иза латтанан кийра дерззалц адаман дахаран некъ бу и ШариӀат. Ткъа тахана дукхах болчу нехан цунах кхетам Кхел яр бен бац. Ткъа Кхел яр оцу ШариӀатан дуккха а долчу декъах цхьа дакъа бен дац. Массарна а хаа деза, ШариӀат дӀахӀоттор, ШарӀ дӀакхайкхор цхьана Кхелаца доьзна долу гӀуллакхаш хилла ца Ӏай. Иза вайна ма-дарра ца довзар бахьана долуш, хӀокху дӀадаханчу 10 шарахь цунах лаьцна гал-кхетам хӀоттабелла нехан а, иза юьхьар лаьцна лелачийн а.

⮜Делан кхайкхамаш дӀакхачош берш, Цунах кхера а кхоьруш, Дела воцучах цхьаьннех кхин кхера а ца кхоьруш; (ткъа шуна) хьесап дан Дела тоъаш ву⮞[2] [Сурат «Алъахьзаб» 39 аят].

● Делан дин довзийтар, цунах адамаш кхетор, динан ахькамаш довзийтар. Лекхачу АллахӀа аьлла:

﴿وَأَنزَلْنَآ إِلَيْكَ ٱلذِّكْرَ لِتُبَيِّنَ لِلنَّاسِ مَا نُزِّلَ إِلَيْهِمْ وَلَعَلَّهُمْ يَتَفَكَّرُونَ﴾ [سورة النحل، الآية:٤٤].

⮜Оха хьоьга «зикр» (Къуръан) доссийна, хьоьга нахана довзийтийтархьама (уьш кхетош) царна тӀедоссийнарг, цара (оцу тӀехь) ойла ян мегар-кх тӀаккха⮞ [Сурат «Аннахьл» 44 аят].

● Уммат диканна тӀенисдар, вочу хӀумнах иза лардар, диканиг дича царна мел хиларца кхаъ баккхар, воних дича Ӏазап хирг хиларца кхерам балар. Лекхачу Дала аьлла:

﴿رُّسُلًا مُّبَشِّرِينَ وَمُنذِرِينَ لِئَلَّا يَكُونَ لِلنَّاسِ عَلَى ٱللَّهِ حُجَّةٌۢ بَعْدَ ٱلرُّسُلِ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿١٦٥﴾﴾ [سورة النساء، الآية:١٦٥].

⮜(Ас бахийтина) элчанаш, кхаъ боккхуш болу, кхерам луш а болу, нахана цахилийта элчанел тӀаьхьа Далла хьалха бехказло-бахьана. Бакъ долуш, АллахӀ ву Нуьцкъала а, Хьекъален а⮞ [Сурат «Аннисаъ» 165 аят].

● Адамийн хьал тодар, уьш нисдар, хазчу масалшца а, дикчу куьйгаллийца а, дашца а, гӀуллакхца а.

● Адамашна юккъахь ШарӀ дӀахӀоттор, иза чекхдаккхар.

● Къемат дийнахь шайн умматашна тешалла дар, шаьш цаьрга кхачо беза кхайкхам дӀакхачийна аьлла. Сийлахьчу Дала аьлла:

﴿فَكَيْفَ إِذَا جِئْنَا مِن كُلِّ أُمَّةٍۭ بِشَهِيدٍ وَجِئْنَا بِكَ عَلَىٰ هَٰٓؤُلَآءِ شَهِيدًا﴾ [سورة النساء، الآية:٤١].

⮜Ткъа муха хир ду (керста нехан хьал), Оха хӀора уммат

юккъера теш валийча, хӀокхарна тӀехь Оха хьо тешаллийна а валийча?⮞ [Сурат «Аннисаъ» 41 аят].

## 5 – Ислам – массо пайхамарийн дин ду.

Бусалба дин массо пайхамарийн а, элчанийн а дин ду.

Лекхачу Дала аьлла:

﴿إِنَّ ٱلدِّينَ عِندَ ٱللَّهِ ٱلْإِسْلَٰمُ﴾ [سورة آل عمران، الآية:١٩].

⮜Баккъалла а, АллахӀана гергахь (Иза реза волу) дин Ислам ду⮞ [Сурат «Ал-Ӏимран» 19 аят].

Цундела, массо пайхамарш цхьана хӀумане кхойкхуш хилла бу – АллахӀана цхьанна Ӏибадат даре, кхечарна деш долу Ӏибадат саца даре а. Церан шарӀаш а, хьукманаш а тайп-тайпана делахь а, амма уьш массо цхьана бух тӀехь цхьаьнакхеташ бу. Ткъа и бух – Дела цхьаъ вар, тавхьид бу. Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

[2] ХӀара аят хӀокхул хьалха долчу аятца доьзна ду. ХӀокхуьнан маьӀна иштта ду тафсирехь: «Дала дина долу хьукм – иза хьол хьалха хиллачу пайхамарийн хьукм ду хӀай Мухьаммад».

"والأنبياء إخوة لعلات." [ رواه البخاري ].

«Пайхамарш берриге а цхьана орум тӀехь вежрий бу» [Бухари].

**6 – Элчанаш а, пайхамарш а адамаш хилар, царна къайлах дерг хууш ца хилар.**

Къайлах дерг хаар – Делан бен хила йиш йоцуш йолу, Иза Дела вуй хоуьйтуш йолу билгало ю. Пайхамарийн сифат дац иза. ХӀунда аьлча уьш кхин долу адамаш санна адамаш ду, яъа хӀума а юъу цара, мала а молу, зударий а бала бо, наб а йо, цомгаш а хуьлу, кӀад а ло. Лекха хин волчу Дала бах Къуръан чохь:

﴿ وَمَآ أَرۡسَلۡنَا قَبۡلَكَ مِنَ ٱلۡمُرۡسَلِينَ إِلَّآ إِنَّهُمۡ لَيَأۡكُلُونَ ٱلطَّعَامَ وَيَمۡشُونَ فِي ٱلۡأَسۡوَاقِۗ .. ﴾ [سورة الفرقان، الآية:٢٠].

➤Оха хьол хьалха цхьа а пайхамарш ца бахийтина уьш яъа хӀума юъуш болуш бен, базара юкъа бовлуш болуш бен➤ [Сурат «Алфуркъан» 20 аят].

Кхин а аьлла Цо – Сийлахь а, ЦӀена а ву Иза - :

﴿ وَلَقَدۡ أَرۡسَلۡنَا رُسُلٗا مِّن قَبۡلِكَ وَجَعَلۡنَا لَهُمۡ أَزۡوَٰجٗا وَذُرِّيَّةٗۚ ﴾ [سورة الرعد، الآية:٣٨].

➤Бакъдолуш, Оха хьол хьалха элчанаш бахийтина, Оха царна хӀусамнаной а, тӀаьхье а елла➤ [Сурат «АрраӀд» 38 аят].

Адамашна хуьлуш болу сингаттам а, хазахетар а, хало а хуьлу пайхамаршна. Дала уьш къастийна хаьржина бу Шен дин цаьрга дӀакхачадайтархьама. Дала шайна хаийтинарг бен къайлах дерг хууш а бац уьш.

Сийлахь Лекхачу Дала аьлла:

﴿ عَٰلِمُ ٱلۡغَيۡبِ فَلَا يُظۡهِرُ عَلَىٰ غَيۡبِهِۦٓ أَحَدًا ۝٢٦ إِلَّا مَنِ ٱرۡتَضَىٰ مِن رَّسُولٖ فَإِنَّهُۥ يَسۡلُكُ مِنۢ بَيۡنِ يَدَيۡهِ وَمِنۡ خَلۡفِهِۦ رَصَدٗا ۝٢٧ ﴾ [سورة الجن، الآيتان ٢٦ ، ٢٧].

➤Къайлах дерг хууш верг ву (Дела), Шен къайленна тӀе Цо цхьа а кхиа ца во. Ша реза хилла волу элча воцург, Цо (Дала) цунна хьалха а, тӀаьхьа а тергамхо (малийкаш) лоьлуьйту (иза ларвеш)➤ [Сурат «Алжинн» 26-27 аяташ].

**7 – Пайхамарш гал бовлуш ца хилар.**

Дала Шен кхайкхамна а, иза дӀакхачорна а, халкъана юккъера уггар диканаш къастийна, кхолларехь а, гӀиллакхашца а уггар гӀоли берш. Даккхийчу къинойх уьш ларбина Цо, берриге кхачамбацарех уьш хьалха баьхна Цо, Шен вахьйу цаьрга шайн умматашка дӀакхачадайтархьама. Цундела, цара Делера дуьйцучу хӀуманна тӀехь гал бовларха Дала уьш ларбина. Делан кхайкхам дӀакхачорехь гал бовларха а Дала уьш ларбина. Уьш Дала иштта лар бина хиларна тӀехь дерриг Умматан берриг Ӏеламнехан сацам хилла бу.

Лекхачу Дала аьлла:

﴿ يَا أَيُّهَا الرَّسُولُ بَلِّغْ مَا أُنْزِلَ إِلَيْكَ مِنْ رَبِّكَ وَإِنْ لَمْ تَفْعَلْ فَمَا بَلَّغْتَ رِسَالَتَهُ وَاللَّهُ يَعْصِمُكَ مِنَ النَّاسِ ﴾ [سورة المائدة، الآية:٦٧].

≺ХIай Элча! Хьайн Делера хьайга доьссинарг дIакхачаде, ткъа ахь иза ца дахь – ахь (Делан) кхайкхам дIа цакхачийна; ткъа нахах хьо Дала ларвийр ву➢ [Сурат «Алмаидат» 67 аят].

Кхин а аьлла Везчу Дала:

﴿ الَّذِينَ يُبَلِّغُونَ رِسَالَاتِ اللَّهِ وَيَخْشَوْنَهُ وَلَا يَخْشَوْنَ أَحَدًا إِلَّا اللَّهَ... ﴾ [سورة الأحزاب، الآية:٣٩].

≺Делан кхайкхамаш дIакхачош берш, Цунах кхера а кхоьруш, Дела воцчух цхьаннех кхин кхера а ца кхоьруш➢ [Сурат «Алъахьзаб» 39 аят].

Кхин а аьлла Сийлахь волчу АллахIа:

﴿ لِيَعْلَمَ أَنْ قَدْ أَبْلَغُوا رِسَالَاتِ رَبِّهِمْ وَأَحَاطَ بِمَا لَدَيْهِمْ وَأَحْصَى كُلَّ شَيْءٍ عَدَدًا ﴿٢٨﴾ ﴾ [سورة الجن، الآية:٢٨].

≺АллахIана хаийтархьама цара шайн Делан кхайкхамаш дIакхачийна хилар; цаьргахь долу массо хIума хаьа Цунна, массо хIуманан дукхаллин хьесап а дина Цо➢ [Сурат «Алжинн» 28 аят].

Ткъа нагахь санна царах цхьаьнгара кегийчу къинойх къа далахь, царна тIедиллинарг дIакхачорца доьзна доцучу хIуманна тIехь, царна Дала иза довзуьйтуш хилла ду, тIаккха цара сихонца Деле тоба деш хилла а ду. Хьастабелла, муьтIахь Цуьнга боьрзуш хилла уьш Дала шайна иза довзийтинчул тIаьхьа. Ткъа и жима къа цкъа а ца хилча санна дIадолуш хилла церан. Иштта, цара тоба дарца уьш шайн хьалха хиллачу даржел кхин а даржехь сов бовлуш хилла. И ша дерг хIунда ду аьлча – Дала Шен пайхамараш – Делера салам-маршалла хуьлда царна – уггар кхачаме гIиллакхашца къастийна хилла бу кхечу адамашна юккъера, царна дикаллин сифаташ а делла хилла ду, церан даржехь, церан езчу меттигехь уьш лах беш долчу массо хIумнах уьш цIан бина хилла а бу.

**8 – Пайхамарийн а, элчанийн а дукхалла, царах уггар безнаш.**

Билггал хууш ду элчанаш – Делера салават а, салам а хуьлда царна массарна – кхо бIе итт а, кхин масех элча а хилар. Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шега уьш мас элча ву аьлла хаьттича, жоп делла:

"ثلاثمائة وخمس عشرة جماً غفيراً." [ رواه الحاكم ].

«Вуьззина кхо бIе пхийтта ву» [Хьаким]

Пайхамарш элчанел дукха бу. Царах цхьаберш Дала вайна Шен Жайни (Къуръан) тIехь бийцина, цхьаберш бийцаза а бу. Ткъа Дала вайна Къуръан тIехь цIерш яхнарш ткъе пхиъ пайхамар а, элча а ву. Лекха хин волчу Дала аьлла Къуръан тIехь:

﴿ وَرُسُلًا قَدْ قَصَصْنَاهُمْ عَلَيْكَ مِنْ قَبْلُ وَرُسُلًا لَمْ نَقْصُصْهُمْ عَلَيْكَ... ﴾ [سورة النساء، الآية:١٦٤].

≺(Ас бахийтина) элчанаш, Оха хьалха хьуна бийцинарш а, (иштта, Ас бахийтина) элчанаш, хьуна Оха бийцаза берш а➢ [Сурат «Аннисаъ» 164 аят].

Кхин а аьлла Сийлахь волчу АллахIа:

﴿وَتِلْكَ حُجَّتُنَآ ءَاتَيْنَٰهَآ إِبْرَٰهِيمَ عَلَىٰ قَوْمِهِۦ ۚ نَرْفَعُ دَرَجَٰتٍ مَّن نَّشَآءُ ۗ إِنَّ رَبَّكَ حَكِيمٌ عَلِيمٌ ﴿٨٣﴾ وَوَهَبْنَا لَهُۥٓ إِسْحَٰقَ
وَيَعْقُوبَ ۚ كُلًّا هَدَيْنَا ۚ وَنُوحًا هَدَيْنَا مِن قَبْلُ ۖ وَمِن ذُرِّيَّتِهِۦ دَاوُۥدَ وَسُلَيْمَٰنَ وَأَيُّوبَ وَيُوسُفَ وَمُوسَىٰ وَهَٰرُونَ ۚ وَكَذَٰلِكَ
نَجْزِى ٱلْمُحْسِنِينَ ﴿٨٤﴾ وَزَكَرِيَّا وَيَحْيَىٰ وَعِيسَىٰ وَإِلْيَاسَ ۖ كُلٌّ مِّنَ ٱلصَّٰلِحِينَ ﴿٨٥﴾ وَإِسْمَٰعِيلَ وَٱلْيَسَعَ وَيُونُسَ
وَلُوطًا ۚ وَكُلًّا فَضَّلْنَا عَلَى ٱلْعَٰلَمِينَ ﴿٨٦﴾ وَمِنْ ءَابَآئِهِمْ وَذُرِّيَّٰتِهِمْ وَإِخْوَٰنِهِمْ ۖ وَٱجْتَبَيْنَٰهُمْ وَهَدَيْنَٰهُمْ إِلَىٰ صِرَٰطٍ
مُّسْتَقِيمٍ ﴿٨٧﴾﴾ [سورة الأنعام، الآيات:٨٣-٨٧].

➤Иза Тхан тешалла ду Оха ИбрахIимна цуьнан къоман тIехь делла хилла долу; Оха лекха воккху даржашкахь Тхайна лууш верг; баккъалла, хьан Дела Хьекъале а, Хууш а ву. Оха цунна (ИбрахIимна) велла Исхьакъ а, ЯIкъуб а – и ший а (нийса некъа тIе) нисвира Оха, Нухь а нисвира Оха (ИбрахIимал хьалха), цуьнан тIаьхьенах Давуд а, Сулайман, Аййуб а, Юсуф а, Муса а, ХIарун а (уьш массо нисбира Оха); иштта (диканца) бекхам бо Оха дика динчарна. Закариййа а, Йахьйа а, Iийса а, Ильяс а (уьш) массо дикчу нахах бу. (Иштта) ИсмаIил а, АлйасаI а, Юнус а, ЛутI а; Оха (уьш) массо базбира Iаламашна тIехь. (Иштта Оха кхин а нисбира) церан дайшна юккъера а, церан тIаьхьенах (берш) а, церан вежаршна юккъера а, Оха уьш харжа а хаьржира, Оха уьш нийсачу некъа тIе нис а бира➤ [Сурат «АлъанIам» 83-87 аяташ].

Дала цхьаболу пайхамарш кхечарна тIехь базбина. Оцу хьокъехь аьлла Лекхачу Дала:

﴿وَلَقَدْ فَضَّلْنَا بَعْضَ ٱلنَّبِيِّۦنَ عَلَىٰ بَعْضٍ ۖ...﴾ [سورة الإسراء، الآية:٥٥].

➤Оха базбира цхьаболу пайхамарш кхечарна тIехь➤ [Сурат «Алъисраъ» 55 аят].

Элчанаш а базбина Дала вовшашна юккъахь. Сийлахьчу Дала аьлла:

﴿تِلْكَ ٱلرُّسُلُ فَضَّلْنَا بَعْضَهُمْ عَلَىٰ بَعْضٍ ۘ..﴾ [سورة البقرة، الآية:٢٥٣].

➤Уьш элчанаш бу, Оха базбина царах цхьаберш кхечарна тIехь➤ [Сурат «Албакъарат» 253 аят].

Царах уггар безанаш - собаран а, къахьегаран а дай хилларш бу. ХIорш бу уьш: Нухь, ИбрахIим, Муса, Iийса, вайн Пайхамар Мухьаммад – Делера салават а, салам а хуьлда царна –. Вай Шега кхойкхуш волчу Дала аьлла:

﴿فَٱصْبِرْ كَمَا صَبَرَ أُو۟لُوا۟ ٱلْعَزْمِ مِنَ ٱلرُّسُلِ﴾ [سورة الأحقاف، الآية:٣٥].

➤Хьо собаре хила, элчанашна юккъера собаран дай (сийлахьхой) санна ➤ [Сурат «Алъахькъаф» 35 аят].

Кхин а аьлла Везчу Дала:

﴿وَإِذْ أَخَذْنَا مِنَ ٱلنَّبِيِّۦنَ مِيثَٰقَهُمْ وَمِنكَ وَمِن نُّوحٍ وَإِبْرَٰهِيمَ وَمُوسَىٰ وَعِيسَى ٱبْنِ مَرْيَمَ ۖ وَأَخَذْنَا مِنْهُم مِّيثَٰقًا
غَلِيظًا﴾ [سورة الأحزاب، الآية:٧].

➤Оха пайхамаршкара чIагIо эцна (хан дага яийта хьайна), хьоьгара а, Нухьера а, ИбрахIимера а, Мусагара а, Марйаман кIантера Iийсагара а; Оха цаьргара чIогIа чIагIо эцна➤ [Сурат «Алъахьзаб» 7 аят].

Мухьаммад – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – уггар веза элча ву, пайхамарийн мохIур а ду, Делах кхоьруш болчеран имам а ву, Адама берийн эла а ву, пайхамарш вовшахкхетча церан имам а ву, царна хьалха вист хуьлуш верг а ву, хастаме меттиган да а ву, хьалха дIабахнарш а, тIаьхьа тIебогIур берш а шех хьоьгур болчу меттиган да а ву, хастаман байракхан а, шена тIе адамаш оьхур долчу Iоман а да а ву, къемат дийнахь халкъашна шафаIат дийр дерг а ву, «васийлатан»[1] а, «фадийлатан»[2] а да а ву. Дала иза Шен дин юкъъара уггар дезчу шарIаца ваийтина ву, адамашна юккъахь цуьнан уммат уггар деза уммат дина а ду. Цунна а, цуьнан умматна а Дала ерриге хазаллаш а, дозаллаш а делла, хьалха дIададаханчу умматашна Ша цхьанненна а ца делла хилла долу. Цуьнан уммат Дала тIаьххьара кхоьллина уммат ду, доьххьара гIаттор долуш уммат а ду. Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"فضلت على الأنبياء بست...". [ رواه مسلم].

«Со пайхамаршна тIехь ялх хIуманца вазвина ву» [Муслим].

Кхин а аьлла цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна:

"أنا سيد ولد آدم يوم القيامة، وبيدي لواء الحمد ولا فخر. وما من نبي يومئذ آدم فمن سواه إلا تحت لوائي يوم القيامة." [ رواه أحمد والترمذي ].

«Со ву Адаман берийн эла хир верг къемат дийнахь, хастаман байракхь сан керахь хир йолуш а ю, (оцу тIехь цхьа а) куралла а яц. Оцу дийнахь цхьа а пайхамар хир вац – Адамана тIера дуьйна схьа – сан байракх кIел хIоьттина волуш бен» [Ахьмад, Тирмизи].

Дозаллехь вайн Пайхамарал – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тIаьхьа вогIуш верг Къинхетамечуьнан доттагI ИбрахIим ву – Делара салам-маршалла хуьлда цунна. Иштта, Делан доттагI шиъ ву: Мухьаммад а, ИбрахIим а – Делера салават а, салам а хуьлда цаьршинна. И шиъ ву уггар веза шиъ, собаран а, къахьегаран а дай хилла болчу пайхамаршна юккъахь. ТIаккха цаьршиннал тIаьхьа вогIуш важа виссина кхоъ ву.

### 9 – Пайхамарийн билгалонаш а, Iаламаташ а.

Дала Шен элчанашна – Делера салават а, салам а хуьлда царна – гIо дина, царна яккхий билгалонаш яларца а, башха Iаламаташ даларца а. И билгалонаш а, Iаламаташ а Дала царна тешаллаш йина, уьш бакъ хилар адамашна гойтуш. Оцу билгалонех а, Iаламатех а ю: Сийлахь Къуръан, бутт бекъабалар, дечигах текхарг хилар, поппарх хьоза дар, иштта кхин ерш а.

Оцу пайхамаршна Дала делла хилла Iаламаташ бакъ долчу пайхамараллийна тешалла ду, ткъа цул тIаьхьа бусалба нахана хуьлуш долу «караматаш»[1] и Iаламаташ бакъ хилар чIагIдеш долу тешаллаш ду. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ لَقَدۡ أَرۡسَلۡنَا رُسُلَنَا بِٱلۡبَيِّنَـٰتِ... ﴾ [سورة الحديد، الآية:٢٥].

➢Бакъдолуш, Оха дахийтира Тхайн геланчаш (малийкаш, пайхамаршна тIе) кхетаме сирлачу билгалонашца➢ [Сурат «Алхьадид» 25 аят].

---

[1] «Василат» бохург – Далла герга вуьгуш йолу Iамал ю. Ялсаманехь йолчу езчу меттигах а олу василат. (Фатхьул-Бари).

[2] Дерриг халкъал веза хилар бохург ду цуьнан маьIна, йа кхин цхьа деза дарж хила а тарло иза. (Фатхьул-Бари).

[1] «Кара́мат» - иза Делан гергарчу нахах болчу эвлаяашна хуьлуш долу хIумнаш ду, Делан валийй волчунна бен хуьлуш доцу. Цуьнан масала ду: Iумар – Дела реза хуьлда цунна – минбар тIехь хутIба деш Iаш волуш, кхечу махка ша дахийтина долчу бусалба нехан эскаро беш хилла тIом гуш хилла цунна.

Вайн Пайхамара аьлла – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – :

"ما من نبي من الأنبياء إلا وقد أوتي من الآيات ما آمن على مثله البشر، وإنما كان الذي أوتيته وحياً أوحاه إلي، فأرجو أن أكون أكثرهم تابعاً القيامة."

[متفق يوم عليه].

«Пайхамаршна юккъехь цхьа а пайхамар вац, шена, шел хьалха хиллачу пайхамаран санна йолу билгалонаш елла бен, тӀаккха наха цуьнца Ийман а дуьллуш, ткъа суна елла йолу (билгало) «Вахьйу» (Къуръан) ду, Дала соьга делла долу, (цундела) ас дог доху, къемат дийнахь со хилар, царна юккъахь уггар дукха тӀаьхьахӀиттинарш болуш верг»[2] [Бухари, Муслим].

**10 – Вайн Пайхамаран Мухьаммадан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – пайхамараллех тешар.**

Делера салават а, салам а хуьлда цунна, вайн Пайхамарх тешар Иманан баххех боккха цхьа бух бу, цунах тешча бен Ийман кхочуш хуьлуш а дац. Лекха хин волчу АллахӀа аьлла:

﴿ وَمَن لَّمْ يُؤْمِنۢ بِٱللَّهِ وَرَسُولِهِۦ فَإِنَّآ أَعْتَدْنَا لِلْكَٰفِرِينَ سَعِيرًا ﴾ [سورة الفتح الآية:١٣].

➤Ткъа ца тешнарг АллахӀах, Цуьнан Элчанах – баккъалла а Оха кечйина керста нахана чӀогӀа цӀе➤ [Сурат «Алфатхь» 13 аят].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"أمرت أن أقاتل الناس حتى يشهدوا أن لا إله إلا الله وأني رسول الله." [رواه مسلم].

«Суна омру дина ду, адамаша – АллахӀ воцург кхин Дела а вац, со АллахӀан элча а ву – аьлла тешалла даллалц цаьрца тӀом бар» [Муслим].

Делера салам-маршалла хуьлда цунна – Пайхамарх тешар кхочуш хилар масийтта хӀуманна тӀедоьгӀна ду. Уьш довзуьйтур ду вай:

● Вайн Пайхамар Мухьаммад – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – вовзар.

Иза ХӀашима ӀабдулмуттӀалиба ӀабдуллахӀа кӀант Мухьаммад ву. ХӀашим Къурайши тайпанах ву, Къурайш Ӏаьрбийн тайпа ду, Ӏаьрбий Делан доттагӀ волчу ИбрахӀиман кӀентан ИсмаӀилан тӀаьхьенах бу – Делера салават а, салам а хуьлда царна массарна.

Иза кхузткъе кхо шо долуш кхелхина. Оцу кхузткъе кхаа шарах шовзткъа шо пайхамараллел хьалха дӀадахна цуьнан, ткъе кхаа шарахь пайхамар а, элча а волуш хилла иза.

● Цо вайна дийцинчунна тӀехь иза бакъ вар, цо омру динчунна тӀехь цунна муьтӀахь хилар, цо ма де аьлла ца магийначух ларвалар, генавалар, цо де аьллачу кепара бен Ӏибадат ца дар.

● Иза адамашна а, жинашна а ваийтина АллахӀан Элча хиларх тешар, уьш массо а цунна тӀаьхьа хӀитта безаш хиларх а тешар. Сийлахь Везчу Дала аьлла:

---

[2] ХӀокху хьадисан маьӀна Ӏеламнаха кхаа кепара дина. Имама Нававис – Дала къинхетам бойла цунах – хӀокху хьадисан маьӀна деш дуьйцу и кхо маьӀна: «1 – Мухьаммадал – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хьалха хилла болчу массо пайхамарийн билгалонаш вовшийн цхьатера хилла, ткъа Мухьаммадна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – елла йолу билгало – Къуръан – саннарг цхьанненна а елла яц; 2 – Мухьаммадна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – елла йолчу хӀокху билгалонна – Къуръанна – тӀе шеко ца йогӀу, йа иза холмчалла (бозбунчалла) ду а ца моттало, ткъа хьалхалерчу пайхамаршна елла хилла йолчу билгалонашка хьаьжчи, церах тешаш боцучарна иза дага дан тар луш хилла; 3 – Хьалхалерчу пайхамаршна елла билгалонаш церан зама дӀаяларца дӀайоьвлла, цу заманахь хиллачарна бен ган а ца гина, ткъа Мухьаммадна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – елла йолу билгало – Къуръан – къемат де хӀоттаран хан герга йаххалц дуьсур долуш ду, Пайхамар дӀаваьлча а дӀа а ца даьлла иза». (Шархь Сахьихь Муслим. 1 жайна, 364 агӀо).

﴿قُلۡ يَٰٓأَيُّهَا ٱلنَّاسُ إِنِّي رَسُولُ ٱللَّهِ إِلَيۡكُمۡ جَمِيعًا ...﴾ [سورة الأعراف، الآية:١٥٨].

⮜Ахь ала: хIай адамаш! Баккъалла а со АллахIан элча ву шуна массарна а (ваийтина)➢ [Сурат «АлъаIраф» 158 аят].

● Цуьнан элчаналлех тешар, иза уггар веза пайхамар а, элча а хиларх тешар, иза пайхамарийн мохIур хиларх а, тIаьххьара пайхамар а, элча а хиларх а тешар. Лехачу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿...وَلَٰكِن رَّسُولَ ٱللَّهِ وَخَاتَمَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ...﴾ [سورة الأحزاب، الآية:٤٠].

⮜Иза (Мухьаммад) вара (ву) АллахIан элча, пайхамарийн мохIур (царах тIаьххьарниг) а➢ [Сурат «Алъахьзаб» 40 аят].

Кхин а, иза Къинхетаме волчуьнан доттагI хиларх тешар, Адаман берийн эла хиларх тешар, доккхачу шафаIатан да хиларх тешар, ялсаманехь уггар лекха дарж «васийлат» цунна делла хиларх тешар, адамаш шена тIеоьхур долу «хьавд» (Iам) цунна белла хиларх тешар. Кхин а, цуьнан уммат уггар дика уммат хиларх тешар. Лекхачу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿كُنتُمۡ خَيۡرَ أُمَّةٍ أُخۡرِجَتۡ لِلنَّاسِ ...﴾ [سورة آل عمران، الآية:١١٠].

⮜Шу дара уггар дика уммат, адамашна юкъадаьхначарах[1]➢ [Сурат «Ал-Iимран» 110 аят].

Кхин а, ялсаманин дукхах долу охIлу цуьнан уммат хиларх тешар. Цуьнан шарIо а, цо беанчу кхайкхамо а шел хьалха хилла массо шарIаш а, кхайкхамаш а дIадохуш хиларх тешар, уьш нахана юккъахь лелар цуьнан шарIо дIадоккхуш хиларх а тешар.

● Дала цунна уггар доккхачу муIжизатца, уггар кхетаме сирлачу билгалонца гIо дина хиларх тешар. И билгало Делан къамел Къуръан ду, галдаларх а, хийца даларх а Дала лардина долу. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿قُل لَّئِنِ ٱجۡتَمَعَتِ ٱلۡإِنسُ وَٱلۡجِنُّ عَلَىٰٓ أَن يَأۡتُواْ بِمِثۡلِ هَٰذَا ٱلۡقُرۡءَانِ لَا يَأۡتُونَ بِمِثۡلِهِۦ وَلَوۡ كَانَ بَعۡضُهُمۡ لِبَعۡضٖ ظَهِيرٗا ٨٨﴾ [سورة الإسراء، الآية:٨٨].

⮜Ахь ала: жинаш а, адамаш а вовшахкхетча, хIара Къуръан саннарг дан дагахь – цара дохьур дац и саннарг (далур дац цаьрга) уьш цхьаберш вукхарна гIоьнчий хилча а➢ [Сурат «Алъисраъ» 88 аят].

Кхин а аьлла Лекха хин волчу АллахIа:

﴿إِنَّا نَحۡنُ نَزَّلۡنَا ٱلذِّكۡرَ وَإِنَّا لَهُۥ لَحَٰفِظُونَ ٩﴾ [سورة الحجر، الآية:٩].

⮜Баккъалла а, Оха доссийна «зикр» (Къуръан), баккъалла а, Оха лардеш а ду иза➢ [Сурат «Алхьижр» 9 аят].

● Вайн Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Делан кхайкхам дIакхачийна хиларх тешар, цо шена тIедиллинарг чекхдаьккхина хиларх тешар, умматана цо диканца хьехам бина хиларх а тешар. Цхьа а дика цо дитина цахиларх тешар, шен умматана иза гайтина бен, и дика царна хаздина бен, иштта, цхьа а вон цо дитина ца хиларх тешар, иза шен умматана цамагийна бен, царна цунах лаьцна кхерам а белла бен. Лекхачу Дала аьлла Къуръан чохь:

[1] «Адамашна юккъахь уггар дика уммат дара шу, Делан Iилмангахь».

﴿ لَقَدْ جَآءَكُمْ رَسُولٌ مِّنْ أَنفُسِكُمْ عَزِيزٌ عَلَيْهِ مَا عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُم بِٱلْمُؤْمِنِينَ رَءُوفٌ رَّحِيمٌ ﴿١٢٨﴾ ﴾ [سورة التوبة، الآية:١٢٨].

⮜Бакъдолуш, веана шуна Элча, шуна шайна юккъера а волуш, йазло цунна шуна хуьлу халонаш, тӀаламе ву иза шуьца, Ийман диллинчаьрца (АллахӀах тешаш болчаьрца) эсала а, къинхетаме а ву иза⮞ [Сурат «Аттавбат» 128 аят].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"ما من نبي بعثه الله في أمة قبلي إلا كان حقاً عليه أن يدل أمته على خير ما يعلمه لهم، ويحذر أمته من شر ما يعلمه لهم." [رواه مسلم].

«Сол хьалха хиллачу умматашна бахийтинчу пайхамаршна Дала тӀедиллина ду, шайн умматана дика дуй шайна хууш долу хӀума царна дӀахаийтар, царна вон дуй шайна хууш долчу хӀумнах уьш ларбар, царна цунах кхерам балар а» [Муслим].

● Вайн Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – везар, иза везар шен сил а, дерриг халкъал а хьалхадаккхар. Иза вазвар, иза ларар, цуьнан сий дар, цуьнан лерам бар, цунна муьтӀахь хилар. Иза везар а, цунна муьтӀахь хилар, иштта кхин долу вай лекхахь хьахийнарш а Дала Къуръан чохь вайна тӀедехкина ду, Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хьакъ долуш а ду. Вайна иза везар вайна Дела везарх ду, вай цунна муьтӀахь хилар вай Далла муьтӀахь хиларх а ду. Везчу АллахӀа аьлла Къуръан чохь:

﴿ قُلْ إِن كُنتُمْ تُحِبُّونَ ٱللَّهَ فَٱتَّبِعُونِى يُحْبِبْكُمُ ٱللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ﴿٣١﴾ ﴾ [سورة آل عمران، الآية:٣١].

⮜Ахь ала: нагахь санна шу АллахӀ везаш делахь – суна тӀаьхьахӀитта (ас бохург деш), АллахӀана дезар ду шу (тӀаккха), къиношна геч а дийр ду шун, АллахӀ Гечдеш верг а, Къинхетаме верг а ву⮞ [Сурат «Ал-Імран» 31 аят].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"لا يؤمن أحدكم حتى أكون أحب إليه من ولده ووالده والناس أجمعين" [متفق عليه].

«Шух цхьа а кхоччуш Ийман долуш хир вац, цунна со шен берел а, дел-ненал а, массо адамел а дукха везаш хиллалц» [Бухари, Муслим].

● Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дуккха салават диллар, цуьнга салам далар[1]. Ткъа баккъаалла а бІаьрмециг стаг ву шена Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хьахош хезчи цунна салават ца дуьллуш верг. Лекхачу Дала аьлла:

﴿ إِنَّ ٱللَّهَ وَمَلَـٰٓئِكَتَهُۥ يُصَلُّونَ عَلَى ٱلنَّبِىِّ ۚ يَـٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُوا۟ صَلُّوا۟ عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا۟ تَسْلِيمًا ﴿٥٦﴾ ﴾ [سورة الأحزاب، الآية:٥٦].

⮜Баккъалла а, АллахӀа а, Цуьнан малийкаша а Пайхамарна салават дуьллу; ХӀай Ийман диллинарш! Салават дилла цунна, маршаллийца салам а ло цуьнга⮞ [Сурат «Алъахьзаб» 56 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"من صلى عليّ واحدة، صلّى الله عليه بها عشراً." [رواه مسلم].

«Суна цхьа салават диллинчунна Дала и бахьана долуш итт салават дуьллур ду цунна[1]». [Муслим].

---

[1] Бусалба стаг миччахь велахь а, цо Пайхамаре – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – салам делчи, и салам Пайхамаре – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дӀакхачо Дала хӀиттийна малийкаш ду дуьнентӀехь. Мадинатана мел генахь волчо а цуьнга салам делчи иза дӀакхочур ду Дала мукъалахь.

Цунна салават дилла дезар чIагIло цхьацца меттигашкахь. Царах цхьаерш хIорш ю: ламазехь ташаххIуд (аттахьиййат) доьшучу хенахь, къунут дечу хенахь, докъа ламаз деш а, рузбан хутIба дечу хенахь а, азан динчул (мола кхайкхинчул) тIаьхьа а, маьждиг чуволуш а, цу чура араволуш а, доIа дечу хенахь а, Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хьахош хезчи а, йа ша иза хьахийчи а, иштта кхечу меттигашкахь а.

● Вайн Пйхамар а, кхин болу берриг пайхамарш а – Делера салават а, салам а хуьлда царна – шайн Далла гергахь дийна хиларх а, дуьненна а, эхартана а юккъехь долчу «барзах» дахарехь уьш хиларх а тешар. ШахIидийн (ГIазотехь дIакхелхинчеран) даржел а лекхачу даржехь, церачал гIоли долчу дахарехь уьш хиларх тешар. Амма и дахар дуьнена тIера дахар санна дац, и дахар вайна муха ду хууш дахар а дац. Уьш вайна гергахь белла бу аьлла йолу цIе царна тIера дIаойъуш дахар дац иза. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла оцу хьокъехь:

"إن الله حرم على الأرض أن تأكل أجساد الأنبياء." [رواه أبو داود والنسائي].

«Баккъалла а, АллахIа лаьттана хьарам дина пайхамарийн догIмаш даар[1]» [Абу Давуд, Насаий].

Кхин а аьлла цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна –:

((ما من مسلم يسلم عليّ إلا رد الله علي روحي كي أرد عليه السلام )). [ رواه أبو داود ].

«Цхьа а бусалба стага соьга салам лур дац Дала суна сан са юха делла бен, соьга цуьнан саламна доьхьал салам далийта» [Абу-Давуд].

● Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – лерам барха ду – иза дийна волчу хенахь иза волчахь аьзнаш цаийдар, къамел деш аз сов цадаккхар, иштта тахана а, ду цуьнан лерам барха цуьнан коша тIехIоьттина цуьнга салам лучу хенахь аз ца айдеш, меллаша салам далар. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ لَا تَرۡفَعُوٓاْ أَصۡوَٰتَكُمۡ فَوۡقَ صَوۡتِ ٱلنَّبِيِّ وَلَا تَجۡهَرُواْ لَهُۥ بِٱلۡقَوۡلِ كَجَهۡرِ بَعۡضِكُمۡ لِبَعۡضٍ أَن تَحۡبَطَ أَعۡمَٰلُكُمۡ وَأَنتُمۡ لَا تَشۡعُرُونَ ﴿٢﴾ ﴾ [سورة الحجرات، الآية:٢].

➤ХIай Ийман диллинарш (Сох тешаш дерш)! Ма ийъа шайн аьзнаш пайхамаран озан тIехула, чIогIа дист а ма хила шу цуьнга, шаьш вовшашна юккъаьхь чIогIа дист хуьлуш санна, (ткъа аш иза дахь кхерам бу шуна) шун Iамалш эрна ярна, шуна хаа ца луш➤ [Сурат «Алхьжурат» 2 аят].

Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – веллачул тIаьхьа цуьнан лерам бар а, сийдар а иза дийна волуш цуьнан лерам бар а, сийдар а санна ду. Цундела вайна тIехь ду цуьнан асхьабаша – Дела реза хуьлда царна – иза лараре тера, тахана а иза иштта ларар а, цуьнан цара санна сийдар а. Ткъа уьш уггар чIогIа цо бохучунна тIетовш хилла бу, цо аьлларг ца дарна уггар гена хилла бу, Делан динах доцург юкъадаккхарна уггар гена хилла а бу.

● Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – асхьабаш безар, цуьнан цIийнан охIлу дезар, цуьнан хIусамнаной безар. Царна массарна а, вайна а юккъахь гергарлонан зIе латтор тIехь ду вайна. Вай кхера дезаш ду уьш эшаме хетарх, царна лерах, царна вочу хIуманца цхьаъ аларх, хIунда аьлча, Дела царна реза хилла волу дела, Шен Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – накъостий бина Цо уьш хаьржина болу дела,

---

[1] Дала Пайхамарна салават диллар – иза Цо цунах къинхетам бар ду, хазчу хастамца иза хастор а ду, массо диканаш цунна далар а ду. Ткъа адамаша а, малийкаша а цунна салават диллар – иза цунна Деле къинхетам боьхуш, Цуьнга иза хаставар доьхуш, цунна массо диканаш далар доьхуш доIа дар ду.

[1] Каш чу дехкина хан ялчи а, церан догIмаш хийца а ца ло, талха а ца телха.

цаьрца доттагIалла а, гергарло а хилар хIокху умматана Цо тIедиллина долу дела. Сийлахь Везчу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿ وَٱلسَّٰبِقُونَ ٱلۡأَوَّلُونَ مِنَ ٱلۡمُهَٰجِرِينَ وَٱلۡأَنصَارِ وَٱلَّذِينَ ٱتَّبَعُوهُم بِإِحۡسَٰنٖ رَّضِيَ ٱللَّهُ عَنۡهُمۡ وَرَضُواْ عَنۡهُ ...﴾ [سورة التوبة، الآية:١٠٠].

⮜Хьалхе яьккхинарш, хьалхара берш[1], хIижрат динчерах а, царна гIо динчерах а, ихьсанаца царна тIаьхьахIиттина хилларш а – реза хилла царна АллахI, уьш Цунна а реза хилла⮞ [Сурат «Аттавбат» 100 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"لا تسبوا أصحابي، فوالذي نفسي بيده لو أنفق أحدكم مثل أحد ذهباً ما بلغ مد أحدهم ولا نصيفه." [رواه البخاري].

«Сан асхьабашна ле ма лелаш, сайн са керахь долчуьнца дуй буу ас – шух цхьаммо Ухьуд лам санна долу деши сагIийна делчи, цара шайн канахь деллачуьнга кхочур дацара иза, йа ах канахь деллачуьнга а кхочур дацара» [Бухари].

Асхьабашна тIаьхьа хиллачаьрга царна гечдар деха аьлла Дала, и царна дехначунна ял хир йолуш, иштта, шайн дегнаш чохь цаьрца оьгIазло а, хьагI а ца яр деха а аьлла вайга Дала.

﴿ وَٱلَّذِينَ جَآءُو مِنۢ بَعۡدِهِمۡ يَقُولُونَ رَبَّنَا ٱغۡفِرۡ لَنَا وَلِإِخۡوَٰنِنَا ٱلَّذِينَ سَبَقُونَا بِٱلۡإِيمَٰنِ وَلَا تَجۡعَلۡ فِي قُلُوبِنَا غِلّٗا لِّلَّذِينَ ءَامَنُواْ رَبَّنَآ إِنَّكَ رَءُوفٞ رَّحِيمٌ ١٠ ﴾ [سورة الحشر، الآية:١٠].

⮜Царал тIаьхьа баьхкинчара олу: тхан Дела! Гечде Ахь тхуна а, Хьох тешарца тхоьл хьалха боьвллачу тхан вежаршна[1] а, тхан дегнаш чохь хьагI а (оьгIазло а) ма е Ахь Хьайх тешначаьрца, баккъалла а, Хьо Къахеташ а, Къинхетаме а ву-кх⮞ [Сурат «Алхьашр» 10 аят].

● Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ларарехь Тавхьидан барамал сов ца валар, хIунда аьлчи иза цунна уггар новкъа догIун хIума долу дела. Шен умаматана цунах лаьцна кхерам белла цо, ша хесторехь дукха тIех сов довлар ца магош, Дала шена елла йолчу меттигал ша сов ваккхар ца магош, Нуьцкъала а, Сийлахь а волчу Делан бен хила лур доцу хIумнаш шена дийцар ца магош а. Делера салават а, салам а хуьлда цунна – цуьнах лаьцна аьлла цо:

"إنما أنا عبد فقولوا عبد الله ورسوله، لا أحب أن ترفعوني فوق منزلتي."

«Со (Делан) лай бен вац шуна, аш суна АллахIан лай а, Цуьнан элча а алалаш, суна ца деза аш со сайн меттигал (даржал) сов ваккхар». Кхин а аьлла цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – :

"لا تطروني كما أطرت النصارى ابن مريم." [ رواه البخاري ].

«Керстанаша Марйаман кIант (Iийса) дукха сов хесторе терра со дукха сов хеста ма велаш» [Бухари].

Пайхамаре – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – доIа дан мегаш дац, йа цуьнгара гIо деха мегаш дац, йа цуьнан кошана гонаха тIаваф дан а мегаш дац, йа цуьнца чIагIо яр а мегаш дац, йа цуьнан доьхьа гIурбанна урс хьакхар а, йа кхечу хьайбанна урс хьакхар а

---

[1]«Джалалайн» тафсир тIехь оцуьнан маьIна Бадрехь тIом бина асхьабаш, йа берриг асхьабаш бохург ду бах. Оцу тIе а доьгIна, бусалба дин тIелацарца хьалхе яккхинарш хуьлу уьш.

[1] «Вежаршна» аьлла цхьа божарий хьахор – зударий а ца хьахош – Iаьрбийн маттахь иштта олуш ду, амма зударий а оцу дашна юкъа богIуш бу.

мегаш дац, хIунда аьлча и ша дерг Делаца Iибадатехь гIоьнча лацар долу дела, ткъа Шена дан дезаш долу Iибадат кхечунна дар Дала магийна дац[1].

Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дукха тIех сов вазвар санна хIума ду иза лара ма-везза ца ларар, иза лахара хетар гойтуш долу кIеззиг ларар, йа цунах цавашар, йа иза сийсаз ван гIертар. И ша-дерриге а бусалба динах юха валар ду, Делаца куфр дар ду, Делах цатешар а ду. (Дала лар дойла вай оцу массо хIумнех).

Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿ قُلْ أَبِٱللَّهِ وَءَايَٰتِهِۦ وَرَسُولِهِۦ كُنتُمْ تَسْتَهْزِءُونَ ۝٦٥ لَا تَعْتَذِرُوا۟ قَدْ كَفَرْتُم بَعْدَ إِيمَٰنِكُمْ ﴾ [سورة التوبة، الآية: ٦٦، ٦٧].

➤Ахь ала: АллахIах а, Цуьнан аятех а, Цуьнан элчанех а ца дешаш, (уьш) аьшнаш беш дара шу? Бехказа ма дийла, куфр ди аш шаьш Ийман диллинчул тIаьхьа➤ [Сурат «Аттавбат» 66-67 аяташ].

Ткъа бакъ долу Пайхамар везар – иза цуьнан некъа тIехь дIавахар ду, цо лелийначу некъа тIехь вай хуьлуьйтуш дерг ду, цуьнан суннатана тIаьхьахIоттуьйтуш дерг ду, цуьнан некъаца догIуш доцург Iад дуьтуьйтуш дерг ду – Делера салават а, салам а хуьлда цунна. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ قُلْ إِن كُنتُمْ تُحِبُّونَ ٱللَّهَ فَٱتَّبِعُونِى يُحْبِبْكُمُ ٱللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ ۗ وَٱللَّهُ غَفُورٌ رَّحِيمٌ ۝٣١ ﴾ [سورة آل عمران، الآية: ٣١].

➤Ахь ала: нагахь санна шу Дела везаш делахь суна тIаьхьа хIитта, Далла дезар а ду шу (тIаккха), къиношна геч а дийр ду Цо шун➤ [Сурат «Ал-Iимран» 31 аят].

Цундела вайна тIехь ду Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – вазварехь дукха сов ца довлар, иза лararехь эшам ца бар а. Делан бен хила хьакъ доцу сифаташ а ца ло вай цунна[1], даржехь лахвина, ларам боцуш а, безам боцуш а ца вуьту вай иза[2]. Ткъа иза везар гойтуш долу уггар доккха хIума цуьнан ШарI тIехь хилар ду, цуьнан некъа тIехь хилар ду, цунах шена куьйгалла а дина, иза ма-ваххара дIавахар а, вахар а ду – Делера салават а, салам а хуьлда цунна.

● Пайхамарх – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тешар кхочуш ца хуьлу иза бакъ варца бен, цо деанчу шариIатца Iамал ярца бен. Иза бакъ вар, цо деанчуьнца Iамал яр – и ду иза цунна муьтIахь хилар бохург – Делера салават а, салам а хуьлда цунна. Ткъа цунна муьтIахь хилар – иза Далла муьтIахь хилар ду, цунна Iеса хилар – иза Далла Iеса хилар ду. Иштта, иза кхоччуш бакъ вича, хIотта ма-везза цунна тIаьхьахIоьттича кхочуш хуьлу цунах тешар – АллахIа Шен къинхетам а, дерриг диканаш а лойла цунна, Шен хазчу хастамца хаста а войла Цо иза, салам-маршалла а хуьлда цунна. (Дала вай цуьнца ялсаманехь цхьаьна а тохийла).

● ● ●

[1] Делаца накъост варх лаьцна кIорггера хаа луучунна Iаьрбийн маттахь Ибн Хьажар АлхIайтамийй цIе йолчу Iелам стеган жайна ду даккхий къинош дуьйцуш, и жайна доьшучунна оцу тIехь доьххьара карор ду «Делаца накъост лацар» аьлла долу къа. Иштта, кошана гонах тIаваф дан ца магар а, каш тIе куьйгаш хьекха ца магар а, кхин долу = = мегаш доцу хIумнаш дуьйцу Имама Нававис, хьаж дарха лаьцна ша яздинчу жайни тIехь. ШафиIий мазхIабехь долчу дуккха а жайнаша хьаха до и хIумнаш, уьш мегаш ца хилар а. Дала мукъалахь, Iелам наха оцуьнах аьлларг дуьйцуш цхьа жайна кечдан ниййат ду сан, Делан пурбанца.

[1] Керста наха Iийса-пайхамарна далар санна.

[2] Цхьаболу «светски» бусалба дин дезаш болчара санна.

## ПхоьалгIа рукн: ТIаьххьарчу (къемат) дийнах тешар

**1 – Къемат дийнах тешар довзийтар**

**2 – Къемат дийнах тешаран сифат**

**3 – Къемат дийнах тешаран пайданаш**

### 1 – Къемат дийнах тешар довзийтар

ТІаьххьарчу (къемат) дийнах тешар – иза вай тешар ду, хІара дуьненан дахар чекх дер долуш хиларх а, хІокху дахарера вай арадоьвлча кхечу шолгІачу дахаре вай деврхиларх а. И шолгІа дахар дІадолалуш ду вай даларца, тІаккха вай «барзахан» дахарехь хан яккхарца, тІаккха къемат де хІоттарца, тІаккха вай хьалагІитторца, тІакхха цхьана метте гул а дина, бекхам а бина, йа ялсамане чу, йа жоьжахати чу адамаш дІасадахарца.

Къемат дийнах тешар Иманан бІогІамех (арканех) цхьа бІогІам бу, ткъа царах массерах тешча бен стеган Ийман кхочуш хуьлуш дац.

Къемат де хІуттур хилар духатоьхнарг, цунах цатешнарг керста ву. Лекха хин волчу Дала аьлла Къуръан чохь:

﴿ وَلَـٰكِنَّ ٱلْبِرَّ مَنْ ءَامَنَ بِٱللَّهِ وَٱلْيَوْمِ ٱلْأَخِرِ وَٱلْمَلَـٰٓئِكَةِ وَٱلْكِتَـٰبِ وَٱلنَّبِيِّـۧنَ ﴾ [سورة البقرة: الآية ١٧٧].

➤Муххале а, дикалла (суьпалла) ю – АллахІах а, къемат дийнах а, малийкех а, жайнех а, элчанех а тешар➤ [Сурат «Албакъарат» 177 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла, шега Жабраил-малийка хаьттича: «Ийманах лаьцна дийцахь суна». Цо аьлла:

" أن تؤمن بالله، وملائكته، وكتبه، ورسله، واليوم الآخر، وأن تؤمن بالقدر خيره وشره." [رواه مسلم]

«Хьо АллахІах тешар ду иза, (кхин а) Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а, ТІаьххьарчу (къемат) дийнах а, кхин а хьо тешар ду иза къадрах (Делан кхелах, хІоттамах), цуьнан диканах а, вонах а». [Муслим].

Къемат дийнах тешарх санна, и къемат де дале хир йолчу цуьнан билгалонех тешар а тІехь ду вайна. И билгалонаш Іелам наха шина декъе йекъна: кегийнаш а, яккхийнаш а.

1 – Кегий билгалонаш – уьш къемат де хІоттаран сахьт герга дар гойтуш йолу билгалонаш ю. Уьш чІогІа дукха ю. Ерриг гуча йоьвлла яц уьш хІинца а, амма царах дуккхах ерш гуча йоьвлла. Оцу кегийчу билгалонех ю: вайн Пайхамар – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ваийтар, адамашна юкъара тешамалла дар, маьждигаш хаздеш кечдар, жаІуй шай-шай цІенош лекха дан гІерташ къийса балар, жуьгташца тІом а баьлла уьш байъар, зама сиха дІайоьдуш хетар, Іамал жима ялар, питанаш гуча довлар, байъарш дукха хилар, зина дар сов далар, адамашна юккъехь талхар алсам далар. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ ٱقْتَرَبَتِ ٱلسَّاعَةُ وَٱنشَقَّ ٱلْقَمَرُ ﴾ [سورة القمر، الآية:١].

➤Герга деана (къемат де хІоттаран) сахьт, бутт а бекъабелла➤ [Сурат «Алкъамар» 1 аят].

2 – Яккхий билгалонаш – уьш нисса къемат денна хьалха хир ерш ю, и хІоттар дІадоладалар хоуьйтуш кхерам луш йолу. Уьш итт билгало ю. Царах хІинца а цхьа а гуча яьлла яц. ХІорш ю уьш яккхий билгалонаш: МахІди вар; Даджал аравалар; Іийса – Делера салам-маршалла хуьлда цунна – стиглара охьавоссар, ша нийсонца хьукма деш а волуш, тІаккха цо ша охьавоьссича жаІарш а йохош, хьакхарчий а йойъуш, Даджал а вуьйш, керста нахе ясакх а токхуьйтуш, Исламан ШариІат дІа а хІоттийна цуьнца хьукма а деш; Яьджудж а, Маьджудж а цІе йолу ши къам арадалар – Іийса-пайхамара доІа а дина лийр ду и ши къам; кхаа меттехь латта чу дожар: малхбалехь а, малхбузехь а, Іаьрбийн гІайре тІехь а; стиглара охьа боккха кІур балар, дерриг адамаш шена чу хьул деш; дуьненчура Къуръан стигланашка дІаайдар; малх малхбузера хьала балар, доккха экха гуча далар; Іадн цІе йолчу шахьарера схьа йоккха цІе ялар, Шема махка адамаш гул деш хир йолу. Оцу цІеро адамаш Шема махка гулдар тІаьххьара билгало ю.

Имам Муслима дийцина шен жайни тIехь, Усайдан кIанта АлгIифари Хьузайфас дийцина хьадис далийна.

" اطلع النبي ﷺ ونحن نتذاكر فقال: " ما تذكرون؟" قالوا: نذكر الساعة. قال: "إنها لن تقوم حتى تروا قبلها عشر آيات. فذكر: الدخان، والدجال، والدابة، وطلوع الشمس من مغربها، ونزول عيسى بن مريم، ويأجوج، وثلاثة خسوف: خسف بالمشرق، وخسف بالمغرب، وخسف بجزيرة العرب، وآخر ذلك نار تخرج من اليمن تطرد الناس إلى محشرهم." [رواه مسلم].

Хьузайфас аьлла – Дела реза хуьлда цунна: «Тхо дист хуьлуш долуш тхуна тIе Пайхамар веара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна, тIаккха цо элира: «ХIун хьехош ду шу?» Асхьабаша элира: «(Къемат де хIоттаран) сахьт дуьйцуш ду тхо». Цо элира: «Иза хIуттур дац, шуна цул хьалха итт билгало галлалц». Цо хьахийра тIаккха: кIур а, Даджал а, экха а, малх малхбузера хьалабалар а, Марйаман кIант Iийса охьавоссар а, Яъджудж а, кхо латта чудожар а: малхбалехь латта чудожар, малхбузехь латта чудожар, Iаьрбийн гIайре тIехь латта чудожар а. Царах уггар тIаьхьа йолу билгало цIе ю, Йаманера (Йеменера) ара ер йолу, адамаш уьш гулдала дезачу метте дуьгур йолу» [Муслим].

Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – кхин а цхьа хьадис цунах лаьцна:

"يخرج في آخر أمتي المهدي، يسقيه الله الغيث، وتخرج الأرض نباتها، ويعطي المال صحاحاً, وتكثر الماشية، وتعظم الأمة، يعيش سبعاً، أو ثمانياً، يعني حججاً". [رواه الحاكم في المستدرك ].

«Сан умматера тIаьххьарчарна юккъахь МахIди гуча вер ву, АллахIа цунна догIа делхор ду, (тIаккха) лаьтто шен ораматаш хьаладохур ду; шортта даьхни а лур ду, хьайбанаш а сов девр ду, уммат дазлур ду, иза вехар ву ворхI йа бархI шарахь» [Хьаким, «Алмустадрак» жайни чохь].

И билгалонаш тIаьхьий-хьалхий хир ю аьлла деана ду, тай тIехь туьтеш леларе тера. Цхьаъ гуча яьлча цунна тIаьххье шолгIаниг гучайолуш гучайоьвр ю и билгалонаш, ткъа уьш чекхйоьвлча «сахьт» хIуттур ду, Лекха хин волчу Делан пурбанца. «Сахьт» бохург – иза адамаш кешнаш чура хьалагIовттур долу де ду, шайна хьесап дайта. Ткъа царах дикачунна ниIмат хир ду, вочунна Iазап хир ду.

Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿ يَوْمَ يَخْرُجُونَ مِنَ ٱلْأَجْدَاثِ سِرَاعًا كَأَنَّهُمْ إِلَىٰ نُصُبٍ يُوفِضُونَ ﴾ [سورة المعارج، الآية:٤٣].

⮜Де (ду иза), уьш кешнаш чура сихонца арабоьвр болу, (цхьана) билгалонна (байракх) тIе сихбелла боьлхуш санна➢ [Сурат «АлмаIариж» 43 аят].

ХIара де Къуръан чохь масийтта цIарца хьахийна ду. Къуръан чохь йолу цуьнан цхьайолу цIерш хIорш ю:

- Йавмул-къиямат (ХьалагIовтторан де, къемат де);
- АлкъориIахI (Шен кхерамашца а, баланашца а нехан дегнаш тохадолуьйтур долу де);
- Йавмул-хьисаб (Хьесап даран де);
- Йавмуддин (Бекхам баран де);
- АттIоммахI (ТIебужур болу боккха бала);
- АлвакъиIахI (Ца хIоьттича цадолуш долу де);
- АлхьаккъахI ( Бакъдеш долу де, бакъдерг толаме деш долу де);
- АссоххахI (Къора веш долу де);
- АлгIошийахI (ДIалоцуш дерг, массо хIума чулоцуш го беш дерг);

Иштта, кхин цIерш а ю цуьнан Къуръан чохь.

Ткъа вай хьахийна йолу цIерш юккъехь йолуш долу аяташ хIорш ду:

- ГIовттторан де (Къемат де). Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿لَآ أُقۡسِمُ بِيَوۡمِ ٱلۡقِيَٰمَةِ ١﴾ [سورة القيامة، الآية:١].

≺Ас дуй буу хьалагIовттторан (къемат) денца➢ [Сурат «Алкъиямат» 1 аят].

- Шен кхерамашца а, баланашца а дегнаш тохадолуьйтур долу де (АлкъориIат). Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ٱلۡقَارِعَةُ ١ مَا ٱلۡقَارِعَةُ ٢﴾ [سورة القارعة، الآيتان:١، ٢].

≺Тохадолуьйтуш дерг! ХIун ду иза - тохадалуьйтуш дерг?➢ [Сурат «АлкъориIат» 1-2 аяташ].

- Хьесап даран де (Йавмул-хьисаб). Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿...إِنَّ ٱلَّذِينَ يَضِلُّونَ عَن سَبِيلِ ٱللَّهِ لَهُمۡ عَذَابٞ شَدِيدُۢ بِمَا نَسُواْ يَوۡمَ ٱلۡحِسَابِ ٢٦﴾ [سورة ص، الآية:٢٦].

≺Баккъалла а, АллахIан некъа тIера тилларш – царна чIогIа Iазап (хир) ду, цара хьесап даран де дицдарна➢ [Сурат «Сод» 26 аят].

- Бекхам баран де (Йавмуддин). Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿وَإِنَّ ٱلۡفُجَّارَ لَفِي جَحِيمٖ ١٤ يَصۡلَوۡنَهَا يَوۡمَ ٱلدِّينِ ١٥﴾ [سورة الانفطار، الآيتان:١٤، ١٥].

≺Бакъалла а, къинош летийнарш (керста нах) цIергахь

ма бу. Цу чу гIур бу уьш бекхам бечу дийнахь➢ [Сурат «АлъинфитIар» 14-15 аяташ].

- ТIебужур болу боккха бала (АттIоммахI). Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿فَإِذَا جَآءَتِ ٱلطَّآمَّةُ ٱلۡكُبۡرَىٰ ٣٤﴾ [سورة النازعات، الآية:٣٤].

≺Ткъа тIебеъча тIебужур болу боккха бала➢ [Сурат «АнназиIат» 34 аят].

- Ца хIоьттича цадолуш дерг (АлвакъиIахI). Сийлахьчу АллахIа аьлла:

﴿إِذَا وَقَعَتِ ٱلۡوَاقِعَةُ ١﴾ [سورة الواقعة، الآية:١].

≺Ца хIоьттича цадолуш дерг тIехIоьттича➢ [Сурат «АлвакъиIат» 1 аят].

- Бакъдеш дерг (АлхьаккъахI). Везчу Дала аьлла:

﴿ٱلۡحَآقَّةُ ١ مَا ٱلۡحَآقَّةُ ٢﴾ [سورة الحاقة، الآيتان:١، ٢].

≺Бакъ деш дерг! ХIун ду иза – бакъдеш дерг?➢ [Сурат «Алхьаккъат» 1-2 аяташ].

- Къора веш дерг (АссоххахI). Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿فَإِذَا جَآءَتِ ٱلصَّآخَّةُ ٣٣﴾ [سورة عبس، الآية:٣٣].

≺Ткъа деъча къора веш дерг➢ [Сурат «Iабаса» 33 аят].

- ДIалоцуш дерг, чулоцуш го беш дерг (АлгIошийахI). Везчу Дала аьлла:

﴿ هَلۡ أَتَىٰكَ حَدِيثُ ٱلۡغَٰشِيَةِ ١ ﴾ [سورة الغاشية، الآية:١].

➢Деаний (деана даьлла) хьоьга дIалоцуш долчуьнан хабар➢ [Сурат «АлгIошийахI» 1 аят].

## 2 – Къемат дийнах тешаран сифат

ТIаьххьарчу дийнах тешар шина кепара ду, малийкех тешар а, жайнех тешар а санна: массо агIо хьахош долу духхенгара тешар, массо агIо чулоцуш а долуш, юкъара доцца долу тешар а.

Ткъа юкъара доцца долу тешар – иза вай тешар ду, хьалхарниш а, тIаьхьарниш а Дала хьалагIиттор болуш долу де догIур хиларх. ТIаккха цу дийнахь Дала царна Шен Iилманца бекхам бийр болуш хиларх а тешар, цхьа тоба ялсамане чу а йохуьйтуш, шолгIа тоба жоьжахати чу а йохуьйтуш. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ قُلۡ إِنَّ ٱلۡأَوَّلِينَ وَٱلۡأٓخِرِينَ ٤٩ لَمَجۡمُوعُونَ إِلَىٰ مِيقَٰتِ يَوۡمٖ مَّعۡلُومٖ ٥٠ ﴾ [سورة الواقعة، الآيتان:٤٩، ٥٠].

➢Ахь ала: баккъалла а, хьалхарниш а, тIаьхьарниш а. (Уьш) гулбийр болуш бу доьвзаш долчу дийнахь хир йолчу ханна (къемат дийнахь хир йолчу цхьана ханна)➢ [Сурат «АлвакъиIат» 49-50 аяташ].

Ерриг агIо хьахош долу, духхенгара тешар – иза вай деллачул тIаьхьа хир долчу массо хIумнах тешар ду. Цунна юкъа догIу:

1 – Каш чохь адамаш зуьйр хилар.

И бохург ду – велларг дIавоьллинчул тIаьхьа цуьнга хаттарш дийр хилар: цуьнан Делах лаьцна а, цуьнан динах лаьцна а, цуьнан Пайхамарх Мухьаммадах – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – лаьцна а. И хаттарш дан долийча, Ийман диллинарш Дала чIогIачу дашца чIагIбийр бу. Хьадисехь деана ду, АллахIах тешаш волчуьнга и хаттарш дича, цо жоп лур ду аьлла:

"ربي الله ، وديني الإسلام، ونبي محمد ﷺ." [متفق عليه].

«Сан Дела АллахI ву, сан дин Ислам ду, сан пайхамар Мухьаммад – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ву» аьлла.

Хьадисашкахь деана долчуьнах тешар тIехь ду вайна: шина малийко хаттарш дийр хиларх, и хаттарш муха дийр ду аьлла деана долчух а, АллахIах тешаш хиллачо лур долчу жоьпах а, мунафикъо лур долчу жоьпах а.

2 – Каш чохь Iазап хилар а, ниIмат хилар а.

Кошан Iазапах а, ниIматах а тешар тIехь ду вайна. Иштта вайна тIехь ду, и каш жоьжахатин оьрнех цхьа ор, йа ялсаманин бошмашха цхьа беш хирг хиларх тешар, каш эхартан дахар дIадолалуш долу доьххьара меттиг хиларх а тешар.

Кошан Iазапах хьалхаваьллачунна цул тIаьхьа хиндерг атта хир ду, ткъа цунах хьалха ца ваьллачунна кхин а хала хир ду цул тIаьхьа догIур дерг.

Каш чохь хир долу Iазап а, ниIмат а дегIана а, синна а шинненна а хир долуш ду, цхьацца хенахь цхьана синна бен ца хуьлуш а хир ду. Ткъа, Iазап зуламхошна хир ду, амма ниIмат АллахIах тешаш хиллачарна хир ду.

Деллачу адамана «барзахехь» йа Iазап, йа ниIмат хуьлу, и адам каш чу дIадоьллина делахь а, дацахь а. Башхалла яц, адам дагийна хилча а, йа акхароша диъна хилча а, йа адамаш

дуъучу олхазарша диъна хилча а, и адам мухха деллехь а, цунна хила дезаш долу Iазап, йа ниIмат цунна хир долуш ду. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ ٱلنَّارُ يُعۡرَضُونَ عَلَيۡهَا غُدُوّٗا وَعَشِيّٗاۚ وَيَوۡمَ تَقُومُ ٱلسَّاعَةُ أَدۡخِلُوٓاْ ءَالَ فِرۡعَوۡنَ أَشَدَّ ٱلۡعَذَابِ ﴾ [سورة غافر، الآية:٤٦].

➤ЦIергахь багош бу уьш, Iуьйранна а, суьйранна а, (ткъа) сахьт (къемат де) хIуттучу дийнахь эр ду малийкаша: «Чукхосса ФирIавнан охIлу уггар чIогIа Iазап юккъе➤ [Сурат «АлгIофир» 46 аят].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"فلو لا أن لا تدافنوا لدعوت الله أن يسمعكم من عذاب القبر." [رواه مسلم].

«Аш шаьш дIа ца духхкуш дуьтур дацахьара, ас АллахIе доьхур дара каш чохь хуьлу Iазап шуна хазийта аьлла» [Муслим].

3 – «Сур» (маIан) чу мох тохар (хIуп алар).

«Сур» - иза маIа санна йолу зурма ю, Исрафил-малийко – Делера салам хуьлда цунна – чу мох тухур болу. Доьххьара мох тухур бу цо, тIаккха массо дийна хIумнаш лийр ю, Далла лиънарг йоцург. ШолгIа мох тухур бу цо цу чу, тIаккха, Дала хIара дуьне кхоьлличахьана дуьйна схьа, къемат де кхаччалц хилла долу дерриг халкъаш хьалагIовттур ду. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ وَنُفِخَ فِي ٱلصُّورِ فَصَعِقَ مَن فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَمَن فِي ٱلۡأَرۡضِ إِلَّا مَن شَآءَ ٱللَّهُۖ ثُمَّ نُفِخَ فِيهِ أُخۡرَىٰ فَإِذَا هُمۡ قِيَامٞ يَنظُرُونَ ﴾ [سورة الزمر، الآية:٦٨].

➤Мох туьйхи (тухур бу, хIуп эр ду) «сур» (зурман) чу, тIаккха стигланашкахь берш а, лаьтта тIехь берш а бели (Iадийна лийр бу) массо, АллахIана ца лиънарг воцург, тIаккха юха а цу чу мох туьйхи – (тIаккха) уьш бу хIиттина Iаш, собар деш (хир долчунна)➤ [Сурат «Аззумар» 68 аят].

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"ثم ينفخ في الصور فلا يسمعه أحد إلا أصغى لِيتاً ورفع لِيتاً، ثم لا يبقى أحد إلا صعق، ثم ينزل الله مطراً كأنه الطَّلّ، فتنبت منه أجساد الناس، ثم ينفخ فيه أخرى فإذا هم قيام ينظرون." [رواه مسلم].

«ТIаккха хIуп эр ду «сур» чу, иза хаза мел хезнарг цецваьлла ладоьгIуш хир ву, цецваьлла хьалахьожур ву, тIаккха ша верг лийр ву, тIаккха АллахIа догIа доуьйтур ду, йис санна долу, цунах адамийн догIмаш хьалакхуьур ду, тIаккха юха а хIуп эр ду цу чу, тIаккха уьш хIиттина Iаш хир бу, собар деш». [Муслим].

4 – ХьалагIовттор.

Иза Дала белларш денбар ду, «сур» чу шолгIа мох тохийтарца, Iаламийн Эла волчу АллахIана хьалха уьш хIиттийта.

Дуьххьара хIуп аьллачул тIаьхьа, дерриг халкъ деллачул тIаьхьа – Далла ца лиънарг воцург, Дала пурба а делла, «сур» чу хIуп аьлча, синош догIмаш чу юха дерзийтича, эццахь гIовттур ду адамаш кешнаш чура хьала. Сихонца хьовдур бу уьш шаьш вовшах тоха дезачу метте, когаш Iуьйра, кога юьйхина хIума а йоцуш, берзина болуш, тIедуьйхина духар доцуш, хадоза (суннат база) а болуш, шайца цхьаьна цхьа а хIума а йоцуш. Латтар дах лур ду цигахь тIаккха, малх герга балор бу царна, цуьнан йовхо сов йоккхур ю. Хьацаро лаьцна хир бу уьш, оцу латтаран халоно лаьцна хир бу уьш. Царах цхьаболу нах хир бу, шина хьоркане

кхаччалц хьацар юккъехь, кхинберш хир бу и хьацар голашка кхочуш долуш, цхьаберш хир бу гIода юккъе кхаччалц хьацар юккъехь, вуьйжаш хир бу некха тIекхаччалц хьацар юккъехь, цхьаболчарна хьацар белш тIекхаччалц хир ду, ткъа цхьаболу нах берриг хьацаро дIакъоьвлина хир бу. И ша йолу халонаш цара йинчу Iамалшка хьаьжжина хир ю.

Вай гIовттор хилар шеко йоцуш бакъ ду. Иза бакъ хилар ШарIо а, кхетамо а, хьекъало а гойту. Ткъа ШарIехь, иза бакъ хилар хоуьйтуш дуккха а аяташ ду Делан Къуръан чохь, нийса дешнаш а ду Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – суннатехь а. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿... قُلْ بَلَىٰ وَرَبِّى لَتُبْعَثُنَّ... ﴾ [سورة التغابن، الآية:٧].

➤Ахь ала: Муххале а! Сан Делор! ГIовттор долуш ма ду шу➤ [Сурат «АттагIабун» 7 аят].

Кхин а аьлла Сийлахь Лекхачу АллахIа:

﴿كَمَا بَدَأْنَآ أَوَّلَ خَلْقٍ نُّعِيدُهُۥ ۚ ...﴾ [سورة الأنبياء، الآية:١٠٤].

➤Оха доьххьара халкъ дIадолоре тера, (деллачул тIаьхьа) юха а дерзор (дендийр) ду Оха иза➤ [Сурат «Алъанбияъ» 104 аят].

ГIовттор хилар бакъ хилар гойтуш ду Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хьадис:

"ثم ينفخ في الصور فلا يسمعه أحد إلا أصغى ليتاً ورفع ليتاً، ثم لا يبقى أحد إلا صعق، ثم يترل الله مطراً كأنه الطل، أو الظل فتنبت أجساد الناس، ثم ينفخ فيه أخرى فإذا هم قيام ينظرون." [رواه مسلم].

«ТIаккха хIуп эр ду «сур» чу, иза хаза мел хезнарг цуьнга ладоьгIуш хир ву, ладугIуш хьалахьожур ву, тIаккха ша верг лийр ву, тIаккха АллахIа догIа даайтур ду, йис санна долу, цунах адамийн догIмаш хьлакхуьур ду, тIаккха юха а цу чу хIуп эр ду, тIаккха уьш хIиттина Iаш хир бу, хьоьжуш, ладоьгIна». [Муслим].

АллахIан кхин а дош ду:

﴿قَالَ مَن يُحْىِ ٱلْعِظَـٰمَ وَهِىَ رَمِيمٌ ۝٧٨ قُلْ يُحْيِيهَا ٱلَّذِىٓ أَنشَأَهَآ أَوَّلَ مَرَّةٍ ۖ وَهُوَ بِكُلِّ خَلْقٍ عَلِيمٌ ۝٧٩﴾ [سورة يس، الآيتان:٧٨، ٧٩].

➤Цо элира: хьа денйийр ю даьIахкаш, уьш яхка елла а йолуш? Ахь ала: уьш денйийр ю уьш доьххьара кхоьллинчо, Иза дерриг халкъ доьвзаш (цаьрца дерг хууш) а ву➤ [Сурат «Йасин» 78-79 аяташ].

ГIовттор хилар кхетамо бакъдеш хилар вайна го – белларш денбар Дала нахана гайтина хиларехь. «Албакъарат» сурат чохь пхи масала ду, Дала иза нахана гайтина хилар дуьйцуш. И масалш хIорш ду: Мусан къам, де а дийна Дала дендина долу; Исраилан кIентий (жуьгтий) байъинарг; валарха боьвдда, шайн цIера арабоьвлла бахнарш; цхьана юрта юххехула волуш хилла волу цхьа стаг, Дала ве а вийна юха денвина волу; ИбрахIиман – Делера салам хуьда цунна – хьоза а.

Вай гIовттор хилар хьекъало бакъ дар шина агIор ду:

- Сийлахь Лекха АллахI ву стигланаш а, латта а, цаьршинна юккъехь дерг а кхоьллина верг. Ткъа уьш доьххьара кхоьллинарг уьш деллачул тIаьхьа юха ца кхоллалуш хуьлийла дац.

- Къемат де хIуттучу хенахь, дуьне ша дерг дакъа делла, делла хир ду, шена чохь цхьанне кепара дахар доцуш, тIаккха Дала цунна тIе догIа доуьйтур ду, тIаккха ден лур ду дуьне, баьццара хир ду, шена тIехь массо хIумнах шишша хIума йолуш. Ткъа и латта деллачул тIаьхьа дендеш волчуьнга кхин йолу елла хIумнаш а ден йалур ю, адамаш а ден далур ду.

5 – Адамаш гул дар а, хьесап дар а, бекхам бар а.

Вай теша дезаш ду адамаш гул дийр хиларх а, цаьрга хаттам бийр хиларх а, царна юккъахь нийсо йийр хиларх а, адамаша йинчу Iамалшна бекхам бийр хиларх а. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿...وَحَشَرْنَٰهُمْ فَلَمْ نُغَادِرْ مِنْهُمْ أَحَدًا ﴿٤٧﴾﴾ [سورة الكهف، الآية:٤٨].

⮜Оха уьш гулбийр бу, царах цхьа а вуьтур а вац⮞ [Сурат «АлкахIф» 47 аят].

Кхин а аьлла Лекха хин волчу АллахIа:

﴿فَأَمَّا مَنْ أُوتِىَ كِتَٰبَهُۥ بِيَمِينِهِۦ فَيَقُولُ هَآؤُمُ ٱقْرَءُوا۟ كِتَٰبِيَهْ ﴿١٩﴾ إِنِّى ظَنَنتُ أَنِّى مُلَٰقٍ حِسَابِيَهْ ﴿٢٠﴾ فَهُوَ فِى عِيشَةٍ رَّاضِيَةٍ ﴿٢١﴾﴾ [سورة الحاقة، الآيات:١٩–٢١].

⮜Амма шен (Iамалш шена тIехь дIаяздина долу) тептар аьтту агIор шега делларг – цо эр ду: схьаэца, деша сан тептар. Суна хаьара со (сайн) хьесапана тIенислур вуй. Ткъа иза ша реза волчу дахарехь хир ву⮞ [Сурат «Алхьаккъат» 19-21 аяташ].

Кхин а аьлла Сийлахь Везчу АллахIа:

﴿وَأَمَّا مَنْ أُوتِىَ كِتَٰبَهُۥ بِشِمَالِهِۦ فَيَقُولُ يَٰلَيْتَنِى لَمْ أُوتَ كِتَٰبِيَهْ ﴿٢٥﴾ وَلَمْ أَدْرِ مَا حِسَابِيَهْ ﴿٢٦﴾﴾ [سورة الحاقة، الآيتان:٢٥ ، ٢٦].

⮜Амма шен тептар аьрру агIор шега делларг – цо эр ду: дависа, ма-делла делара соьга (хIара) тептар. Хьесап хIун ду а ма-хиъна делара суна⮞ [Сурат «Алхьаккъат» 25-26 аяташ].

Гул дар бохург – иза адамаш дигар ду, вовшахтохаран метте, царна хьесап дан. Гул дарна а, гIовтторна а юккъахь йолу башхалла ю – гIовттор иза догIмаш чу синош юхадерзор хилар, ткъа гул дар – иза хьалагIиттийна долу адамаш вовшахтохаран метте дIадигар хилар.

Хьесап дар а, бекхам бар а – иза Дала Шен лайш Шена хьалха дIа а хIиттийна, царна церан Iамалш йовзийтар ду.

Ткъа АллахIах теша а тешаш, Цунах кхоьруш хиллачеран хьесап дар – церан Iамалш царна гайтар хир ду, цу Iамалшна юккъара вон ерш Дала дуьненахь къайлла яхийтина хир ю, эхартахь царна гечдина хир ду. И царна гайтаран бахьана хир ду – царах Дала бина болу къинхетам царна бовзийтар. Уьш гулбийр бу церан Иймане хьаьжжина. Малийкаш доьхьал догIур ду царна ялсаманийца кхаьънаш дохуш, кхерамаллех уьш лар беш, цу халчу дийнан халонех кхерабаларха уьш ларбеш. Ткъа церан яххьаш кIай хир ю. Цу дийнахь церан яххьаш серло луш къегина хир ю, ела елла, хазахеташ хир ю.

Амма АллахIа бохург харц деш хилларш, Цуьнан аятех дIабоьрзуш хилларш – царна хьесап дар хала хир ду. Доккхачу хIуманна а, жимчу хIуманна а чIогIа лерина хьесап дийр ду царна. Шайн яххьаш тIехь такхийна балор бу уьш къемат дийнахь, сийсаз бина, цара дуьненахь динчунна бекхам беш, цара харц деш хиллачунна бекхам беш.

Къемат дийнахь шайна доьхххьара хьесап дийр берш Мухьаммадан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – уммат ду. Цаьрца ялсамане чу гIур ву кхузткъе итт эзар, цхьа а хьесап а доцуш, Iазап а доцуш, церан «тавхьид» – Дела цхьаъ вар –кхочуш хилар бахьана долуш. Оцу кепара ялсамане гIур берш вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – бийцина вайна, уьш муьлш бу хаайтуш:

"لا يسترقون، ولا يكتوون، ولا يتطيرون، وعلى ربـــهم يتوكلون."

«Шайна “рукъйахI”[1] яр ца лохуш берш, лозуш йолу меттиг ягорца дарба ца лохуш берш, “хIара вон билгало ю” – бохуш ойла ца йожош берш, шайн Далла тIе болх буьллуш берш».

Царах ву сийлахь волу асхьаб Михьсанан кIант IуккашахI – Дела реза хуьлда цунна.

Лайшна тIехь долчу Делан хьокъашна юккъера уггар хьалха шена хьесап дийр дерг ламаз ду, ткъа адамийн хьокъашна юккъера уггар хьалха нахана юккъехь къастор дерг нехан цIий ду.

6 – Хьавд.[2]

Вай теша дезаш ду Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Хьавдах. Хьавд – иза боккха Iам бу, сийлахь хи молу меттиг а ю. Къемат дийнан майданашкахь хир бу иза, ялсамани чура Кавсар хих хIоьттина а бу иза. Мухьаммад-Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – умматера Ийман диллинарш богIур бу цу тIе, цуьнан хи мала.

Ткъа оцу Хьавдан сифаташ иштта ду: шуьрел кIай бу иза, лайл шийла бу иза, мозал мерза бу иза, миск-IатIарал хаза хьожа йолуш бу иза, чIогIа боккха а бу иза. Цуьнан шоралла а, бахалла а цхьатерра ю. Цуьнан хIора агIо баттахь некъ балла ю. Ялсамани чура тIе хидогIуш йолу шиъ хи чудогIийла ю цуьнан, ткъа цуьнца йолу хи молу пхьегIаш стигларчу седарчел дукха ю. Цу чура цкъа хи мелларг цул тIаьхьа цкъа а хьаг лур вац. Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"حوضي مسيرة شهر، ماؤه أبيض من اللبن، وريحه أطيب من المسك، وكيزانه كنجوم السماء، من شرب منه فلا يظمأ أبداً." [رواه البخاري].

«Сан Хьавд баттахь некъ балла ду, цуьнан хи шуьрел кIай ду, цуьнан хьожа миск-IатIарал хаза а, цIена а ю, цуьнан кIудалш стиглара седарчий санна ю, цу чура хи мелларг цкъа а хьаг лур вац». [Бухари].

7 – ШафаIат дар.

Къемат дийнан латтаран бала нахана чIагIбелла базбелча, церан цигахь латтар дахделча, шайн Далла хьалха шайна шафаIат дахьара аьлла, пайхамаршна тIе гIур бу уьш, оцу латтаран халонех а, баланех а шаьш хьалха дитахьара аьлла. Амма, собаран а, къахьегаман а дай хилла болчу уггар безчу элчанаша тIеоьцур дац шафаIат дар, тIаьххьара вайн Пайхамарна Мухьаммадна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тIекхаччалц, элчанашна мохIур дина ваийтина волчу, хьалха а, тIаьхьа а цуьнгара йоьвллачу гIалатлонашна Дала гечдина волчу. ТIаккха иза – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – хIуттур ву, хьалхарчара а, тIаьхьарчара ша хестор волчу метте, шен деза дарж а, еза меттиг а гуча ер йолчу метте. Цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – сужуд дийр ду Делан Iарш кIеллахь. АллахIа тIаккха цунна дагчу тосур ду Ша хаставаран дешнаш, тIаккха цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Иза вазвийр ву, хастор ву, тIаккха шен Деле пурба доьхур ду цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шафаIат дан, тIаккха АллахIа цунна пурба лур ду халкъашна шафаIат дан, лайшна тIехIиттина йолу халонаш а, баланаш а чекхбовлийтархьама.

Вайн Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"إن الشمس تدنو يوم القيامة حتى يبلغ العرق نصف الأذن، فبينما هم كذلك، استغاثوا بآدم ثم بإبراهيم ثم بموسى ثم بعيسى ثم بمحمد ﷺ، فيشفع ليقضى بين الخلق، فيمشي حتى يأخذ بحلقة الباب، فيومئذ يبعثه الله مقاماً محموداً يحمده أهل الجمع كلهم." [رواه البخاري].

[1] “РукъйахI” – цомгаш волчунна тIехь доьшуш долу аяташ а, доIанаш а ду. Уьш дешар мегаш ду, делахь а, шена уьш хьа доьшур дара-те бохуш цомгаш волчо ша шена дешийта стаг ца лехар дика ду, Далла тIе болх билларан агIо алсам ялийта. Цундела лерина и ца лохуш берш Дела цхьаъ вар кхочуш хиллачарна юккъехь, болх АллахIана кера дIабалар а, иза Цунна тIе биллар а церан чIогIа хиларна.

[2] Хьавд – вайн Пайхамарна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Дала белла Iам бу.

«Баккъалла а, малх герга богIур бу къемат дийнахь, ах лерга тIекхаччалц хьацар чохь хир ду (цхьадолу адамаш), уьш иштточу хьолехь а болуш, Адаме гIо доьхур ду цара, тIаккха ИбрахIиме, тIаккха Мусага, тIаккха Iийсага, тIаккха Мухьаммаде гIо доьхур ду. Цо шафаIат дийр ду тIаккха, халкъана юккъахь къастам бина балийта аьлла. Иза гIур ву (ялсаманин) неIаран чIуг хьалоцуче кхаччалц[1]; цу дийнахь АллахIа иза гIаттор ву хастамечу меттехь,[2] гулдаран охIлуно[3] массара а хастор ву иза» [Бухари].

ХIара доккха шафаIат дар Дала вайн Элчанна – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – цхьанна делла ду. Иза доцург а, кхин шафаIаташ а ду Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дийр долуш. Уьш довзуьйтур ду вай:

1 – Ялсаманин охIлунна Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дийр долу шафаIат, уьш ялсамани чубахийта аьлла. Цуьнан тешалла Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дош ду:

"آتي باب الجنة يوم القيامة فاستفتح، فيقول الخازن من أنت؟ قال فأقول محمد، فيقول بك أمرت لا أفتح لأحد قبلك." [رواه مسلم]

«Къемат дийнахь ялсаманин неIаре вогIур ву со, тIаккха: “неI дIаелла” – эр ду ас, Хазина[3] эр ду тIаккха: “Хьо мила ву?” Ас эр ду: “Мухьаммад ву”. Цо эр ду тIаккха: “Хьол хьалха цхьанна а дIамаелла аьлла омру дина дара суна”» [Муслим].

2 – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шафаIат дийр ду, диканаш а, вонаш а цхьатерра нисделлачу нахана, уьш ялсамани чу бахийта аьлла. ХIокху хьокъехь Пайхамарера – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – деана нийса хьадис дац, йа иза воцчуьнгара а дац, делахь а, цхьаболчу Iеламнаха аьлла иштта шафаIат хир ду аьлла.

3 – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шафаIат дийр ду жоьжахати чу баха хьакъ хиллачу цхьаболчу нахана, уьш цу чу ма бахийтахьара аьлла. Цуьнан тешалла ду цуьнан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дош а, цуьнан юккъера кхетар а:

"شفاعتي لأهل الكبائر من أمتي." [رواه أبو داود].

«Суна шафаIат дан магийна ду сан умматера дакккхий къинош летийначарна» [Абу-Давуд].

4 – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шафаIат дийр ду ялсамани чохь болчеран даржаш сов даха аьлла. Цуьнан тешалла ду цуьнан – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дош:

"اللهم اغفر لأبي سلمة وأرفع درجته في المهديين." [رواه مسلم].

«Йа АллахI! Абу-Саламатана гечде Ахь, Айхьа нисбинчарна юккъахь цуьнан дарж сов даккха Ахь» [Муслим].

5 – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – цхьаболчу нахана шафаIат дийр ду, хьесап а доцуш, Iазап а доцуш уьш ялсамани чу бахийта аьлла. Цуьнан тешалла ду Михьсанан кIантах Iуккашатах лаьцна долу хьадис: хьесап а, Iазап а доцуш ялсамани чу гIур болчу кхузткъе итт эзарна юккъахь ша а хилийта але доIа дехьа аьлла цо Пайхамаре – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлча, Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – доIа дина:

"اللهم اجعله منهم." [متفق عليه].

«Йа АллахI! Царах ве Ахь иза». [Бухари, Муслим].

---

[1] АллахIана герга гIур ву бохург ду иза.
[2] Хастаме меттиг – иза цо дийр доккха шафаIат ду, цуьнга бен дойтур доцуш долу.
[3] Къемат дийнахь гулбинчу наха хастор ву иза бохург ду цуьнан маьIна. («Фатхьул-Бари»).
[3] Ялсамане лар еш долчу малийкан цIе ю Хазин.

6 – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шафаIат дийр ду, шен умматера, даккхий къинош а летийна жоьжахати чубаханчарна, уьш цу чура арабовлийта аьлла. Цуьнан тешалла ду Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дош:

"شفاعتي لأهل الكبائر من أمتي." [رواه أبو دواد].

«Суна магийна ду шафаIат дан, сан умматера даккхий къинош летийначарна». [Абу Давуд].

Кхин а цхьа хьадис ду:

"يخرج قوم من النار بشفاعة محمد ﷺ فيدخلون الجنة يسمون الجهنميين." [رواه البخاري].

«Жоьжахати чура цхьа нах арабоьвр бу Мухьаммадан шафаIатца, тIаккха ялсамани чу гIур бу уьш, “жоьжахати чохь хилларш” – аьлла шайн цIе йоккхуш а болуш». [Бухари].

7 – Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шафаIат дийр ду, Iазап хила хьакъ болуш жоьжахати чу бахийтинчарна, церан Iазап дай де аьлла. Цуьнан масала ду, цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шен девешина Абу-ТIалибана дийр долу шафаIат. Иштта шафаIат хирг хиларан тешалла ду Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – дош:

"لعله تنفعه شفاعتي يوم القيامة فيجعل في ضحضاح من النار يبلغ كعبيه يغلي منه دماغه." [متفق عليه].

«Къемат дийнахь сан шафаIато пайда бан мега цунна, тIаккха (ас шафаIат дича), цуьнан хьорканашка кхочуш йолчу, цуьнан хье кхехкор болчу жимчу цIерга вилла мега иза» [Бухари, Муслим].

АллахIана гергахь шафаIат кхочуш ца хуьлу ши бехкам кхочуш хиларца бен:

- ШафаIат деш волчунна а, шена шафаIат дойтуш волчунна а АллахI реза хилар;

- ШафаIат деш волчунна Дала шафаIат дан пурба далар. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿ وَلَا يَشْفَعُونَ إِلَّا لِمَنِ ٱرْتَضَىٰ ...﴾ [سورة الأنبياء، الآية:٢٨].

➤Цара шафаIат ца до Иза (АллахI) реза хиллачунна бен➤ [Сурат «Алъанбияъ» 28 аят].

Кхин а аьлла Сийлахь Везчу Дала:

﴿ ...مَن ذَا ٱلَّذِى يَشْفَعُ عِندَهُۥٓ إِلَّا بِإِذْنِهِۦ ﴾ [سورة البقرة، الآية:٢٥٥].

➤Мила ву иза – Цунна гергахь шафаIат деш верг, Цуьнан пурбанца бен (Цуьнан пурба доцуш)?➤ [Сурат «Албакъарат» 255 аят].

8 – Терза.

Терза дугIур хилар бакъ ду, цунах тешар вайна тIехь а ду. Терза – иза, къемат дийнахь, Шен халкъан Iамалш оза Дала дугIур долу терза ду, уьш оьзначул тIаьхьа царна церан Iамалшка хьаьжжина бекхам бархьама. Иза вайна гуш а долуш, ши кад а болуш, юккъехь терза гойтуш болу мотт а болуш терза хир ду. Цуьнца Iамалш узур ю, адамаша дуьненахь мел лелийнарг а узур ду, йа Iамалш тIеязйина долу тептарш узур ду, йа адам ша узур ду. Уьш массо озар хила а мегаш ду, амма терза даздалар а, дайдалар а Iамалца а, гIуллакхца а бен хир дац, тептаршца а, адамца а хир дац.

Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ وَنَضَعُ ٱلۡمَوَٰزِينَ ٱلۡقِسۡطَ لِيَوۡمِ ٱلۡقِيَٰمَةِ فَلَا تُظۡلَمُ نَفۡسٞ شَيۡـٔٗاۖ وَإِن كَانَ مِثۡقَالَ حَبَّةٖ مِّنۡ خَرۡدَلٍ أَتَيۡنَا بِهَاۗ وَكَفَىٰ بِنَا حَٰسِبِينَ ٤٧ ﴾ [سورة الأنبياء، الآية:٤٧].

≺Оха хIиттор ду нийсонан терзанаш къемат дийнахь, цхьанне хIуманна тIехь зулам а хир дац цхьа а синна (адамана); “хардалан”[1] буьртиг санна хIума делахь а, Оха схьадохьур ду иза; Тхо тоьаш ду (халкъана) хьесап деш хила➤ [Сурат «Алъанбияъ»47 аят].

Кхин а аьлла Лекхачу АллахIа:

﴿ وَٱلۡوَزۡنُ يَوۡمَئِذٍ ٱلۡحَقُّۚ فَمَن ثَقُلَتۡ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُوْلَٰٓئِكَ هُمُ ٱلۡمُفۡلِحُونَ ٨ وَمَنۡ خَفَّتۡ مَوَٰزِينُهُۥ فَأُوْلَٰٓئِكَ ٱلَّذِينَ خَسِرُوٓاْ أَنفُسَهُم بِمَا كَانُواْ بِـَٔايَٰتِنَا يَظۡلِمُونَ ٩ ﴾ [سورة الأعراف، الآيتان:٨، ٩].

≺Цу дийнахь хир долу (Iамалш) озар нийсонца (хир ду); ткъа шен терза даз делларш – уьш бу уьш декъал хилларш. (Амма) шен терза дайделларш – уьш бу уьш шаьш шайн синошна эшам бинарш, Тхан аяташца (уьш къобал ца деш, духа детташ) зулам дар бахьана долуш➤ [Сурат «АлъаIраф» 8-9 аяташ].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"الطهور شطر الإيمان، والحمد لله تملأ الميزان." [رواه مسلم].

«ЦIано яр Иманан ах дакъа ду, “алхьамдулиллахI” бохучу дашо терза хьала а дузу». [Муслим].

Кхин а аьлла Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна –:

"يوضع الميزان يوم القيامة فلو وزن فيه السماوات والأرض لوسعت." [رواه الحاكم].

«Терза дIахIоттор ду къемат дийнахь. Ткъа цу чохь стигланаш а, латта а оьзчи а, цу чу хоьар дара уьш» [Хьаким].

9 – «АссиротI» - ТIай.

Вай теша дезаш ду «сиротIах». «СиротI» - иза тIай ду, жоьжахатина тIехула доьгIна долу, кхерамечу меттиг тIехула доьгIна долу. Оцу тIай тIехула дехьа боьвр бу ялсамани чу боьлхаш берш. Оцу тIехула дехьа бовлуш болчерах цхьаберш бIаьрганегIар тухуш санна сиха дехьа боьвр бу, вуьйжаш мох хьаькхча санна сиха дехьа боьвр бу, цхьаберш уггар дикчу говрийн сихонца дехьа боьвр бу, цхьаберш боьвдда дехьа боьвр бу, цхьаберш буьйла белла боьвр бу, тIаьххьарниш такхийна дехьа бохур бу. Оцу тIехула дехьавалар Iамалшка хьаьжжина хир ду, дика Iамалш дукха мел хуьлу, дехьа валар сиха хир ду. Амма цхьаберш дехьа цабовлуьйтуш чу эгор бу, жоьжахатин цIерга. Цу тIехула дехьа ваьлларг ялсамане гIур ву.

Доьххьара оцу тIай тIехула дехьа вер верг вайн Пайхамар Мухьаммад ву – Делера салават а, салам а хуьлда цунна -, тIаккха цуьнан уммат ду.

Цу дийнахь вист хуьлуш цхьа а хир вац, элчанаш боцурш. Ткъа элчанаша дийр долу доIа хир ду: «Йа АллахI! Маьрша дита Ахь тхо, маьрша дита Ахь тхо (халонех хьалха дахахь тхо)».

Жоьжахати чохь мIерий хир ду, шайн дукхалла хууш верг цхьа Сийлахь АллахI бен воцуш. АллахIана лиъна рг цу чу озор ву цара.

[1] Хардал – кIолла ю (жима буьртиг бу). КIоллин буьртигца далийна масала, мел жима делахь а, цхьа а хIума къемат дийнахь Iад дуьтур цахилар гайта далийна ду.

«СиротI»-тIайн сифаташ иштта ду: иза туьрал ира ду, масал дуткъа ду, Дала цу тIехь чIагIбина ког бен тIехь саца лур боцуш шера ду иза, Iаьржачу боданехь доьгIна хир ду иза. Тешам а, гергарло а цхьацца агIор дIахIоттор ду цунна, тIаккха оцу тIехула дехьа волучунна цаьршимма тешалла дийр ду – хIокхо со лардира, йа ца лардеш дайъира – аьлла. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿وَإِن مِّنكُمْ إِلَّا وَارِدُهَا ۚ كَانَ عَلَىٰ رَبِّكَ حَتْمًا مَّقْضِيًّا ﴿٧١﴾ ثُمَّ نُنَجِّي الَّذِينَ اتَّقَوا وَّنَذَرُ الظَّالِمِينَ فِيهَا جِثِيًّا ﴿٧٢﴾﴾ [سورة مريم، الآيتان:٧١، ٧٢].

⮜Шух цхьа а вац цунна (жоьжахатина) тIевогIур волуш бен, (и хир долуш хилар) хьан Дала Шена тIелаьцна сацам бу, чекх боккхур болуш болу. ТIаккха Оха кIелхьара бохур бу (ширках а, куфрах а) кхийринарш, Iадда а буьтур бу зуламхой (ширк деш хилларш, куфр деш хилларш) цу чохь, шайн голаш тIехIиттина а болуш⮞ [Сурат «Марйам» 71-72 аяташ].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"ويضرب الصراط بين ظهراني جهنم فأكون أنا وأمتي أول من يجيزه." [رواه مسلم].

«СиротI-тIай а дугIур ду жоьжахатин шина агIонна юккъехь, со а, сан уммат а хир ду цунна тIехула доьххьара дехьа девр дерш» [Муслим].

Кхин а аьлла цо – Делера салават а, салам а хуьлда цунна:

"ويضرب جسر جهنم .. فأكون أول من يجيز، ودعاء الرسل يومئذ: اللهم سلّم سلّم." [متفق عليه].

«Жоьжахатин тIай а дугIур ду…, ткъа доьххьара цу тIехула дехьа вер верг со хир ву; цу дийнахь элчанийн доIа: "Йа АллахI! Маьрша дита Ахь тхо, маьрша дита Ахь тхо" бохуш хир ду». [Бухари, Муслим].

Абу-СаIид Алхудри цIе йолчу асхьаба – Дела реза хуьлда цунна – аьлла:

"بلغني أن الجسر أدق من الشعر وأحد من السيف." [رواه مسلم].

«Соьга кхаьчча, тIай масал дуткъа ду аьлла а, туьрал ира ду аьлла а долу хабар» [Муслим].

Кхин а хьадис ду Пайхамаран – Делера салават а, салам а хуьлда цунна –:

"وترسل الأمانة والرحم، فتقومان على جنبتي الصراط يميناً وشمالاً، فيمر أولكم كالبرق... ثم كمرّ الريح، ثم كمرّ الطير وشد الرجال، تجري بهم أعمالهم، ونبيكم قائم على الصراط يقول: رب سلم سلم، حتى تعجز أعمال العباد، حتى يجيء الرجل فلا يستطيع السير إلا زحفاً. قال: وعلى حافتي الصراط كلاليب معلقة مأمورة بأخذ من أمرت به، فمخدوش ناجٍ، ومكدوس في النار." [رواه مسلم].

«Тешам а, гергарло а дIахоьцур ду, тIаккха и шиъ хIуттур ду тIайн шина агIонна тIе – аьтту агIор а, аьрру агIор а – тIаккха шух хьалхарниг ткъес санна сиха дехьа вер ву… тIаккха мох санна (сиха дехьа вер ву), тIаккха олхазар тIема даьлла доьдуш санна, тIаккха ведда воьдуш санна, церан Iамалша дехьа бохур бу уьш[1], шун Пайхамар тIайна тIехIоьттина хир ву – "Йа АллахI! Маьрша бита Ахь уьш, маьрша бита Ахь уьш" – бохуш, (уьш иштта дехьа бийр бу), адамийн Iамалш кIеззиг а хилла, Iамалшка хIумма а цадалучу хьоле кхаччалц, тIаккха (Iамалш кIеззиг ерг) дехьа цавалалуш хир ву, текхаш бен. Жоьжахатин шина агIор оьхкина мIерий хир ду, схьалаца аьлла шайга омра динарг схьалоцуш. ТIаккха царах хир ву, оцу мIераша дегIа тIехь сизаш а дина кIелхьараваьлларг а, тIекI-тIекIал кхуьйсуш жоьжахати чукхоьссинарг а» [Муслим].

[1] Дехьабовларан сихаллехь шайн Iамалшка хьаьжжина хир бу уьш.

10 – «КъантIарахI» (Жоьжахатина а, ялсаманина а юккъехь йолу меттиг).

Вай теша дезаш ду, Ийман диллинарш тIайл дехьа боьвллачул тIаьхьа, «къантIарахI» олучу меттехь совцор хиларх.

«КъантIарахI» – иза ялсаманина а, жоьжахатина а юккъехь йолу меттиг ю. ЦIарал кIелхьара а боьвлла, тIайл дехьа боьвллачул тIаьхьа, Ийман диллинарш совцор бу цигахь, ялсамани чу бахале цаьрга шайна вовшашна юккъахь долчу хIумнаш тIехь бекхам байта. ТIаккха уьш цIанбеллачул тIаьхьа, пурба лур ду царна ялсамани чу баха. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"يخلص المؤمنون من النار، فيحبسون على قنطرة بين الجنة والنار، فيقتص لبعضهم من بعض مظالم كانت بينهم في الدنيا، حتى إذا هذبوا ونقوا أذن لهم في دخول الجنة، فوالذي نفس محمد بيده لأحدهم أهدى بمنـــزله في الجنة منه بمنـــزله كان في الدنيا." [رواه البخاري].

«АллахIах тешаш хилларш кIелхьара боьвр бу цIарах, тIаккха уьш совцор бу “къантIарахI” тIехь, ялсаманина а, жоьжахатина а юккъехь, тIаккха дуьненахь царна вовшашна юккъахь хиллачу халахетаршна а, латкъамашна а, ваьснашна а цаьрга вовшийн бекхам бойтур бу, (тIаккха) къастош дерг къастийначул тIаьхьа, мукъавоккхуш верг мукъаваьккхинчул тIаьхьа, пурба лур ду царна ялсамани чу баха. Мухьаммадан са Шен керахь долчу (Делор), шух хIоранна а шен ялсамани чохь долу цIа гIоли доьвзар ма-ду, шен дуьненахь хиллачу цIийнал» [Бухари].

Ялсамани – иза сийлахьаллин хIусам ю, АллахIа Шех кхоьруш хиллачарна къемат дийнахь яла кечйина йолу. Ялсамани чохь лелаш татолаш ду, цу чохь лекха чоьнаш ю, хаза зударий а бу. Цу чохь синошна мел деза хIума ду, бIаьргаша марзо мел оьцу хIума а ду. Цхьа а бIаьргана гина доцу, цхьа а лергана хезна а доцу, адамийн дагчу цкъа а деъна а доцу хIумнаш ду цу чохь. Цуьнан ниIмат чекх долуш дац, йа дайна дIадердолуш а дац. Цу чу бахнарш даим цу чохь хир бу, лийр а боцуш, йа цу чура дIахедар а боцуш. Цу чохь йолу шад йиллал йолу меттиг дуьненал а, дуьнен чохь долчу массо хIумнал а гIоли ю. Шовзткъа шарахь некъ бича санна йолчу генарчу меттехь а йогIу ялсаманин хаза хьожа.

Ткъа цу чохь долу уггар доккха ниIмат – иза «муъминунашна» (цу чохь болчу АллахIах тешаш болчарна) шайн бIаьргашца ша ма-варра шайн Дела АллахI гар ду. Керста нахана дихкина ду АллахI гар, ялсамани чохь бусалба нахана бен гур волуш а вац Иза – Сийлахь а, Лекха а ву Иза. Ткъа Ийман диллинчарна а АллахI гур вац бохуш волчо керста нах а, АллахIах тешаш берш а цхьатера бо.

Ялсамани чохь бIе дарж ду, хIора даржана юккъехь йолу меттиг стигланна а, латтанна а юккъахь санна йолу меттиг ю. Ялсамани чохь уггар лекханиг Фирдавс-ялсамани ю. Цуьнан тхов Делан Iарш ду. Цуьнан бархI неI ю. ХIора неIаран шина агIонна юккъехь йолу меттиг Маккийна а, ХIажарна а юккъахь ерг санна йоккха меттиг ю, бакъдолуш, цхьа де а догIур ду, и неI адамаша дIаюьзна йолуш. Ялсаманин охIлунна юккъахь уггар лахара даржехь волчуьнан дуьне а, и санна кхин итт а хир ду. Лекха хин волчу АллахIа аьлла ялсаманих лаьцна:

﴿ أُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِينَ ﴿١٣٣﴾ ﴾ [سورة آل عمران، الآية:١٣٣].

⮜…иза кечйина ю (Делах) кхоьруш болчарна⮞ [Сурат «Ал-Iимран» 133 аят].

Ялсаманин охIлу даим дийна хирг хиларх лаьцна а, уьш даим ялсамани чохь хирг хиларх лаьцна а, ялсамане даим лаьттар йолуш хиларх лаьцна а аьлла Сийлахь Везчу Дала:

﴿ جَزَآؤُهُمْ عِندَ رَبِّهِمْ جَنَّٰتُ عَدْنٍ تَجْرِى مِن تَحْتِهَا ٱلْأَنْهَٰرُ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدًا ۖ رَّضِىَ ٱللَّهُ عَنْهُمْ وَرَضُوا۟ عَنْهُ ۚ ذَٰلِكَ لِمَنْ خَشِىَ رَبَّهُۥ ﴾ [سورة البينة، الآية:٨]

⮜Церан бекхам церан Делехь бу – бошмаш ( ялсамани хир ю царна,) шайна кIелхула лелаш татолаш а долуш йолу, даиманна а цу чохь хир бу уьш; реза хилла царна АллахI, уьш а реза хилла Цунна; иза (хир ду) шен Делах кхийринчунна⮞ [Сурат «Албаййинат» 8 аят].

Ткъа «цIе» (жоьжахате) – иза Iазапан хIусам ю, керста нахана а, Iеса хиллачарна а Дала кечйина йолу. Цу чохь уггар чIогIа Iазап ду, тайп-тайпана таIзарш а ду. И ларйеш долу малийкаш чIогIа ницкъ болуш, кIоршаме ду. АллахIах ца тешна болу керста нах гуттаренна а цу чу бухкур болуш бу. Церан даар «заккъум»[1] ду, церан малар довха хиш а, хьацар а ду. ХIокху дуьненахь йолу цIе жоьжахатехь йолчу цIеран йовхонан кхузткъе иттолгIа дакъа бен дац. Жоьжахатин цIе дуьненан цIарал кхузткъе иссозза йовха ю.

Оцу цIарна кIорда ца бо шена чу кхуьйсуш берш, муххале а цо олу: «Кхин совнаха вуй цхьа а?» Цуьнан ворхI неI ю, оцу хIора неIарна чу гIур долуш тайп-тайпана адамаш а ду. Лекхачу АллахIа цIарах лаьцна аьлла:

﴿ أُعِدَّتۡ لِلۡكَٰفِرِينَ ﴿١٣١﴾ ﴾ [سورة آل عمران، الآية:١٣١].

⮜…иза кечйина ю ца тешачарна (АллахIах)⮞ [Сурат «Ал-Iимран» 131 аят].

Жоьжахатин охIлу цу чохь даим хирг хиларх лаьцна а, иза даим лаьттар йолуш хиларх лаьцна а аьлла Лекха хин волчу Дала:

﴿ إِنَّ ٱللَّهَ لَعَنَ ٱلۡكَٰفِرِينَ وَأَعَدَّ لَهُمۡ سَعِيرًا ﴿٦٤﴾ خَٰلِدِينَ فِيهَآ أَبَدٗاۖ ... ﴾ [سورة الأحزاب، الآيتان:٦٤ ]

⮜Баккъалла а, АллахIа наьIалт аьлла (Шен къинхетамах гена бахарца, Шех) ца тешачарна, царна чIогIа цIе а кечйина Цо. уттаренна а цу чохь хир бу уьш⮞ [Сурат «Алъахьзаб» 64-65 аяташ].

### 3 – Къемат дийнах тешаран пайданаш

Къемат дийнах тешаран дуккха а дика пайданаш ду, царах цхьадерш дуьйцур ду вай:

- Дика Iамалш ян лаам сов балар, и Iамалш ярна тIехь къахьегар;
- Оцу дийнахь хир долчу таIзарх а, Iазапах а кхоьруш, къинош леторах ларвалар, къиношна реза цахилар, Iесаллех гена валар;
- Эхартахь шена ниIмат а, мел а хиларга дог дохуш, Делах тешаш верг ша дуьне Iад дитарх воккха вер;
- ГIовттор хиларх тешар цхьаьна стеган ирсан а, дерриг халкъан ирсан а бух бу. ХIунда аьлча, адам тешаш хилча, Дала адамаш деллачул тIаьхьа хьалагIовттор хиларх, царна хьесап дийр хиларх, цара йинчу Iамалшна царна бекхам бийр хиларх, цунах адам тешча, иза нислур ду Дала бохучунна тIехь, иза дIахедар ду вонах а, цуьнан тIаьхьлонех а, нахана юккъехь даьржара ду дика, яьржар ю дикалла а, маршо а.

●●●

[1] «Заккъум» - жоьжахати чура, къаьхьа а долуш, вон хьожа а йолуш долу дитт ду, цу тIера стоьмаш хир бу жоьжахатин охIлунан даар.

## ЯлхолгIа рукн: Къадрах тешар

1 – Къадр довзийтар а, цунах тешар маьIне хилар а

2 – Къадран даржаш

3 – Къадран дакъош

4 – Асхьабийн а, табиIунийн а, хьалха хиллачу Iеламнехан а къадрах тешар

5 – Делан лайша еш йолу Iамалш

6 – Дала хIума кхоллар а, адамо Iамал йар а цхьаьнадар, и шиъ цхьаьнатохар

7 – Къадран хьокъехь адамашна тIехь долу важиб

8 – Къадрана реза хилар

9 – Адамаш нисдар шина декъе декъадалар

10 – Делан лаам шина декъе бекъабалар

11 – Къадр духатухуш долу бахьанаш

12 – Къадр Делан къайле ю, адамашна евзаш а яц

13 – Къадрах бехказло а, бахьана а дар

14 – Бахьанаш лело дезар

15 – Къадр духатоьхначун хьукма

16 – Къадрах тешаран пайданаш а, кхачонаш а

**1 – Къадр довзийтар а, цунах тешар маьIне хилар а.**

Къадр – иза хIора хIумнах хиндерг АллахIа билгалдаккхар ду.

Дала массо хIумнах хиндерг билгалдаьккхина, Шен Iилманна тIе а доьгIна, Шен хьекъалечу сацамна тIе а доьгIна. Иза доьрзуш ду Делан ницкъ хиларе, Иза массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш хиларе, Шена лууш дерг деш Иза хиларе.

Къадрах тешар – АллахI Дела хиларх тешар ду – ЦIена а, Лекха а ву Иза. Цунах тешар Иймананан бIогIамех цхьа бIогIам а, бух а бу, цунах тешча бен Ийман кхачаме хуьлуш а дац. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ إِنَّا كُلَّ شَيْءٍ خَلَقْنَاهُ بِقَدَرٍ ﴿٤٩﴾ ﴾ [سورة القمر، الآية:٤٩].

⮜Баккъалла а, Оха массо хIума кхоьллина къадраца (кхелаца, билгалдоккхуш цунах хиндерг)⮞ [Сурат «Алкъамар» 48 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"كل شيء بقدر حتى العجز والكيس، أو الكيس والعجز." [رواه مسلم].

«Массо хIума ду къадраца билгалдаьккхина, ницкъ цакхачар а, каде хилар а, йа каде хилар а, ницкъ цакхачар а» [Муслим].

**2 – Къадран даржаш.**

Къадрах тешар кхочуш ца хуьлу цуьнан диъ даржах тешча бен. И диъ дарж иштта ду:

1 – Массо хIума чулоцуш долчу, цхьаммо а кхоллаза долчу АллахIан Iилманах (Цунна массо хIума хууш хиларх) тешар. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ أَلَمْ تَعْلَمْ أَنَّ اللَّهَ يَعْلَمُ مَا فِي السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ ۗ إِنَّ ذَٰلِكَ فِي كِتَابٍ ۚ إِنَّ ذَٰلِكَ عَلَى اللَّهِ يَسِيرٌ ﴿٧٠﴾ ﴾ [سورة الحج، الآية:٧٠].

⮜Хьуна ца хаьара АллахI хууш вуй стиглахь дерг а, лаьтта тIехь дерг а; баккъалла а, иза дIаяздина ду жайни чохь; баккъалла а, иза (хаар) АллахIана атта а ду⮞ [Сурат «Алхьадж» 70 аят].

2 – АллахIана хууш долу и билгалдаьхна долу хIумнаш

«Лавхьул махьфуз»[1] тIехь дIаяздина хиларх тешар. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿ مَّا فَرَّطْنَا فِي الْكِتَابِ مِن شَيْءٍ ۚ ... ﴾ [سورة الأنعام، الآية:٣٨].

⮜Оха цхьа а хIума ца дитина жайни чохь (дIа ца яздеш)⮞ [Сурат «АлъанIам» 38 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"كتب الله مقادير الخلائق قبل أن يخلق السموات والأرض بخمسين ألف سنة." [رواه مسلم].

«АллахIа дIаяздина халкъах хир дерг, Ша стигланаш а, латта а кхоллале шовзткъе итт эзар шо хьалха» [Муслим].

[1] «Лавхьул махьфуз» бохучуьнан маьIна « Далла гергахь лардеш долу у» бохург ду.

3 – АллахӀан лаамах тешар, Цунна лиъча хӀуъа а хуьлуш хиларх тешар, массо хӀума чулоцуш болчу Цуьнан ницкъах тешар. Лекха хин волчу Дала аьлла:

﴿ وَمَا تَشَآءُونَ إِلَّآ أَن يَشَآءَ ٱللَّهُ رَبُّ ٱلۡعَٰلَمِينَ ٢٩ ﴾ [سورة التكوير، الآية:٢٩].

➤Шуна луур дац (хӀумма а) АллахӀана лиъча бен, Ӏаламийн Эла волчу➤ [Сурат «Аттаквир» 29 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла шега - «АллахӀана а, хьуна а лиънарг ду хӀара» - аьллачуьнга:

"أجعلتني لله نداً ، بل ما شاء الله وحده." [رواه أحمد].

«АллахӀаца накъост ви ахь сох? Муххале а, цхьана АллахӀана лиънарг ду» [Ахьмад].

4 – АллахӀ массо хӀума кхоьллинарг а, массо хӀума кхуллуш верг а хиларх тешар. Лекха хин волчу АллахӀа аьлла:

﴿ ٱللَّهُ خَٰلِقُ كُلِّ شَيۡءٖۖ وَهُوَ عَلَىٰ كُلِّ شَيۡءٖ وَكِيلٞ ٦٢ ﴾ [سورة الزمر، الآية:٦٢].

➤АллахӀ ву массо хӀуманан Кхоллархо, массо хӀуманан Ӏуналла деш верг а ву Иза (Шена луург до Цо Шена луъучу хӀуманца➤ [Сурат «Аззумар» 62 аят].

Кхин а аьлла Сийлахь Везчу Дала:

﴿ وَٱللَّهُ خَلَقَكُمۡ وَمَا تَعۡمَلُونَ ٩٦ ﴾ [سورة الصافات، الآية:٩٦].

➤АллахӀа кхоьллина шу а, аш деш дерг а➤ [Сурат «Ассоффат» 96 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"إن الله يصنع كل صانع وصنعته." [رواه البخاري].

«Баккъалла а, цхьа гӀулкх, йа хӀума деш верг а, цо деш долу хӀума а, гӀулкх а АллахӀа кхуллуш ду» [Бухари].

**3 – Къадран дакъош.**

1 – Массо хӀумнашна долу юкъара къадр. ХӀара ду и «Лавхьул махьфуз» чохь, стигланаш а, латта а кхоллале хьалха шовзткъе итт эзар шо хьалха дӀаяздина дерг.

2 – Адаман дахар билгалдаккхар. Иза адамана чу са кхоьллинчу хенахь дуьйна схьа, цуьнан дахаран хан дӀаяллалц цунна хир дерг а, цо лелор дерг а, и массо хӀума билгалдаккхар ду.

3 – Цхьана шеран къадр. Иза хӀора шарахь адамана хир дерг а, цо дийр дерг а билгалдаккхар ду. ХӀара къадр хӀора шарахь «Лайлатул къадр[1]» - буьйсанна билгалдоккхуш ду. Лекхачу АллахӀа аьлла:

﴿ فِيهَا يُفۡرَقُ كُلُّ أَمۡرٍ حَكِيمٍ ٤ ﴾ [سورة الدخان، الآية:٤].

➤Цу (буьйсанна) къаста до массо хьекъале долу хӀума➤ [Сурат «Аддухан» 4 аят].

---

[1] «Лайлатул къадр» бохург – къадран буьйса – бохург ду. И буьйса мархин беттан тӀаьххьара итт де диссича, оцу юккъахь хуьлуш ю.

4 – ХIора дийнахь хIоттош долу къадр. Иза хIора дийнахь хуьлуш долу хIума билгалдаккхар ду, ницкъ балар а, эшам балар а, рицкъ далар а, иза сацор а, ден вар а, валийтар а, иштта кхин дерг а санна долу. Лекхачу АллахIа аьлла Къуръан чохь:

﴿ يَسْـَٔلُهُۥ مَن فِى ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضِ ۚ كُلَّ يَوْمٍ هُوَ فِى شَأْنٍ ﴾ [سورة الرحمن، الآية:٢٩].

⮜Цуьнга доьху стиглахь а, лаьттахь а болчара, хIора дийнахь (даим) Шен сийлахьчу гIуллакххехь ву Иза (нахана рицкъ луш, керла адамаш дуьненчу дохуш, дехначунна жоп луш)⮞ [Сурат «Аррохьман» 29 аят].

**4 – Асхьабийн а, табиIунийн а, хьалха хиллачу Iелам-нехан а къадрах тешар.**

Асхьабийн а, церал тIаьхьа хиллачу «тáбиIýнийн»[1] а, хьалха хиллачу Iеламнехан а къадрах тешар а, цунах уьш кхетар а дуьйцур ду вай кхузахь. Церан къадрах кхетам иштта хилла:

АллахI ву массо хIума кхоьллинарг. Массо хIуманан Дела ву Иза. Массо хIума Цуьнан долахь ду. Шен халкъах хир дерг а, цо лелор дерг а, Цо билгалдаьккхина дIаяздина Ша и халкъ кхолла а кхоллале. Адамийн хенаш а, рицкъанаш а, Iамалш а билгалъяьхна Цо, уьш декъал хир бу, йа ирс доцуш дакъаза боьвлла, декъаза хир бу а дIаяздина Цо. Массо хIума гулдина Цо кхетамечу Жайни чохь.

АллахIана лиънарг хила а хилла, хир а ду, Цунна цалиънарг хила а ца хилла, хир а дац. Хилларг массо хIума хаьа Цунна. Хиндерг а хаьа Цунна. Хилла доцург хилча муха хир дара а хаьа Цунна. Массо хIуманна тIехь ницкъ кхочуш ву Иза. Шена луург нис во Цо, Шена луург тила а во Цо. Адамийн лаам а бу, ницкъ а бу Дала шайга дайтинарг дан. Амма адамашна цхьа а хIума луур дац АллахIан пурбанца бен. Сийлахь а, Лекха а волчу, Цо аьлла:

﴿ وَٱلَّذِينَ جَٰهَدُوا۟ فِينَا لَنَهْدِيَنَّهُمْ سُبُلَنَا ۚ ... ﴾ [سورة العنكبوت، الآية:٦٩].

⮜Тхан доьхьа къахьегнарш – уьш Оха нисбийр бу Тхешан нийсачу некъаш тIе⮞ [Сурат «АлIанкабут» 69 аят].

АллахI ву адамийн Кхоллархо а, церан Iамалийн Кхоллархо а. Ткъа шайн Iамалш адамаша баккъалла а еш ю. Далла хьалха цхьанна а бахьана а, бехказло а яц адамо дитинчу парзана, йа динчу хьарам хIуманна, муххале а, АллахIан ду Шен лайшна тIехь, царна доьхьал доккха тоьшалла. Хиллачу халонашна а, баланашна а ала мегар ду – иштта Дала яздина хилла – аьлла, амма иштта ала мегар дац ша летош долчу къиношна тIехь, шегахь долчу кхачамбацарш тIехь а. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлларг санна, Мусана Адамна доьхьал далийначу тешаллех лаьцна:

"تحاج آدم وموسى، فقال موسى: أنت آدم الذي أخرجتك خطيئتك من الجنة؟ فقال له آدم: أنت موسى الذي اصطفاك الله برسالاته وبكلامه، ثم تلومني على أمر قد قُدّر عليّ قبل أن أخلق، فحج آدمُ موسى." [رواه مسلم].

«Адам а, Муса а къовсавелла хилла. Мусас аьлла: “Хьо Адам ву, хьо галваларо ялсамани чуьра араваьккхина волу”. ТIаккха Адама аьлла цуьнга: “Хьо Муса ву, АллахIа Шен кхайкхамашца а, Шен къамелаца а хаьржина волу, хIетте а соьгара бехк боккхуш а ву хьо, со кхолла а кхоллале суна хIоттийна хилла долчу, язделлачу хIуманна тIехь?” Иштта, Адаман тешалла чIогIа хилла Мусаначал а». [Муслим].

[1] «ТабиIунаш» - уьш асхьабашна тIаьхьа хилла бусалба нах бу, асхьабаш ган а гина, цаьргара Iилма схьа а оьцуш, цаьрца баьхна нах бу уьш.

## 5 – Делан лайша (адамаша) еш йолу Іамалш.

ХІокху Іалам чохь АллахІа кхуллуш йолу Іамалш шина декъе екъалуш ю:

1 – Беркате волчу АллахІа Шен халкъа юккъахь деш дерг, масала: адамашна а, кхин йолчу са долчу хІумнашна а чу са кхоллар, адамаш а, кхин йолу дийна хІумнаш а яйъар, церан са дІаэцар, цомгуш хилийтар а, могшалла ялар а. ХІокху гІуллакхашна тІехь цхьаьнне а лаам а бац, харжам а бац, муххале, оцу гІуллакхаш тІехь берриг лаам цхьаьна АллахІан бу. Лекхачу АллахІа аьлла:

﴿ وَٱللَّهُ خَلَقَكُمۡ وَمَا تَعۡمَلُونَ ﴿٩٦﴾ ﴾ [سورة الصافات، الآية:٩٦].

∢АллахІа кхоьллина шу а, аш деш дерг а➢ [Сурат «Ассоффат» 96 аят].

Кхин а аьлла Лекха хин волчу Дала:

﴿ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلۡمَوۡتَ وَٱلۡحَيَوٰةَ لِيَبۡلُوَكُمۡ أَيُّكُمۡ أَحۡسَنُ عَمَلًاۚ ﴾

[سورة الملك، الآية:٢].

∢(Иза ву и АллахІ,) валар а, дахар а кхоьллина верг, шух уггар хаза, дика Іамал йеш верг муьлхург ву хьажархьама➢ [Сурат «Алмулк» 2 аят].

2 – Халкъана юккъара лаам болчара мел деш долу гІуллакхаш а, Іамалш а. ХІара Іамалш АллахІа кхуллуш ю, делахь а, хІара Іамалш еш болчеран лаамца а, харжамца а хуьлуш ю уьш, хІунда аьлча АллахІа царна харжаман бакъо а, лаам а белла дела. Сийлахь Везчу Дала аьлла:

﴿ لِمَن شَآءَ مِنكُمۡ أَن يَسۡتَقِيمَ ﴿٢٨﴾ ﴾ [سورة التكوير، الآية:٢٨].

∢Шух нисвала лууучунна➢ [Сурат «Аттаквир» 28 аят].

Кхин а аьлла Лекха хинволчо:

﴿ ...فَمَن شَآءَ فَلۡيُؤۡمِن وَمَن شَآءَ فَلۡيَكۡفُرۡۚ ... ﴾ [سورة الكهف، الآية:٢٩].

∢Шена луург тешийла (АллахІах), шена луург ма тешийла➢[1] [Сурат «АлкахІф» 29 аят].

Оцу Іамалшна юккъера диканаш йинарг хастаме ву, вонаш йинарг сийсаз а ву. Ткъа АллахІа таІзар деш дац адамо йинчу Іамална, нагахь санна цуьнан и Іамал ярехь лаам а, харжам а ца хиллехь. Лекха  хин волчу Дала ша ма-аллара:

﴿ ...وَمَآ أَنَا۠ بِظَلَّٰمٖ لِّلۡعَبِيدِ ﴿٢٩﴾ ﴾ [سورة ق، الآية:٢٩].

∢Со вац (Сайн) лайшна зулам дийр долуш➢ [Сурат «Къоф» 29 аят].

Адамана шена евза башхалла, харжам хиларна а, харжам а, лаам а ца хиларна а юккъахь йолу. Масала, стаг тхов тІера ламий тІехула оьхьавоссар цуьнан шен лаамца хуьлу, ткъа иза цу тІера кхечо чукхосса а тарло. Хьалхарниг лаам болуш хьал ду, шолгІаниг лаахь а, ца лаахь а хуьлуш хьал ду.

[1] Лаахь а, ца лаахь а бохуш дин тІелацайтуш дац Исламехь. Ткъа бусалба дин тІелаца а ца лууш, бусалба пачхьалкхехь ваха лууш верг иза бусалба динан хьукманашца ваха везар ву. ТІаккха, къемат дийнахь, Дела дин лело шен лаам боллушехь цо иза ца лела дарна, Дала Іазап дийр ду цунна, жоьжахати чу а вуллур ву иза даиманна а.

### 6 – Дала хIума кхоллар а, адамо Iамал йар а цхьаьнадар, и шиъ цхьаьнатохар.

АллахIа кхоьллина адам. Цо кхоьллина цо деш долу хIумнаш а. Делахь а, АллахIа цунна лаам а белла, ницкъ а белла. Ткъа адам – иза ду дуьххьала дIа баккъалла а шен Iамалш еш дерг, цуьнан шен лаам а, ницкъ а болу дела. Цо Ийман диллича – иза цуьнан лаамца хуьлуш ду, ткъа цо куфр дича а – иза цуьнан лаамца хуьлуш ду. Масала, вай аьлча: “хIара стом хIокху диттера бу, хIара ялта хIокху лаьттера ду” – цуьнан маьIна хуьлу: оцу диттах а, лаьттах а хьадаьлла ду и шиъ бохург. Ткъа вай и стом а, йалта а Делера ду аьлчи, цуьнан маьIна хуьлу: АллахIа оцу диттах а, лаьттах а кхоьллина ду и шиъ бохург. Иштта, оцу шина дашна юккъахь цхьаьна ца дар ца нисло. Делан ШарI а, Цуьнан къадр а цхьанакхета оцу кепара. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿وَٱللَّهُ خَلَقَكُمۡ وَمَا تَعۡمَلُونَ ٩٦﴾ [سورة الصافات، الآية:٩٦].

⮜АллахIа кхоьллина шу а, аш деш дерг а➢ [Сурат «Ассоффат» 96 аят].

Кхин а аьлла Сийлахь волчо:

﴿فَأَمَّا مَنۡ أَعۡطَىٰ وَٱتَّقَىٰ ٥ وَصَدَّقَ بِٱلۡحُسۡنَىٰ ٦ فَسَنُيَسِّرُهُۥ لِلۡيُسۡرَىٰ ٧ وَأَمَّا مَنۢ بَخِلَ وَٱسۡتَغۡنَىٰ ٨ وَكَذَّبَ بِٱلۡحُسۡنَىٰ ٩ فَسَنُيَسِّرُهُۥ لِلۡعُسۡرَىٰ ١٠﴾ [سورة الليل، الآيات:٥-١٠].

⮜Амма (сагIа) делларг, (Делах) кхера а кхийринарг. Уггар дика хIума (лаилахIа иллаллахI) бакъ а динарг. Оха цунна атта дийр ду аьттонга (ялсамане) кхачар. Амма (сагIа ца луш) сутара хилларг, Делера мел ца хилча а шен гIулкх хир ду, аьлла хеттарг. Уггар дика хIума (лаилахIа иллаллахI) харц динарг. Оха цунна атта дийр ду халоне (жоьжахате) кхачар➢ [Сурат «Аллайл» 5-10 аяташ].

### 7 – Къадран хьокъехь адамашна тIехь долу важиб.

Адамана тIехь ду къадран хьокъеь ши хIума:

1 – Ша дан дезаш долу хIума дарехь Делера гIо дехар, вочу хIумнах ларваларехь Делера гIо дехар, ялсамане кхачар шена атта де аьлла АллахIе доIа деш хилар, жоьжахатех ша лар ве бохуш АллахIе доьхуш хилар. Болх АллахIана тIе биллар, вочу хIумнах АллахIаца ларвалар.

Бусалба стаг иштта хилча, дика хIума дар а, вон хIума Iад дитар а АллахIаца доьзна хуьлу цуьнан. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"احرص على ما ينفعك، واستعن بالله ولا تعجز، وإن أصابك شيء فلا تقل: لو أني فعلت كذا لكان كذا، ولكن قل: قدر الله وما شاء فعل، فإن لو تفتح عمل الشيطان."

«Хьайна пайда болчу хIуманна тIегIерташ хила хьо, АллахIера гIо а деха ахь, хIара хIума соьга дан ца ло але Iад а ма Iе хьо. Ткъа нагахь санна хьайна цхьа вон хIума хилахь, ахь ма ала - “дависа, иштта а, иштта а дина хилла делара ас иза” – але. Бакъдолуш - “дависа, делара” – бохучо шайтIанан Iамал дIайоьллу». [Муслим].

2 – Шена язделла долчу хIуманна, Делан кхелана собаре хила веза, халахеташ гIайгIане хила а ца веза. И хилларг Делера дуй а хууш, цунна реза а хилла, муьтIахь хила веза. Цунна хаа деза, шена хилла долу хIума мел и цахилийта иза гIиртинехь а хир долуш хилла хилар, ткъа цунна ца хилларг цунна хила язделла цахилар. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"وأعلم أن ما أصابك لم يكن ليخطئك، وأن ما أخطأك لم يكن ليصيبك."

«Хьуна хаийла, хьуна хилларг хьуна ца хуьлуш дуьссур хилла ца хилар, хьуна ца хилларг хьуна цкъа а хир долуш хилла ца хилар».

### 8 – Къадрана реза хилар.

Вайна язделлачунна реза хила деза вай, Делан хIоттамна а, кхелана а реза хила деза вай. ХIунда аьлча иза АллахI Эла хиларна кхоччуш реза хилар ду. Цундела, Делах тешаш волу массо стаг, Дала динчунна реза хила веза. Ткъа Дала деш дерг ша дерг дика ду, нийса ду, хьекъале а ду. Шена хилларг шена хила дезаш хиллий а хиъна, ца хилларг хила дезаш ца хиллий а хиъна сапаргIат волу стаг хьалха вер ву, шеконаш чу вожарх а, воьхна хиларх а, цуьнан дахарехь хир дац синтем бар а, са цатер а. Шега дан ца деллачунна а, шена ца хиллачунна а сингаттаме хир вац иштта стаг, хиндолчунна сахьийзаш а хир вац иза. Иштта иза хиларца, нахана юккъехь уггар ирс долуш хир ву иза, уггар цIена, дика са долуш а хир ву иза, синтем болуш а хир ву иза. Шен дахаран хан бигалъялла юй хууш волчунна хаьа, валарх кхерарo шен хан яхийир йоций, йа сутаралло шен рицкъа сов а доккхур доций, и массо хIума шена дIаяздина дуй а. Цундела, и хиънарг шена хиллачу бохамашна тIехь собаре хуьлу, ша динчу вочу хIумнашна а, ша летийначу къиношна а гечдар доьхуш а хуьлу, Дала динчунна реза а хуьлу. Оцу кепара, цо шена чохь цхьаьнатуху Делан омрунна муьтIахь хилар а, бохамашна тIехь собаре хилар а. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿مَآ أَصَابَ مِن مُّصِيبَةٍ إِلَّا بِإِذۡنِ ٱللَّهِۗ وَمَن يُؤۡمِنۢ بِٱللَّهِ يَهۡدِ قَلۡبَهُۥۚ وَٱللَّهُ بِكُلِّ شَيۡءٍ عَلِيمٞ ١١﴾ [سورة التغابن، الآية:11].

➤Цхьа а бохам хилла бац АллахIан пурбанца бен, ткъа АллахIах тешнарг (и бохам Делера бу аьлла) – Цо цуьнан дог нисдийр ду (цу бохам тIехь собаре хилийта), АллахI массо хIума хууш а ву➤ [Сурат «АттагIобун» 11 аят].

Кхин а аьлла Везчу АллахIа:

﴿فَٱصۡبِرۡ إِنَّ وَعۡدَ ٱللَّهِ حَقّٞ وَٱسۡتَغۡفِرۡ لِذَنۢبِكَ﴾ [سورة غافر، الآية:55].

➤Ткъа хьо хила собаре, баккъалла а АллахIан чIагIо (Ша шуна гIо дийр ду аьлла йолу) бакъ ю, хьайн къиношна гечдар а деха ахь➤ [Сурат «ГIофир» 55 аят].

### 9 – Адамаш нисдар шина декъе декъадалар.

АллахIа адамаш нисдар шина декъе декъалуш ду:

1 – Бакъ дерг гойтуш, хьехар деш долу нисвар. ХIокху кепара долу нисвар массо адамашкара а хила луш ду. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿وَإِنَّكَ لَتَهۡدِيٓ إِلَىٰ صِرَٰطٖ مُّسۡتَقِيمٖ ٥٢﴾ [سورة الشورى، الآية:52].

➤Баккъалла а, ахь нисдо (адамаш а, жинаш а) нийсачу некъа тIе➤ [Сурат «Ашшура» 52 аят].

2 – Нийса некъ боьвзинчул тIаьхьа цу тIехь нисваларан аьтто бар, йа вуьшта аьлча – нисваларехь тавфикъ далар. Иштта нисвалар Дала Шен лайшна луш ду, царах къинхетам беш. Шех кхоьруш берш баз беш. ХIокху кепара долу нисвар АллахIера бен хуьлуш дац. Дала аьлла – Сийлахь а, Лекха а ву Иза - :

﴿إِنَّكَ لَا تَهْدِي مَنْ أَحْبَبْتَ وَلَٰكِنَّ ٱللَّهَ يَهْدِي مَن يَشَآءُ﴾ [سورة القصص، الآية:٥٦].

➤Бакъдолуш, ахь ца нисво хьайна везнарг, амма АллахIа нисво Шена лиънарг➤ [Сурат «Алкъасас» 56 аят].

**10 – Делан лаам шина декъе бекъабалар.**

АллахIан лаам Къуръан чохь шина тайпана бу:

1 – Хиламан а, билгалдаккхаран а лаам. ХIара лаам дерриг хIума чулоцуш лаам бу. ХIокху лаамехь АллахIана лиънарг хуьлуш ду, ца лиънарг хуьлуш дац. ХIокху лаамца лиъна долу хIума хилар тIедужуш, и ца хилча ца долуш болу лаам бу хIара лаам. Амма хIокху лаамца лиъна долу хIума дезаш хилар а, йа Дела реза волуш хилар а тIехь дац, ШариIатан лаамца хIара лаам хIотта белча бен. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿فَمَن يُرِدِ ٱللَّهُ أَن يَهْدِيَهُۥ يَشْرَحْ صَدْرَهُۥ لِلْإِسْلَٰمِ...﴾ [سورة الأنعام، الآية:١٢٥].

➤Ткъа АллахIана нисван лиънарг – цуьнан дог бусалба динна шор до (дIадоьллу) Цо➤ [Сурат «АльанIам» 125 аят].

2 – Динан а, ШарIан а лаам. Иза – лууш долу хIума а, и хIума деш берш а беза а безаш, цунна Дела реза а волуш болу лаам бу. ХIокху тайпанара лаам хилча, хIокхуьнца лиъна долу хIума хилар тIехь дац, хIара лаам хиламан а, къадран а лаамца хIоттабелла хилча бен. Везчу АллахIа аьлла:

﴿...يُرِيدُ ٱللَّهُ بِكُمُ ٱلْيُسْرَ وَلَا يُرِيدُ بِكُمُ ٱلْعُسْرَ...﴾ [سورة البقرة، الآية:١٨٥].

➤АллахIана лаьа шуна атто хила, цунна ца лаьа шуна хало хила➤ [Сурат «Албакъарат» 185 аят].

Хиламан лаам динан лаамал чулацаме бу, хIунда аьлча шарIехь а, динехь а мел лууш долу хIума, хиламан лаамна юкъа догIуш ду, ткъа дерриг хиламан лаамехь лууш дерг шарIан лаамна юкъадогIуш дац. Цуьнан масала ду: масала, Абу-Бакара – Дела реза хуьлда цунна – Ийман дилларехь ший а лаам кхочуш хилла (динан лаамехь ду Абу-Бакара Ийман диллар, ткъа цо Ийман дилларца хиламан лаам а кхочуш хилла). Цхьа хиламан лаам бен кхочуш ца хиларан масала ду Абу-ДжахIла дина долу куфр (АллахIан динан лаамца лиъна цо Ийман диллар, амма цо Ийман ца диллина, иштта, динан лаам кхочуш ца хилла. АллахIана лиъна иза керста волуш вала, ткъа кхузахь хиламан лаам кхочуш хилла).

Къинош а, Iесалла а хиламан лаамехь АллахIана лууш елахь а, Иза реза вац царна ШарIехь, динехь Цунна уьш езаш а яц, йа Цо цаьрца омру деш а дац. Муххале а, Цо оьгIазло йо къинош летош волчунна, Цунна вон хета къинош, уьш ма де а бах Цо, къинош летийначарна ша бекхам бийр бу а бах Цо, и ша дерг Цуьнан къадрехь билгалдаьккхина а ду. Ткъа АллахIана муьтIахь хилар а, Цунах тешар а, иштта кхин долу Iибадаташ а Цунна дезаш ду, Цо уьш де аьлла омру деш а ду, уьш динчунна Ша мел а, дика бекхам а бийр бу аьлла а ду.

Сийлахь ЦIена волчу АллахIана ца лиъча, Цунна цхьа а Iеса хир вацара, цхьамма а къа а латор дацара. Цунна лиънарг бен хIокху Iалам чохь хIумма а хила йиш яц. Лекха хин волчу АллахIа аьлла:

﴿وَلَا يَرْضَىٰ لِعِبَادِهِ ٱلْكُفْرَ...﴾ [سورة الزمر، الآية:٧].

➤Иза реза вац Шен лайша керстаналла дарна➤ [Сурат «Аззумар» 7 аят].

Кхин а аьлла Цо – Сийлахь а, Лекха а ву Иза -:

﴿ وَٱللَّهُ لَا يُحِبُّ ٱلْفَسَادَ ﴿٢٠٥﴾ ﴾ [سورة البقرة، الآية:٢٠٥].

➤АллахӀана ца беза бохам (а, адамаш телхина хилар а)➤ [Сурат «Албакъарат» 205 аят].

**11 – Къадр духатухуш долу бахьанаш.**

АллахӀа къадр духа тухуш а, иза тӀера хьала айдеш а долу бахьанаш делла адамашна. Оцу бахьанех ду: доӀа дар, сагӀа далар, дарба лелор (молханашца), лар валар, ша деш дерг ойла а еш, хадам боллуш дар.

**12 – Къадр Делан къайле ю, адамашна евзаш а яц.**

Къадр адамашна юккъахь Делан къайле хилар цуьнан евзаш йоцучу агӀонех доьзна ду. Оцу хӀуманийн баккъалла а дерг цхьа АллахӀ воцчунна ца хаьа, адамашна иза хаа а ца хоуьйту Цо. Цуьнан  масала ду: АллахӀа цхьаъ нисвар, тила вар, дӀакхалхор, денвар, рицкъ далар, рицкъ сацор. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – ма-аллара:

"إذا ذكر القدر فأمسكوا." [رواه مسلم].

«Къадр хьахош шайна хезча къамел ца деш совца,  (шайна хууш доцург ма дийца)». [Муслим].

Къадран важа евзаш йолу агӀонаш а, цуьнан пайданаш а, цуьнан даржаш а, цуьнан дакъош а, иштта цунах хуьлу баккхий хьекъале пайданаш а – уьш массо нахана довзийта мегаш ду. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – шен асхьабашка ма-аллара, ша Иманан арканаш Жабраил-малийкана дийцинчул тӀаьхьа:

"هذا جبريل أتاكم يعلمكم دينكم" [رواه مسلم].

«ХӀара Жибрил дара, шуна шун дин Ӏамо деана» [Муслим].

**13 – Къадрах бехказло а, бахьана а дар.**

Хиндерг АллахӀана хууш ду. Хиндерг хаар цхьа АллахӀан Ӏилма а ду. Ткъа Цуьнан и Ӏилма (хаар) адамашна хууш йоцу къайле ю. Адамашна доьвзаш дац и Цуьнан Ӏилма. Цундела и АллахӀана хууш долу Ӏилма, Цунна хиндерг хууш хилар адамашна цхьанна а бехказло а яц, йа бахьана а дац. "Суна Дала иштта яздина ду" – бохуш, Ӏамал яр Ӏад дита мегаш дац. ХӀунда аьлча, къадр цхьанненна а АллахӀана хьалха а, йа халкъана хьалха а бахьана а дац, йа бехказло а яц. Ткъа Къадр ша летош долчу къиношна бахьана лецар мегаш хилча, цхьа а зуламхочунна таӀзар далур дацара, йа Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Делаца гӀоьнчанаш беш берш байъина а хир бацара, йа Дала доссийна долу таӀзар чекхдаьккхина а хир дацара, зуламхой цхьа а совцо йиш а хир яцара. Ткъа хьал иштта хилча, иза динехь а, дуьненахь а бохам хилар хууш ду. "Суна иштта язделла хилла" – бохуш вониг деш, къадрах шена бахьана дан гӀертачуьнга вай ала деза: "Хьуна ца хаьа хьо ялсамане гӀур ву, йа жоьжахате гӀур ву. Хьуна иза хаахьара оха хьоьга хӀумма де а эр дацара, йа ма де а эр дацара. Цундела, хьайна хьо стенга кхочур ву ца хуу дела, Ӏамал йе, тӀаккха Дала хьо ялсаманин охӀлунах болчарна юккъахь хилийта мега".

Цхьаболчу асхьабаша шайна къадр дуьйцуш долу хьадисаш хезча аьлла: «ХIинца сайна и хезначул тIаьхьа санна чIогIа къахьоьгуш хилла вац со цкъа а». Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла, къадраца бехказа вийлархь лаьцна шега хьаттича:

"اعملوا فكل ميسر لما خلق له، فمن كان من أهل السعادة فسييسر لعمل أهل السعادة، ومن كان من أهل الشقاوة فسييسر لعمل أهل الشقاوة."

«Iамал йе аш, ша кхуллучу хенахь шена язделларг дан атта дина ду шуна хIоранна а. Ткъа ирс долчерах хилларг – ирс долчеран Iамал йар атта дийр ду цунна, амма дакъаза боьвллачерах хилларг – дакъаза боьвллачеран Iамал йар атта дийр ду цунна. ТIаккха Пайхамара дешна (аят):

﴿ فَأَمَّا مَنْ أَعْطَىٰ وَاتَّقَىٰ ﴿٥﴾ وَصَدَّقَ بِالْحُسْنَىٰ ﴿٦﴾ فَسَنُيَسِّرُهُ لِلْيُسْرَىٰ ﴿٧﴾ وَأَمَّا مَن بَخِلَ وَاسْتَغْنَىٰ ﴿٨﴾ وَكَذَّبَ بِالْحُسْنَىٰ ﴿٩﴾ فَسَنُيَسِّرُهُ لِلْعُسْرَىٰ ﴿١٠﴾ ﴾ [سورة الليل، الآيات:٥-١٠].

⮜Амма (сагIа) делларг, (Делах) кхера а кхийринарг. Уггар дика хIума (лаилахIа иллаллахI) бакъ а динарг. Оха цунна атта дийр ду аьттонга (ялсамане) кхачар. Амма (сагIа ца луш) сутара хилларг, Делера мел ца хилча а шен гIулкх хир ду, аьлла хеттарг. Уггар дика хIума (лаилахIа иллаллахI) харц динарг. Оха цунна атта дийр ду халоне (жоьжахате) кхачар⮞ [Сурат «Аллайл» 5-10 аяташ].

**14 – Бахьанаш лело дезар.**

Адамана дуьненахь тIеIитталуш шина тайпана гIуллакхаш ду: чекх даккхалуш долу гIуллакх а ду – хIара гIуллакх соьга ца дало аьлла Iад Iан ца веза ишттачу гIуллакххехь, чекх ца даккхало аьлла хеташ, дан ца луш долу гIуллакх а ду – иштта гIуллакх шега дан ца лора аьлла гIайгIане вожа а ца веза. Ткъа АллахIана – Сийлахь а, Лекха а ву Иза – бохамаш хила а хилале хаьа уьш хир буй, делахь а, Цуьнан Iилма дац и бохамаш а, баланаш а хуьлуьйтуш дерг. Муххале а, уьш хилайтуш дерг бахьанаш ду. (Адамо деш долу цхьа хIума бахьана долуш хуьлу цунна бохам). Ткъа нагахь санна, и бохамаш хиллехь, стага ша ларвеш долу бахьанаш ца дар бахьана долуш, Дала шега лела де бохуш долу бахьанаш лелорехь цо ледарло ялийтар бахьана долуш, и стаг ша ву бехке шен са лардарехь цо ледарло ярна, ша ларвеш долу, массара а лелош долу бахьанаш цо ца леладарна. Нагахь санна цо бахьанаш лелийначул тIаьхьа, цуьнан ницкъ ца кхаьччехь и бохам буха тоха, тIаккха цуьнгара баккха бехк бац.

Бахьанаш лелор къадрана а, АллахIана тIе болх билларна а доьхьал дац, йа цуьнца ца догIуш а дац, муххале а, бахьанаш лелор Далла тIе болх билларан дакъа ду. Хила язделларг – бахьанаш лелийначул тIаьхьа а – хиллехь, вай цунна реза хила дезаш ду, цунна муьтIахь хила дезаш а ду, хIара дешнаш ала дезаш а ду: "КъаддараллохIу ва ма шаа фаIал (Дала суна хила билгалдаьккхина (яздина) хилла хIара, Шена луург дан а дина Цо)". И хIума хилале, массарна а тIехь дерг мегаш долу бахьанаш лелор ду, шена язделла хилларг кхечу язделла хиллачуьнца духатохар а ду.

Пайхамарша а лелийна хилла ду бахьанаш, шаьш шайн мостагIех лардеш хилла долу, Дала шаьш лардарца а, вахьйу доссорца а шайна гIо деш хилла доллушехь. АллахIана тIе болх буьллуш болчеран эла волчу Делан Элчано Мухьаммада а – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – лелийна бахьанаш, Далла тIе болх биллар шен чIогIа хилла доллушехь. Лекхачу АллахIа аьлла:

﴿ وَأَعِدُّوا لَهُم مَّا اسْتَطَعْتُم مِّن قُوَّةٍ وَمِن رِّبَاطِ الْخَيْلِ تُرْهِبُونَ بِهِ عَدُوَّ اللَّهِ وَعَدُوَّكُمْ ﴾ [سورة الأنفال، الآية:٦٠].

⮜Аш кеч бе царна (доьхьал) шайга кечлуччул ницкъ а (герз тоха Іаморца), Делан некъахь лело говраш а, аш цуьнца кхерор ву АллахІан мостагІ а, шайн мостагІ а (АллахІах ца тешаш берш)➢ [Сурат «Алъанфал» 60 аят].

Кхин а аьлла Лекха хинволчо:

﴿ هُوَ ٱلَّذِى جَعَلَ لَكُمُ ٱلۡأَرۡضَ ذَلُولًا فَٱمۡشُواْ فِى مَنَاكِبِهَا وَكُلُواْ مِن رِّزۡقِهِۦۖ وَإِلَيۡهِ ٱلنُّشُورُ ١٥ ﴾ [سورة الملك، الآية:١٥].

⮜Иза (АллахІ) ву шуна латта муьтІахь динарг (шу цу тІехь дІасададахадалийта), ткъа лела шайна цуьнан некъаш тІехь, Цуьнан рицкъанах (даар) а даа шайна; (деллачул тІаьхьа) гІовттор Цуьнгахь хир долуш а ду➢ [Сурат «Алмулк» 15 аят].

Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"المؤمن القوي خير وأحب إلى الله من المؤمن الضعيف، وفي كل خير، احرص على ما ينفعك، واستعن بالله ولا تعجز، وإن أصابك شيء فلا تقل: لو أني فعلت كذا لكان كذا وكذا، ولكن قل: قدّر الله ما شاء فعل، فإن لو تفتح عمل الشيطان." [رواه مسلم].

«Ницкъ болуш волу муъмин (АллахІах тешаш верг) гІоли ву гІийлачу муъминал, шинненца а дика а ду цаьршинца. Хьайна пайда болчу хІуманна тІегІерташ хила хьо, АллахІера гІо а деха ахь, хІара хІума соьга дан ца ло але Іадда а ма Іе хьо. Ткъа нагахь санна хьайна цхьа вон хІума хилахь ахь ма ала - “дависа, иштта а, иштта а дина хилла делара ас иза” – але. Бакъдолуш - “дависа, делара” – бохучо шайтІанан Іамал дІайоьллу». [Муслим].

### 15 – Къадр духатоьхначун хьукма.

Къадр духатоьхначо ШариІатан баххех цхьа бух бухатоьхна, иза цо духатохарца керстаналла а дина цо. Цхьаболчу хьалхалерачу Іеламнаха – Дала къинхетам бойла царах – аьлла: “Къадр духатухуш болчаьрца Іилманца къовса, ткъа нагахь санна цара иза тІе ца лацахь цара керстаналла дина шуна, ткъа цара иза тІелацахь уьш эшийна бу шуна”.

### 16 – Къадрах тешаран пайданаш а, кхачонаш а.

Къадрах а, Делан кхелах а тешаран дика пайданаш ду, кхачамаш а бу, хаза тІаьхьалонаш а ю, дерриг умматна а, хІора стагна а дика деш йолу. Царах цхьаерш юьйцур ю вай хІинца:

● Къадрах тешаро дика Іибадаташ дойту, адамехь хаза сифаташ а хуьлуьйту, деш долу гІуллакх цІенчу даггара Дела доьхьа дар санна йолу, Цунна тІе болх биллар а, Цунах кхерар а, Цуьнан дикане дог дахар а, Цунах лаьцна хаза ойла хилар а санна йолу, собаре хилар а, халонаш ларехь ницкъ хилар а, са бІарздаларна дуьхьало яр а, АллахІана реза хилар а санна йолу, цхьана АллахІана шукр дар а, Цуьнан къинхетам хиларца воккхавер а, Нуьцкъала а, Сийлахь а волчу АллахІана хьаставелла, эсала хилар а, куралла а, вазвалар а Іад дитар а санна йолу. Дикчу хІуманна тІехь сагІа а доккхуьйту цо, Шена Дала дика бекхам бийр хиларх тешна волчу стаге. Стагехь майралла а, доьналла а хуьлуьйту цо, тоъаме хилар а, син дозалла а, лаамийн лекхалла а хуьлуьйту, хадам болуш хилар а хуьлуьйту. Къайлах а, гучахь а долчу хІумнашна тІехь барамалла хилар а, хьагІах а, дуьхьалонаш ярах а цІена хилар а цуьнан пайданех ду. Хьекъалш туьйранех а, кхоьллинчу харц кхетамех а дІацІандар а, синпаргІато хилар а, дагна синтем хилар а хуьлуьйту къадрах тешаро.

● Къадрах тешаш волу стаг нийсачу некъахь хир ву. Дуьненан бахамо талхор вац иза, йа бохамо вохор а вац иза. Иза кхеташ, хууш хир ву, шена хилла болу бала, йа бохам Делан

кхел юй, Цо шена иза билгалъяккхина язйина хилла юй, цундела, иза гIайгIане вужур вац шена хиллачунна, муххале а, иза собаре хир ву, Делера шена ял хиларга дог а дохуш.

• Къадрах тешаро галваларан а, тиларан а бахьанех лар во, дахаран чаккхе вон хиларан бахьанех а лар во. ХIунда аьлча, цо иза даим нийсонна тIехь латта гIерташ, къахьоьгуш хуьлуьйту, диканаш дарна тIехь къахьоьгуьйту, Iесаллех а, иза хIаллаквийр волчу хIумнех а даим ларлуш хуьлуьйту.

• Цунах тешаро Делах тешаш болчаьрга халонашна а, баланашна а дуьхьало йойту, чIогIачу дагца, билггалчу кхетамца, бахьанаш а лелош. Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – аьлла:

"عجباً لأمر المؤمن إن أمره كله له خير، وليس ذلك إلا للمؤمن، إن أصابته سراء شكر فكان خيراً له، وإن أصابته ضراء صبر فكان خيراً له." [رواه مسلم].

«Ма тамашийна ду-кх АллахIах тешаш волчуьнан гIуллакх! Баккъалла а, цуьнан массо гIуллакх (цуьнца мел хуьлуш долу хIума) дика хуьлу-кх цунна. Иштта и ша-долу гIуллакх дика хилар цхьана АллахIах тешаш волчунна бен дац. Шена хаза хеташ долу хIума шена хилча (Далла) “шукр” (баркалла, хастам) до цо, тIаккха цунна иза дика хуьлу. Шена хала хеташ долу хIума шена хилча собар до цо, тIаккха иза а цунна дика хуьлу» [Муслим].

●●●

www.dinulislam.com